¹⁰² Cf. Friedrich Nietzsche, *Der Antichrist*, Berlin, W. de Gruyter. 1960 (traduction française de J.C. Hémyer, *L'Antéchrist*, Paris, Gallimard, 1974); Karl Jaspers, *Nietzsche: Introduction à sa philosophie*, traduction de H. Niel, lettre-préface de J. Wahl; *Nietzsche e il cristianesimo*, Antologia a cura di Marco Vannini, G. d'Anna, Firenze, 1986.

¹⁰³ Cf. René Descartes, *Méditations Métaphysiques*, ed. *cit.*, Méditation Quatrième, pp. 216-229.

venir à la clarté et à la distinction de l'idée, c'est comme s'il faisait une proposition équivalente en ce qui a trait aux dissensions et aux malentendus pour parvenir à l'accord unanime et définitif comme résultat d'une question rudement débattue, savamment argumentée, prouvée et entendue avec sagesse et raison.

La vérité, autant que d'être une convenance, une coïncidence de l'esprit à la compréhension irrécusable des faits, est un accord, un consensus équitable. Au départ, quand nous avons saisi la pertinence de la confrontation de ses ressorts face au réel et à la pensée en Haïti au vingtième siècle, nous avons admis cela comme une hypothèse, une proposition démontrable. Au point, où nous sommes parvenus, nous ne l'avons sans doute pas suffisamment démontrée. Malgré tout, nous ne pouvons pas nous soustraire à l'idée que la vérité a eu ou a de la difficulté à faire son chemin sur ce coin de terre, faute de concertation, d'institutionnalisation, d'enseignement et de progrès social, économique et culturel. Quel énorme paradoxe que l'Haïtien, comme tout autre peut-être, soit naturellement si attaché à la vérité alors qu'il pense que sa réalisation n'est possible que dans l'au-delà¹⁰⁴! Sans nul doute, son histoire de mécomptes et de turbulences, sa tradition de despotisme, son analphabétisme, son sectarisme, son obligation de survie à tout prix y sont pour quelque chose.

P. Pierre Castel Germeil

RESUME

L'étude du père Castel s'articule en trois parties:

I: Un parcours à travers l'histoire de la pensée recherchant « l'évolution de la compréhension universelle de la notion de vérité ». Cette recherche n'est pas un processus linéaire, mais tortueux, alternant des moments de certitude de la saisie de la vérité à moments de crise où la vérité se manifeste inaccessible et inatteignable.

II: Un regard sur la relation entre la vérité et « l'espace haïtien ».

¹⁰⁴ C'est la considération habituelle à propos du défunt qui nous conduit à cette affirmation. L'haïtien, quand il parle de quelqu'un qui a vécu et qui n'est plus, se plaît à dire : « Kounye a li lan la verite, mwen menn mwen nan manti » Traduction : « Maintenant il est dans la vérité et moi je vis encore dans le mensonge ».

L'histoire du pays, avec l'alternance de gouvernements militaires et de dictatures, la mentalité clanique, l'instinct de rivalité et de polémique assidue, le taux d'analphabétisme élevé, un degré inacceptable d'approximation et d'inefficacité dans le système d'enseignement et de formation, l'« *intelligentsia* » intéressée à la gestion de son image de marque et à la défense de ses privilèges, la lutte pour la survie au prix même du mensonge et de la falsification ont rendu difficile « la propagation de la bonne nouvelle du savoir et de cette lumière de la vérité ».

III: Une ébauche de possibilité d'issue du monde de l'ambiguïté et du mensonge afin que l'Haïtien, comme tout homme, puisse atteindre la vérité. Cela « passe à travers la levée des discordes, la résorption des discussions, la solution des malentendus » et l'apprentissage d'allier la vérité à la beauté et à la bonté.

Sr. Luisa Dell'Orto, pse

ABSTRACT

Father Castel's study is organized in three parts:

I: A journey through the history of thought, seeking "the evolution of the universal comprehension of the notion of truth". This research is not a linear, but a winding process, alternating moments of certitude of having grasped the truth with moments of crisis where the truth appears inaccessible and unattainable.

II: A look at the relation between truth and «the Haitian space». The country's history, with alternating military governments and dictatorships, the clannish mentality, the instinct of rivalry and of tireless polemics, the high rate of illiteracy, an unacceptable degree of approximation and ineffectiveness in the Education and Formation systems, the "*intelligentsia*" concerned with managing its image and defending its privileges, the struggle for survival, even at the price of lies and distortions have made it difficult to "propagate the good news of knowledge and of that light that comes from the truth".

III: A sketch of the possibility of getting out of the world of ambiguity and of lies so that Haitians, like all men, can arrive at the truth. This "involves eliminating conflicts, curbing discussions, resolving misunderstandings" and learning to tie truth to beauty and to righteousness.

(Translated by Marlene R. Apollon & Gloria N. de Baboun)

CHEMEN VERITE NAN LAVI AYISYEN

P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

Moun - Revue de philosophie 3 (2006) 104-137

Verite ak manti nan langaj nou chak jou

Kontrè « verite » ak « sa ki vre » nan langaj Ayisyen-yo pale chak jou-a, se « manti ». Gen lòt mo ki kapab sèvi, tankou « erè », « tronpe », « se pa sa », « se pa vre ». Sa vo tou pou lòt lang-yo, men nou remake jan nou sèvi ak mo « manti »-a panche pi plis sou sans moral-la. Sa pa rive souvan pou nou sèvi ak « fo », « foste », « sa ki fo », kòm kontrè pou verite, sof si n-ap rezoud problèm lojik « vrè » ou « fo » sitou nan matematik.

Nou wè sa an patikilye lè yo tradui rasin grèk « *pseudo* »-a, ki parèt nan kèk mo nan Nouvo Testaman-an, antan yo mete « manti » apre lòt mo-a, tankou paregzanp : « temwen-manti » *yeudomartuj*, « profèt-manti » *yeudoprofhthj*, angiz yo ta di tou senpleman « fo-temwen », « fo-profèt »¹. Yo te fè sa sitou pou kenbe menm

¹ Nan edisyon 1983 *Misèl Romin*-an se sitou fòm konpoze ak mo « -manti »-a nou jwenn (« témouin-manti », « témouagnaj-manti », nou jwenn tou « fo-témouin », « fo-pa ») tankou nan tout ansyen tradiksyon *Nouvo Testaman*-an an kreyòl, ni pa Yves ak Paul Déjean-an (1967), ni pa Frantz Colimon-an (1974). Tradiksyon « Société Biblique Haïtienne »-nan (1993) varye anpil, nou jwenn: « fo », « pran pòz », « swadizan », « bay manti », « fè manti ». Revizyon Nouvo Testaman Colimon-an (2005) sèvi nan prèske tout ka yo ak « fo- » (sof nan Mark 10,19 ak 14,57 kote « témouin-manti » rete alòske nan Mark 14,56 se « fo-témouin » ki genyen). Apre sa li sèvi ak anpil mo konpoze nan nòt-yo kote gen « fo- »-a, tankou: « fo-doktri-n », « fo-problèm », « fo-prédikatè », « fo-mèt », « fo-pitit », « fo-sajès », « fo-savan », « fo-dié ». Men lis pasaj Nouvo Testaman-yo: Matié 7,15; 15,19; 19,18; 24,11; 24,24; 26,59.60; Mark 10,19 ; 13,22; 14,56.57; Luk 6,26; 18,20; Travay Apot yo 6,13; 13,6; 1 Korentyen 15,15; 2 Korentyen 11,13.26; Galat 2,4; 1 Timote 6,20; 2 Pyè 2,1.16; 1 Jan 4,1; Apokalips 16,13; 19,20; 20,10. Nan Jan 8,44, dyab-la se « papa manti » paske l-ap chèche tronpe, men li « vre » paske li egziste, se pa yon « fo-dyab ». Nan 2 Tesalonisyen 2,9 yo pale osijè « prodij manti », *terasîn yeudouj*, se fòm grèk-la menm ki oblije tradui konsa.

mo-a an kreyòl pou tout ka kote rasin yeudo-a parèt, men an realite li vle di alafwa « fo » epi « manti ». Fòm « temwen-manti »-a ensiste plis sou aspè konduit moral moun-nan k-ap chèche antrave lòt-la ak fo-temwagnaj li-a, alòske fòm « fo-temwen »-an ensiste plis pou-l di moun-nan pa yon temwen vre, pa yon vrè temwen. Donk sa mo « temwen »-an vle di-a pa koresponn ak sa moun-nan ye-a tout bon vre. Menm si rezilta-a se menm-nan, - mete yon lòt nan pozisyon pou yo kondane-l -, kalite ensistans sa-a montre li posib pou konsidere realite moun-nan apati entansyon-li (« temwen-manti ») oubyen apati kondisyon-li, fonksyon-li, « sa-li-ye »-a (« fo-temwen »). Si se pa osijè moun n-ap pale, li pa posib pou sèvi ak fòm « -manti »-a. Paregzanp nou pap di « mamit-manti », men n-ap di « fo-mamit ». Lè sa-a yo pa kapab konsidere se ta « volonte » mamit-la pou-l tronpe nan kòmès-la, yo pi plis konsidere se « kondisyon » mamit-la, san-l pa gen anyen pou-l wè nan sa, se menm jan-an tou pou « fo-pa », « fo-problèm ». Men « fo-frè » gen toulède sans-yo ak yon tandans glise nan domèn moral-la, langaj kouran-an va di tou : « swadizan frè », « sa k-ap pran pòz frè » oubyen « sa / frè k-ap bay manti », « sa / frè k-ap tronpe lòt ».

Kòm kontrè « verite »-a pou nou nòmalmman se ta « manti », nou gen dwa bay yon premye definisyon « verite »-a dapre kilti ayisyen-an konsa : *Bon direksyon mwen pran dèske sa yo di-m nan / oubyen sa mwen di-a / an akò ak sa-m te vle-a*. Donk se pa akò ant entelijans-la ak realite-a - ki mande pou entelijans-la soumèt devan realite-a - ki premye enterese, men se akò ant sa n-ap di-a ak volonte nou, dapre direksyon nou vle bay realite-a oubyen konvèsasyon-an. Se yon entansyon pratik ki ta vle bay oryantasyon plis pase resevwa enfòmasyon. Sa gen dwa kreye anpil difikilte nan dyalòg ak moun ki pa fin konprann jwèt langaj-la, men mantalite sa-a tou kapab fè moun-nan gen anpil finès nan kapasite pou regle relasyon moun ak moun. Se sa-k fè lè-ou poze yon moun yon kesyon, repons li bay-la pa tèlman baze sou sa li ta konprann ki egziste vre oubyen ki te pase reyèlman, men se yon kalkil, yon estimasyon li fè rapidman antan l-ap gade-ou pou-l wè kote-ou kanpe, sa-ou bezwen, sa ou-ap chèche, ki entansyon-ou lè-ou poze-l kesyon sa-a... epi se apati konklizyon kalkil sa-a l-ap bay repons li-a.

Kòm domèn sa-a li metrize-l byen, nou kapab di se sa ki verite pa-l, menm si li pa koresponn a done problèm-nan, epi li andeyò eleman ki ta pèmèt rezoud li reyèlman. Sa soti alafwa nan volonte tout moun genyen pou-l kontrole enfòmasyon l-ap bay, nan istwa pèp nou-an, nan sistèm edikasyon epi fòm aprantisaj moun-nan sibi ak presyon yon lang li pa metrize - lang fransè-a - epi yon efò ki fèt plis sou memorize, repete, pase konprann pou rive esplike ak pròp mo pa-ou.

Nan aprantisaj sa-a, kòm entelijans-la pa soutni memwa-a, memwa-a pa toujou kapab sonje relasyon ki genyen ant konsèp-yo, lè sa-a repons apranti-a se yon egzèsis devinèt kote l-ap gade figi profesè-a pou wè si sa li kòmanse di-a se bon repons-la, repons kòrèk-la, vrè repons-la, oubyen si fòk li vire lang-li di lekotrè.

Nan menm lign « mèt-dam » sa-a, ki se yon atitud « prudans » lè pa gen yon objektivite ki anlè de moun k-ap pale-yo, provèb-la di « 'Wi' pa monte mòn, 'Non' pa al lajistis ». Donk repons-la dwe byen kalkile an fonksyon dispozisyon pa-m, men pa an fonksyon objektivite realite-a². Nan domèn artistik-la se pa ta yon problèm, paske atis-la se pròp tèt pa-l ak santiman-l l-ap eksprime nan èv li-a, se yon kominikasyon kote eleman subjektif-la gen anpil plas. Men nan domèn syans teknik-la ak filozofi-a, gen yon egzijans, yon nesosite pou gen de lè 'Wi' al lajistis epi 'Non' grenpe mòn.

Yon lòt egzanp pou montre tandans redui verite-a nan domèn libète moun-nan k-ap aji-a, domèn moral-la, domèn pratik-la, se fason nou sèvi ak mo « entelijans »-la nan langaj chak jou-a. Nou plis ba li sans : *Souplès ak ladrès pou tire avantaj pa-ou nan yon sitiasyon menm si se ta nan yon fason ki objektivman malonèt. Se fòm « mèt-dam » ki parèt nan istwa Bouki ak Malis nan fòklò peyi-a. « Entelijan » ta egal « rize », « malen », « mèt-dam », lè se pa « malonèt » oubyen « vòlè » tou senpleman. Konsa adjektif « entelijan »-an pa gen menm lajè signifkasyon (ekstansyon) ak substantif « entelijans »-la. Konsa lè nou bezwen di sa « *intelligent* » vle di an fransè-a osans pròp, nou plis gen tandans di « nèglespri ». Pou nou di yon moun « *intelligent* » nou plis anvi di li*

² Pascal ta di: « On nous traite comme nous voulons être traités : nous haïssons la vérité, on nous la cache; nous voulons être flattés, on nous flatte; nous aimons à être trompés, on nous trompe. La vie humaine n'est qu'une illusion perpétuelle; on ne fait que s'entre-tromper et s'entre-flatter » (*Pensées*, 11-100).

« gen lespri ». Kanta pou moun ki devlope « *intelligence* » li jous li vin gen fòm konesans lekòl ak inivèsite bay-la, nou di li « save », li « sava ». Donk nou dwe distenge ant « nèg entèlijans » (= sa k-ap chèche avantaj li), « nèg lespri » (= sa-k kapab jwenn konesans paske li gen yon kapasite konprann ki byen dispoze), « nèg save » (= sa-k deja gen konesans byen fòm paske li te etidye divès syans yon fason sistematik).

Gen glisman ki fèt tout tan lè mo-yo pase sot nan leksik yon lang al nan yon lòt lang; pasaj sa-a toujou fèt dapre mantalite lang ki resevwa mo-a, dapre prensip ki di : « *quidquid recipitur ad modum recipientis recipitur* », tou sa yo resevwa se dapre fason resipyan-an yo resevwa-l, tankou paregzanp lè yon likid pran fòm boutèy kote yo vide-l la; tou sa yo resevwa pran fòm sa-k resevwa-l la³, li vin gen yon egzistans dapre mòd egzistans sa ki resevwa-l la, dapre nati resipyan-an.

Egzanp sa-yo nou sot konstate la-a, mete nou devan yon pèsèpsyon kiltirèl ki enpòtan anpil pou nou konsidere-l lè nou vle poze baz yon refleksyon filozofik sou sa verite-a ye apati realite pèp nou-an. Yo montre¹ nou bezwen ajiste lang-nan sou konsèp-yo ak sou realite-a tout tan, pou sa nou di-a pa trò trayi sa nou vle di-a. Travay sa-a dwe fèt yon fason spesyal nan domèn langaj filozofik-la, paske se apati langaj kouran-an pou nou rive sènen ide-yo epi eksprime konsèp-yo, men nou konnen fò nou sentre mo-yo pou byen sèvi ak yo. Se yon travay ki nesèsè pou devlopman lòt aspè nan kilti-a tou.

Etid sa-a pral eseye montre kijan gen de [2] dimansyon verite-a ki dwe devlope nan moun-nan, youn « spekulatif », lòt-la « pratik », pou rapò entèlijans-la ak realite-a pa bankal (premye pati). Apre sa nou va wè kijan menm konsèp verite-a aplike divès fason dapre divès domèn syantifik-yo (dezyèm pati). Epi nou va fini antan nou wè ki konsekans vizyon relasyon entèlijans-la ak realite-a genyen sou fason nou pale osijè Bondye dapre se li ki premye ak dènye fondman tout verite (twazyèm pati).

³ Cf. Sen Toma d'Aken, *Super Sententiarum*, lib. 1, d. 8, q. 5, a. 3 co. : « Nihil recipitur in aliquo nisi secundum proportionem recipientis »; *ibid.*, lib. 1, d. 17, q. 1, a. 1, s.c. 1: « Omne quod recipitur in aliquo, recipitur in eo per modum recipientis »; *Quaestiones disputatae De veritate*, q. 12, a. 6, arg. 4. « Quidquid recipitur in aliquo, est in eo per modum recipientis, et non per modum suum ».

I.- RAPÒ ANT ENTÈLIJANS-LA AK REALITE-A

1.1.- Verite nan relasyon kòrèk ant entèlijans-la ak sa ki egziste-a

Apati realite ki egziste-a nou bezwen ajiste konsèp « verite »-a pou kilti nou-an rive asimile relasyon ki dwe tabli-a, akò ki pou egziste-a, ant sa ki nan lespri moun-nan ak sa ki egziste nan realite-a, pa sèlman sou plan « pratik », sa vle di aksyon moral-la ki delimite relasyon ant moun-yo, - ki se premye plan pou defann lavi chak jou-a -, men tou sou plan « konesans »-la nan li menm, plan « spekulatif »-la, sa vle di nesosite entèlijans-la genyen pou li konprann sa ki egziste epi pou li konfòme-l avèk li. Otreman « verite » pratik-la ap toujou limite, ap toujou gen fòs-kote, paske li pap gen fondman-l nan entèlijans-la k-ap egzèse fonksyon « lir anndan »⁴ realite-a ki premye pou li kapab fè yon jijman kòrèk, men li pral varye dapre presyon volonte-a sibi anba nesosite bezwen lavi-a. Nou dwe konsidere plan artistik-la tou paske kreasyon artistik-la, menm si li abouti nan yon èv, yon produi, yon foui atis-la, dimansyon fondamantal li ale nan direksyon bèl-te-a li vle fè parèt-la, li vle manifeste-a, anvan itilite sa atis la fè-a ta kapab genyen, anvan bezwen imedyà li vle satisfè-a.

Kesyon sa-yo mete nou tou an fas problèm rapò ant entèlijans-la ak volonte-a kote youn ap aji sou lòt nan divès propòsyon pou verite-a (byen entèlijans-la) ak bonte-a (byen ki atire volonte-a) kapab an armoni.

Entèlijans-la se fakilte nanm-nan ki endike sa moun-nan ye ki fè-l diferan parapò a bèt-yo. Li anro pèsèpsyon senk sans-yo, men se apati yo menm li travay pou li rive « konnen » realite-a, pou li rive « lir » anndan realite-a. Se konsa Sen Toma defini-l apati etimoloji laten-an : « intus legere », « lir sa ki anndan »⁵. Anndan-an

⁴ « Lir » jan yo di nan Nò d'Ayiti, pou byen montre diferans ant pronon « li »-a (il, lui) ak vèrb « li »-a (lire) = « Fè lekti sa ki anndan realite-a ».

⁵ Cf. Sen Toma d'Aken, *Summa Theologiae* II-II, q. 8, a. 1 co. : « Nomen intellectus quandam intimam cognitionem importat, dicitur enim intelligere quasi intus legere. Et hoc manifeste patet considerantibus differentiam intellectus et sensus, nam cognitio sensitiva occupatur circa qualitates sensibiles exteriores; cognitio autem intellectiva penetrat usque ad essentiam rei, obiectum enim intellectus est quod quid est, ut dicitur in III de anima »,

Sa vle di : « Non « entèlijans »-la (*intellectus*) vle di (*importat*) yon sèten konesans entim, anefè yo di « konprann » (*intelligere*) prèske kòm « lir nan anndan »

menm, se sa bagay-la ye-a, fòm entèlijib-li, entèlijans-la sèl kapab kapte-a pou-l fè youn ak li yon fason imateryèl epi konprann li tout bon dapre etimoloji laten-an : *cumprehendere* = pran, ranmase, anbrase, mare ansanm = konprann. Bèt-yo ki gen senk sans, gen yon kapasite pou yo « estime », « dekouvri » sa ki kapab nui yo ak sa ki kapab fè yo dibyen nan tout pèsèpsyon yo genyen, epi yo reaji tousuit an konsekans⁶. Men yo pa kapab pran distans parapò a realite-a pou yo « konprann »-li, nan sans pou yo ta transfòme-l pi lwen pase sa ki deja programe nan ensten yo ak nan « reflèks kondisyone » yo. Se entèlijans-la ki gen kapasite sa-a pou li depase kondisyonman matyè-a pou li kapte fòm tout sa ki egziste, fòm sa-yo ki inivèsèl. Epi apati « fòm entèlijib » sa-yo, li produi yon konsèp, yon ide antan l-ap « lir » anndan realite ki egziste-a menm, pou li jwenn « sa-li-ye-a ». Apati divès konsèp-yo li mete an relasyon ant yo epi avèk realite-a, li « konpoze » epi li « divize » ide-yo pou li rive konstwi « jijman » ki pèmèt li dekouvri yon seri relasyon pèsèpsyon senk sans-yo pa bay pou kont yo epi pa ta kapab dekouvri.

(*intus legere*). Epi sa parèt klè lè yo konsidere diferans ant « entèlijans »-la (*intellectus*) ak [senk] sans-yo (*sensus*), paske konesans sansib la rete onivo kalite sansib sou pa deyò-yo; konesans entèlektif-la penetre jous nan « esans » realite-a (*essentiam rei*, sa realite-a ye-a), reyèlman « objè » « entèlijans »-la (*intellectus*) se sa ki egziste-a (*quod quid est*) jan yo di nan twazyèm liv *Osiyè nanm-nan* (Aristòt, *De anima*) ».

⁶ Se sa Sen Toma rele « estimatif »-la, paske sa ki nan entèlijans-la an li menm pa envite fè okenn mouvman, se fakilte « apeti »-a (sa vle di : « chèche pran », « rive jwenn ») ki mete an mouvman. Cf. *Super Sententiarum*, lib. 2, d. 24, q. 2, a. 1 co. : « Se konsa sa ye nan realite entèlijib-yo (*in intelligibilibus*), pou sa yo kapte-a (sa yo konprann-nan), li pa mete volonte-a an mouvman sof si yo kapte li nan sans byen ak mal, se poutèt sa, « entèlijans spekulatif »-la pa di anyen osiyè sa yo dwe imite oubyen fui, jan yo deklare nan 3èm liv *Osiyè nanm-nan*; se konsa tou nan pati sansib-la, sa sansibilite-a kapte-a li pa koz okenn mouvman, sof si li kapte-l an fonksyon sa ki konvnan ak sa ki pa konvnan : se konsa yo di nan 2èm liv *Osiyè nanm-nan*, parapò a sa ki nan imajinasyon-an nou trouve nou tankou si nou t-ap gade kichòy ki terib nan yon penti, epi sa pa ta eksite santiman nou ni pou nou ta pè ni anyen ki ta sanble sa. Kapasite (*virtus*) pou kapte an fonksyon sa ki konvnan ak sa ki pa konvnan-la, nou wè se kapasite estimatif-la, se li ki fè mouton-an fui lou-a epi suiv manman-an; menm jan pati sansib-la ye-a parapò a « rive jwenn-nan » (*appetitus*), se konsa tou entèlijans pratik-la ye parapò a « fòs pou rive pran » (*appetitus*) ki se volonte-a; donk, pou nou byen di, sansibilite-a kòmanse apati limit estimatif-la ak apatif-la, yon jan ki fè fason sansibilite-a ye parapò a pati sansitiv-la, se konsa volonte-a ak libète chwazi-a ye parapò a pati entèlektif-la ».

Osans pròp, dapre Aristòt, Sen Toma epi tout ekòl realist modere-a, « verite »-a, se nan « jijman »-an li ye, se lè espri moun-nan, entèlijans-la, deklare sa ki egziste-a egziste epi sa ki pa egziste-a pa egziste. Donk se ta apati dezyèm aktivite (operasyon) espri-a nou ta kapab rive nan vrè konsèp verite-a. Premye operasyon-an se « senp apreansyon-an », sa vle di premye sa espri-a kapte osijè realite-a apati enfòmasyon sans-yo bay entèlijans-la. Se konsa entèlijans la kapab fòme konsèp-la apati fòm entèlijib ki sòti nan fòm sansib-la anba aktivite limyè entèlèkt aktif-la (*intellectus agens* = intèlèkt ajan-an) ki vin fè youn ak sa realite-a ye-a. Li fè youn ak esans realite-a, pou-l fè-l tounen youn « sa yo konprann an akt » (*intellectum in actu*) dapre mòd egzistans espri-a ki imateryèl. Se sa-k fè li diferan de mòd egzistans realite kòporèl-yo, realite materyèl-yo, kote fòm-nan fè youn ak matyè-a nan limitasyon tan-an ak espas-la.

Yon fwa espri-a fòme konsèp-la apati fòm entèlijib-la (*species intelligibilis*), li produi youn mo pou di-l (*verbum mentis*), li kapab deklare youn relasyon kote li mete konsèp-yo ansanm oubyen li separe-yo, li tabli rapò ant konsèp-la ak realite-a oubyen li nye-l (konpozisyon ak divizyon), nan jijman-an. Apre sa li va kapab pase nan twazyèm operasyon espri moun-nan ki se « rezònman »-an, sa vle di rive tabli youn seri konklizyon ki asire apati lòt deklarasyon jijman yo rele « premis ». Asirans konesans sa-a se rezilta limyè premye prensip-yo ki pase nan operasyon entèlijans-la.

Se sa-k fè, si konpreansyon nou genyen osijè sa « verite »-a ye-a pa ajiste byen pou li rive dekouvri relasyon, akò, ki pou tabli ant sa ki nan espri moun-nan ak sa ki egziste-a, se kapasite pou transfòme realite-a menm ki pap devlope kòrèkteman. Nou va rete nan ilizyon ki fè nou kwè bagay-yo dwe ye jan nou « panse » yo-a, fòk nou ta di pito, jan nou « imajine » yo-a, kòm si se « imajinasyon » nou ki detèmine realite-a. Vizyon sa-a se youn endikasyon ki pèmèt nou konstate kontak imedya entèlijans-la ak realite-a nan premye faz li, kote pa gen distans ant panse-a ak sa y-ap panse-a. Se youn dimansyon ki sanble ak sa Parmenid te dekouvri nan kòmansman refleksyon filozofik-la an Grès, lè-l te di : « *Reyèlman se menm-nan, panse-a ak egziste-a* »⁷.

⁷ Cf. poèm Parmenid-la nan tradiksyon nou te bay pou fragman 3-a an kreyòl, nan atik « *Pou filozofi ka pale kreyòl* », in *Moun-Revue de philosophie* 1(2004) p. 103.

Se vre, kouran filozofik idealist-yo, antan yo egzajere ròl espri moun-nan nan anchènman ki mennen nan konesans-la, yo te vle pou « panse »-a oubyen « entèlijans »-la, se li menm ki detèmine realite-a, oubyen aparans realite-a sans-yo pèmèt nou antre an kontak ak li-a (sa Kant te rele « fenomèn-nan »), san nou pa kapab konnen reyèlman sa li ye nan entimite li (sa Kant te rele « noumèn-nan »). Nan yon konpreansyon « verite »-a ki respekte tout eleman nou kapab konsidere-yo, n-ap wè realite-a dwe mezire entèlijans nou, se pa entèlijans nou ki pou mezire realite-a, sof nan prodiksyon pratik-yo⁸.

Lè sa ki egziste-a « mezire » entèlijans-la pou li ka vin konfòm ak realite-a, pou ka gen akò, adekwasyon, konfòmite ak sa ki egziste-a, lè sa-a entèlijans la kapab dekouvri tout prensip fonksyònman sa ki egziste-a, epi li va gen yon kontak « objektif » ak tout bagay ki tonbe anba senk sans-yo. Paske lè sa-a se realite-a k-ap enfòme, k-ap fòme espri moun-nan, k-ap ba li eleman ki nesèsè pou-l kapab « konprann » li, angiz pou se ta entèlijans moun nan k-ap projete, k-ap eseye mete nan realite-a sa ki pa ladan-l, sa ki pa pou li.

1.2.- Verite lojik-la ak fondman ontolojik li

Pou rezònman-an kapab kòrèk, pou li kapab dwat, pou li bay yon konklizyon asire ki fè konesans-la progrese, fòk dezyèm operasyon-an (jijman-an) kòrèk, otreman tout rezònman-an ap bwete, ap bankal. Pou jijman-an kòrèk, fòk li chita sou fondman lojik premye prensip-yo.

Fondman « lojik » verite-a se sou fondman « ontolojik »-la li bati, sa vle di sou « egzistan »-an menm epi sou sa « egziste »-a ye-a. Se nan premye prensip⁹ ki kòmande lavi espri-a nan relasyon ak sa ki egziste-a nou jwenn fondman sa-yo :

⁸ Cf. Sen Toma d'Aken, *De veritate*, q. 1 a. 2 co. : « Realite natirèl-yo, puiske se apati yo entèlijans nou resevwa konesans-la, yo mezire entèlijans nou, jan yo di nan dizyèm liv *Metafizik*-la. Men entèlijans Bondye mezire yo, paske nan li tout bagay egziste tankou tou sa yo fabrike nan entèlijans fabrikan-an (tout èv artistik nan entèlijans atis-la / tout atizana nan entèlijans atizan-an). Donk konsa, entèlijans Bondye-a se li-k mezire, yo pa mezire-l; realite natirèl-yo menm, yo mezire epi yo resevwa mezi; kanta entèlijans nou, li resevwa mezi epi li pa mezire realite natirèl-yo, se realite atifisyèl-yo sèlman [li mezire] ».

⁹ Cf. Jean-Paul II, Lettre Encyclique *Fides et ratio* en date du 14 septembre 1998 sur les rapports entre la foi et la raison, no. 4.

- prensip idantite; *sa realite-a ye-a* ;
- prensip non kontradiksyon; *sa li pa ye* ;
- prensip rezondèt; *sa ki eksplike egzistans li* ;
- prensip finalite; *pou ki sa li egziste ; objektif egzistans li* ;
- prensip kozalite. *sa-k mete-l kanpe nan egzistans la.*

Si premye prensip-yo se kondisyon « *sine qua non* » pou fonksyonman entelijans-la, se paske nan entuisyon, nan vizyon kote limyè entelijans-la penetre nan sa ki egziste-a pou-l fè youn ak li, prensip sa-yo parèt pou kò yo, yo enpoze tèt yo, yo bay espri-a konsistans. Se pa entelijans-la ki dekrete yo, fòje yo oubyen mete yo, se jwenn li jwenn prensip sa-yo deja la.

- Prensip idantite-a montre inite entim sa ki egziste-a anndan-l menm epi diferans li ak lòt sa ki egziste-yo : se konsistans endivizib ak diferans sa ki egziste-a.
- Prensip kontradiksyon-an menm fè wè imedyatman afirmasyon-an ak negasyon-an pa kapab fèt osijè yon menm realite an menm tan, sou menm rapò-a, nan menm degre-a : swa se sa, swa se pa sa. Men, si se pa nan menm propòsyon-an li posib pou jwenn realite-a se sa epi se pa sa.

Tout rezonman-yo fonde sou prensip kontradiksyon-an ki se fòm lojik prensip idantite-a¹⁰.

- Prensip rezondèt-la montre sa ki egziste-a parèt devan entelijans-la ak yon egzijans pou-l gen sans, pou-l gen yon rapò a lòt yo ki esplike poukisa li egziste li menm, otre-

¹⁰ Cf. Jacques Maritain, *Sept leçons sur l'être et les premiers principes de la raison spéculative* (1934), in *Oeuvres complètes de Jacques et Raïssa Maritain*, Fribourg, Editions universitaires - Paris, Editions Saint-Paul, 1986-1999, vol. V, 560-561: « Le logicien revient réflexivement sur l'être au point de vue du rôle qu'il joue dans l'ordre de la pensée allant au vrai et dans les relations vitales des concepts entre eux, par exemple la cohérence de la pensée en tant que toute la logique est suspendue au principe de contradiction, forme logique du principe d'identité : *non est negare et affirmare simul*, on ne peut pas affirmer et nier sous le même rapport le même du même. C'est encore la notion de l'être qui intervient dans la théorie de la copule verbale essentielle au jugement. Enfin et surtout le logicien traite à son point de vue réflexif du caractère transcendantal et analogique de l'être, et l'être lui apparaît comme le concept le plus universel (suruniversel) : le logicien discerne réflexivement et scientifiquement, au point de vue de sa science à lui, ce caractère d'extension maxima ou d'universalité souveraine que l'être vague, l'être comme terme d'une simple *abstractio totalis*, permet déjà de découvrir. »

man li ta « absurde », san sans, men entèlijans-la pa ka sipòte konsevwa yon realite ki pa ta gen sans.

- Prensip finalite-a koresponn a prensip rezondèt-la sou plan ontolojik : realite-a gen yon objektif ki jistifye egzistans li nan li menm oubyen nan yon lòt.
- Prensip kozalite-a menm fè wè tou sa ki ta kapab egziste oubyen pa egziste, donk tou sa ki pa gen rezondèt li nan li menm, gen yon koz ki mete-l kanpe nan egzistans-la.

Tout prensip sa yo, dapre se sa ki egziste-a menm ki genyen-yo epi ki se baz tout diskou moun kapab fè, yo kondui nou tou nan konsiderasyon « transandantal »-yo ki fè pati domèn metafizik-la osans pròp.

« Transandantal » sa-yo ki gen menm ekstansyon ak tou sa ki egziste, ta sanble se menm bagay ak egziste-a, men yo ajoute yon rapò mo egziste-a pa eksprime pou tèt li : inite-a, verite-a, bonte-a. Si premye prensip lavi entèlijans-la ak fondman tout rezònman kapab chita sou inite-a ak verite-a, se bonte-a, byen-an ki va fondman lavi moral-la, entèlijans pratik-la.

Nan *De veritate*-a (kesyon 1, atik 1), Sen Toma bay definisyon fòmèl verite-a apati konsiderasyon relasyon sa ki egziste-a genyen ak fakilte nanm-nan : volonte-a epi entèlijans-la.

Li montre « transandantal »-yo se : *ens* (sa ki egziste-a, egzistan-an), *unum* (inite-a, chak realite fè youn anndan-l, sa-l ye-a se sa-l ye), *verum* (verite-a, konfòmite ak entèlijans-la), epi *bonum* (byen-an, sa ki atire volonte-a, sa yo renmen-an). Yo rele yo « transandantal » pou distenge yo ak karakteristik « predikamantal »-yo. Dènye sa-yo kapab sèvi pou kèk realite, alòske premye-yo kalifye tout sa ki egziste kit se kreati-yo, kit se Kreatè-a.

Se apati analiz « transandantal »-yo Sen Toma prouve verite-a se korespondans entèlijans-la ak realite-a dapre definisyon fòmèl li, osans pròp, definisyon ki konsidere ni entèlijans moun, ni entèlijans anj-yo, ni entèlijans Bondye : « *Veritas est adaequatio intellectus et rei secundum quod intellectus dicit esse quod est vel non esse quod non est* »¹¹. Sa vle di : « Verite-a se korespondans

¹¹ Sen Toma d'Aken, *Contra gentiles*, lib. 1, cap. 59, n. 2.

(adekwasyon) entèlijans-la ak realite-a dapre entèlijans-la di sa ki egziste-a egziste oubyen sa ki pa egziste-a pa egziste ».

Sen Toma fè wè menm si definisyon verite-a se nan yon adekwasyon entèlijans-la ak realite-a pou-l ye, nou oblije dakò tou verite-a se nan realite-a menm li egziste dapre konfòmite realite-a ak entèlijans Kreatè-a, menm si pa ta gen okenn entèlijans kreati, swa moun, swa anj.

Definisyon sa-a Sen Toma bay pou verite-a osans pròp, osans strikt, osans lojik, se pa li menm ki pi prezan nan realite lavi chak jou-a jan lang kreyòl-la fè nou santi sa-a. An realite poutèt relasyon ki genyen ant transandantal-yo, kote youn kapab pran plas lòt, nou wè tout tan langaj kouran-an ap konfonn plan verite-a, bonte-a ak bèlte-a. Si nou konsidere ekspresyon sa-yo : « bèl bagay », « bon bagay », « tout bon vre », « vrèman vre », « se sa nèt », « se sa vre », « sa bèl nèt », « sa bon nèt », « sa bon vre », nou remake, an kreyòl, yo tout kapab ekivalan nan langaj chak jou-a. Menm si yo pa sinonim nèt, yo se aproksimasyon pou entèlijans-la rive konnen, ekspri, kominike tout richès « sa-ki-egziste-a ». Grèk yo te santi sa lè yo te mete ansanm bonte-a (ἀγαθός) ak bèlte-a (κάλλος) kòm yon sèl mo : kal okagaqia, oubyen ak kal oj tou senpleman ki te vle di bon epi bèl.

Sa kapab fè nou konprann poukisa refleksyon filozofik-la egzije presizyon langaj kouran-an pa bezwen.

Mòd fonksyònman entèlijans-la pa menm dapre si li oryante nan direksyon pratik-la (ajisman lib, fabrikasyon kichòy, konpozisyon artistik) oubyen nan direksyon spekulatif-la ki vle di konnen yon realite san ou pa aji sou li obligatwaman, men antan ou kite-l « aji » sou ou, pou entèlijans-la soumèt devan realite-a.

Pou gen yon rezònman kòrèk (lojik la etidye sa), fòk gen yon pèsepsyon « verite »-a ki kòrèk tou sou plan entèlijans spekulatif-la. Konsa tou pou yon aksyon kòrèk, fòk entèlijans spekulatif-la bay pratik-la vrè fondman li apati kontròl sa ki egziste-a mete nan li, mezire sa ki egziste-a mezire-l la, fondman « ontolojik »-la.

1.4.- Verite pratik-la

1.4.1.- Ajisman moral-la

Aktivite libète-a, lavi moral-la, mande ekleraj entèlijans-la sou volonte-a. Nan venndezyèm kesyon *De veritate*-a, Sen Toma montre kòman nou dwe konsidere aksyon entèlijans-la ak volonte-a youn sou lòt. An patikilye nan atik 10, 11 epi 12, li montre volonte-a ak entèlijans-la se de puisans diferan nan nanm-nan. Li gade pou-l wè nan ki kondisyon youn kapab pi ro pase lòt, epi kijan yo kapab di volonte-a mennen entèlijans-la epi visvèsa.

Dapre Sen Toma, osans pròp (*simpliciter*), yo kapab di entèlijans-la pi ro pase volonte-a dapre esans li, dapre sa li ye-a, paske gen plis dignite nan posede anndan ou sa-k fè noblès yon lòt realite, pase pou se konpare ou ta konpare sèlman ak noblès realite ki an deyò espri-a. Men, si nou konsidere rapò nanm-nan ak realite ki pi siperyè pase-l yo (*secundum quid*), dèske li resevwa yo nan entèlijans-la yon fason ki enferyè a sa yo ye-a, entèlijans-la vin pi enferyè pase volonte-a ki fèt pou li rive jwenn realite-a dapre jan realite-a ye-a andeyò espri-a.

« Konsa donk - jan Sen Toma di-a - yo kapab konpare entèlijans-la ak volonte-a nan twa fason. Yon fason « absolu », san restriksyon, epi inivèsèl, san konsidere rapò ak tèl realite oubyen tèl lòt; epi konsa entèlijans-la pi ro pase volonte-a; menm jan gen plis pèfeksyon nan posede sa ki se dignite yon realite kèlkonk pase konpare ak noblès li. Yon dezyèm fason parapò a realite materyèl sansib-yo; epi konsa tou entèlijans-la gen plis noblès osans pròp pase volonte-a, tankou paregzanp konprann yon ròch plis pase vle yon ròch; paske fòm ròch-la egziste yon fason ki gen plis noblès nan entèlijans-la poutèt jan entèlijans-la konprann li-an, pase jan li egziste nan li menm-nan ki fè volonte-a dezire-l la. Yon twazyèm fason se nan rapò ak realite Bondye-a ki siperyè pase nanm-nan; epi konsa 'vle'-a pi ro pase 'konprann'-nan, tankou vle oubyen renmen Bondye pi plis pase konnen li; poutèt bonte Bondye-a menm egziste ak plis pèfeksyon nan Bondye li menm dapre jan volonte-a dezire-l la, pase jan nou kapab patisipe ladan-l dapre jan entèlijans-la kapab konnen-l nan »¹².

¹² Sen Toma d'Aken, *De veritate*, q. 22, a. 11 co.

Nan douzyèm atik kesyon 22-a Sen Toma di gen entèraksyon ant volonte-a ak entèlijans-la, youn paske li se kòz « efisyan »¹³, lòt-la paske li se kòz « final ». Men kòm puisans imateryèl-yo gen kapasite pou yo retounen sou yo menm (*reflectuntur super se*), pou youn tounen sou lòt epi sou esans nanm-nan ak puisans li-yo, volonte-a se tankou kòz efisyan-an ki mete tout puisans nanm-nan an mouvman¹⁴.

¹³ Kòz ki mete yon realite kanpe nan egzistans.

¹⁴ Sen Toma d'Aken, *De veritate*, q. 22, a. 12 co. : « Nan nenpòt ki aksyon fò yo konsidere de bagay : sètadi 'ajan-an' epi 'rezon pou aji-a'; [...]. Nan mete an mouvman-an yo di finalite-a mete an mouvman antan li se rezon pou aji-a; epi sa k-ap fè-a antan li se ajan mouvman-an, sa vle di li kondui sa ki an mouvman-an sot nan puisans vin an akt. Men rezon pou aji-a se fòm ajan-an ki pèmèt li aji-a; se sa-k fè fòk li egziste anndan ajan-an pou li kapab aji, men li pa egziste andan-l dapre nati yon egzistans ki parfè, paske lè gen sa mouvman-an sispann; men li egziste anndan ajan-an dapre yon fason entansyonèl; anefè fen-an vin anvan nan entansyon-an, men li vin apre nan egzistans-la, epi se pou sa fen-an deja egziste nan sa k-ap mete an mouvman-an prezizeman dapre entèlijans-la, ki gen an pròp pou li resevwa kichòy dapre fason entansyon-an, epi pa dapre fason egzistans natirèl-la.

Se sa-k fè entèlijans-la mete volonte-a an mouvman dapre fason yo di fen-an mete an mouvman-an, sa vle di nan mezi li konsevwa davans rezon fen-an epi li propoze-l bay volonte-a.

Men volonte-a mete an mouvman dapre fason kòz ajan-an, se pa konsa pou entèlijans-la; poutèt volonte-a konpare ak realite-yo dapre sa yo ye nan yo menm; entèlijans-la konpare ak realite-yo dapre sa yo ye nan li menm; anefè yo konpare entèlijans-la ak realite-yo dapre jan yo egziste yon fason spirityèl nan nanm-nan. Realite-yo aji epi mete an mouvman dapre pròp egzistans pa-yo, pa dapre sa yo ye nan nanm-nan kote yo egziste entansyonèlman; anefè, chalè-a pa chofe nan nanm-nan, men nan dife-a. Epi konsa, konparezon volonte-a ak realite-yo se paske yo mete-l an mouvman, se pa konsa konparezon ak entèlijans-la; epi an plis, akt volonte-a se yon enklinalasyon (yon panchan) pou kichòy, se pa konsa akt entèlijans-la. Anefè enklinalasyon-an se dispozisyon sa k-ap met an mouvman-an dapre li fè mouvman-an kòmanse. Se sa-k fè sa parèt klè volonte-a mete an mouvman dapre fason kòz ajan-an, pa entèlijans-la.

Puisans siperyè nanm-nan menm, paske yo imateryèl, yo gen kapasite pou yo retounen (*reflectantur*) sou pròp tèt yo; se sa-k fè ni volonte-a, ni entèlijans-la reflechi sou yo menm, epi youn sou lòt, epi sou esans nanm-nan, epi sou tout puisans li yo. Anefè, entèlijans-la konprann pròp tèt pa-l, epi volonte-a, epi esans nanm-nan, epi tout puisans nanm-nan; epi menm jan-an volonte-a vle pou li menm li vle, epi pou entèlijans-la konprann, epi li vle sa nanm nan ye-a (esans nanm-nan), epi konsa pou lòt yo.

Men kon yon puisans rapòte sou yon lòt, yo konpare-l avè-l dapre pròp karakteristik li : tankou lè entèlijans-la konprann volonte-a vle, li resevwa nan li menm rezon vle-a (*rationem volendi*); se konsa tou pou volonte-a, kon li rapòte sou puisans nanm-nan, li transpòte nan yo tankou nan realite ki gen mouvman epi operasyon, epi li enklina yo chak nan pròp operasyon pa-l. Epi konsa se pa sèlman realite sou deyò-yo volonte-a mete an mouvman dapre fason kòz ajan-an, men tou puisans nanm-nan yo menm ».

Konsa nou kapab konprann kijan entèlijans pratik-la pral marye ak volonte-a nan moman kote prudans-la ap fè-l deside nan yon sans oubyen nan yon lòt. Sen Toma distenge nan volonte-a twa dimansyon : « *velle* » (vle), « *intendere* » (chèche rive, entansyon), « *eligere* » (chwazi, deside). « Akt volonte-a se vle (*velle*) epi chèche rive (*intendere*). Men 'vle'-a se antan rezon-an propoze volonte-a kichòy ki byen san restriksyon (*aliquid bonum absolute*), swa ki merite pou yo chwazi-l pou li menm menm, tankou yon fen, swa poutèt yon lòt, tankou sa ki mwayen pou yon fen : anefè nou rele toulède 'vle'. Men 'chwazi'-a (*eligere*) se akt volonte-a, dapre rezon-an propoze-l yon byen ki ta pi itil pou fen-an. 'Chèche rive'-a menm (*intendere*) se dapre rezon-an propoze-l yon byen pou li kapab rive jwenn fen-an poutèt li oryante nan direksyon fen-an »¹⁵.

Lè entèlijans-la propoze volonte-a yon byen, li fè sa an fonksyon premye prensip moral fondamantal-la ki baze sou « transandan-tal » « byen »-an (*bonum*) ki koresponn a atraksyon volonte-a nan direksyon sa ki pèfeksyone egzistans-la.

Konsa, gen yon entèraksyon ant volonte-a ak entèlijans-la ki men-nen nan chwa lib moun-nan fè ki pèmèt pale osijè verite pratik-la ki diferan de verite spekulatif-la. Verite entèlèkt pratik-la se pa konfòmite-l ak realite-yo, men se konfòmite-l ak tandans volonte-a ki dwat, apeti-a ki rektifye, ki kòrèk. Objektif li se pa pou li kon-nen sa ki egziste-a, men pou-l fè sa ki pa-t ko egziste vin egziste. Lè sa-a ajisman moral-la ap soti nan lwa etènèl-la ak lwa natirèl-la epi jijman konsyans-la, prensip moral fondamantal-la, sa yo rele « senderèz »-la (*synderesis*)¹⁶ ki fonde sou « *bonum* »-nan. Sende-

¹⁵ Sen Toma d'Aken, *De veritate*, q. 22, a. 15 co.

¹⁶ Sen Toma d'Aken, *Super Sententiarum*, lib. 2 d. 24 q. 2 a. 3 co. : « Menm jan sa ye nan mouvman realite natirèl-yo pou tout mouvman kòmanse apati yon premye motè imobil, jan Ogusten di nan uityèm liv sou *Jenèz* la epi filozòf-la prouve sa nan setyèm ak uityèm liv *Fizik*-la, epi tout sa ki pa sanble youn ak lòt soti nan youn ki gen menm dispozisyon-an; se konsa tou sa dwe ye nan deroulman (*processu*) rezon-an; anefè, kòm rezon an gen yon sèten varyete epi nan yon sèten fason li an mouvman poutèt li soti nan prensip al nan konklizyon, epi souvan nan mete ansanm-nan li tronpe, fòk tout rezon soti nan yon konesans ki gen yon sèten inifòmite ak repo; yon konesans ki pa fèt atravè rechèch diskou-a, men ki prezante tousuit (*subito*) bay entèlijans-la : anefè, menm jan nan [konesans] spekulatif-yo rezon-an vin soti apati kèk prensip yo konnen pou kont yo (*per se notis*), sa yo rele dispozisyon (*habitus*) entèlèkt-la, konsa tou fòk rezon pratik-la vin soti apati kèk prensip yo konnen pou kont yo (*per se notis*), tankou sa ki di 'ou pa dwe fè sa ki mal', 'fòk ou obeyi kòmandman Bondye-yo', epi

rèz-la se premye prensip entèlijans pratik-la ki fè volonte-a toujou chèche byen-an epi evite mal-la, se konsyans moral-la.

Donk, verite entèlijans pratik-la ap toujou baze sou korespondans ant entèlijans-la ak realite-a, men dapre se entèlijans-la ki pral fòme realite-a apati entansyon li deja genyen nan nanm-nan. Adegwasyon-an ki fè pati definisyon fòmèl verite-a pap fèt menm jan ak lè se realite-a k-ap enfòme entèlijans-la. Konsa si nan entèlijans spekulatif-la volonte-a ap mete entèlijans-la an mouvman dapre li mennen-l al degaje esans realite-a, sa realite-a ye-a, antan li vin tounen realite-a entansyonèlman dapre kondisyon imateryèl li-a; nan entèlijans pratik-la volonte-a pral kondui entèlijans-la pou-l desann jous nan matyè-a li gen pou-l transfòme-a apati fòm entèlijans-la konsevwa-a. Nan yon ka volonte-a soutni yon mouvman soumisyon, yon akèy, yon pasivite, yon enteryorite, yon koute; nan lòt ka-a, volonte-a akonpagne yon mouvman dominasyon, eksteryorizasyon, aksyon, kominikasyon, transfòmasyon.

Apati konsiderasyon sa-a, nou kapab di konsèp « verite » kilti ayisyen-an eksprime-a, li plis konsène « etik »-la, lavi moral-la oubyen « estetik »-la, kapasite artistik-la. Donk se pa an fonksyon sa ki egziste-a nou abòde verite-a natirèlman, se an fonksyon sa ki gen pou fèt-la, aksyon ki depann de volonte-a. Konsekans-la sèke dimansyon « spekulatif » entèlijans-la pa gen anpil plas, li pa devlope ase nan pèsepsyon verite-a anndan kilti nou-an. Sa ta vle di entèlijans-la pran abitud chèche konprann realite-a an fonksyon yon nesosite pratik, teknik, oubyen yon ekspresyon poetik. Ide « verite » nou genyen-an li fòme an fonksyon nesosite pou defann lavi chak jou-a nan relasyon moun-yo antre yo.

1.4.2. - *Kreasyon artistik-la*

Poèt la se yon moun k-ap « reve verite-a » (« rêveur de la vérité ») jan Aristòt di-a nan *Etik pou Eudèm*-nan kote l-ap chèche dènye

konsa pou lòt yo : dispozisyon sa-yo se 'senderèz'-la. Se sa-k fè mwen di, senderèz-la distenge de rezon pratik-la, pa apati substans puisans-la, men apati dispozisyon-an (*per habitum*), sa yo kapab di espri nou fèt ak li-a apati limye entèlèkt ajan-an menm, menm jan ak dispozisyon prensip spekulatif yo, tankou 'tout totalite (*omne totum*) pi gran pase pati li', epi lòt [prensip] menm jan-yo; menmsi nou bezwen [senk] san-yo ak memwa-a pou nou ka detèmine konesans-yo, jan yo di nan *Dezyèm Analitik-yo* ». Cf. *Super Sententiarum*, lib. 2 d. 39 q. 3 a. 1 co.

fondman rezon-an epi li di fòk se kichòy ki pi ro pase rezon-an, ki diferan de li. Li deklare, menm jan tout mouvman nan inivè-a se nan premye motè-a li soti, sa vle di Bondye, se la tou pou premye fondman rezon-an ye. Li raproche premye fondman sa-a ak sa ki pase nan konesans divinò-yo, nan divinasyon-an, ki ta tankou yon kontak imedyà ak realite ki depase rezònman nòminal moun-nan. Li konstate sa kèk moun rive konnen apati anpil eksperyans ak rezònman ki ba yo syans, gen lòt ki konnen-l tankou nan yon revelasyon antan rezon-yo delage, se poutèt sa poèt-yo, sa li rele « melankolik »-yo (οἱ μελᾶνχοι), yo gen rèv ki vre (εὐφρονοίροι)¹⁷, menm jan yon avèg sonje pi byen, paske fakilte memwa li pa anbarase ak sa je kapab wè-a.

Konsa tou, plis pase apati evidans rezònman entèlijans-la k-ap chèche konfòmite ak realite-a, poèt-la ap chèche ekspriye yon verite li kapte nan yon entuisyon kote ni sa-l ye-a ni sa realite-a ye-a devwale toudenkou ba li. Se sa-k fè se tankou « sedui » poèt-la ap sedui rezon-an atravè imaj-yo, senbòl-yo ki pa fonksyone dapre adekwasyon verite-a apati prensip premye entèlijans-la¹⁸.

An realite, si art-la mande entuisyon-an, li bezwen disiplin aprantisaj teknik-la tou ki va pèmèt atis-la ekspriye « verite » sa li dekouvri-a ki pa sòti toudabò nan rezònman entèlèkt spekulatif-la.

Menm si art-la imite nati-a, jan Aristòt di nan dezyèm liv *Fizik* li-a¹⁹, verite art-la se toudabò nan konfòmite realizasyon artistik-la ak ide atis-la te gen nan li menm-nan²⁰. Pèsepsyon kote li soti-a

¹⁷ Aristòt, *Etik pou Eudèm*, VII, ch. 14, 1248a 40 – 1248 b 1.

¹⁸ Cf. Sen Toma d'Aken, *Super Sententiarum*, lib. 1, q. 1, a. 5, ad 3m: « poetica scientia est de his quae propter defectum veritatis non possunt a ratione capi; unde oportet quod quasi quibusdam similitudinibus ratio seducatur: theologia autem est de his quae sunt supra rationem; et ideo modus symbolicus utrique communis est, cum neutra rationi proportionetur ». Sa vle di: « Syans poetik-la se osijè sa rezon-an pa kapab kapte poutèt yon mank nan verite-a; se sa-k fè fòk yo sedui rezon-an tankou avèk kèk imaj: teoloji-a menm se osijè sa ki anlè rezon-an; epi konsa yo toulède gen an komen mòd senbolik-la paske ni youn ni lòt pa propòsyonèl ak rezon-an ».

¹⁹ Aristòt, *Fizik*, II, ch. 8, par. 6; cf. Sen Toma d'Aken, *Sententia libri politicorum*, proemium.

²⁰ Nou dwe distenge art « artizan »-an k-ap chèche toudabò sa ki itil pou lavi moun-nan ak art « artis »-la osans pròp-la k-ap chèche fè yon èv kote ekla limyè ki te klere emosyon li ak entèlijans li-a ap pase ak tout bèlte kote li te kapte realite-a ak sa li menm li ye-a. Men nan toulède ka-yo, art-la se yon pèfeksyon entèlèkt pratik-la, donk yon pèfeksyon pou espri moun-nan.

yo kapab rele-l yon « entuisyon kreatris »²¹, li reveye soti nan fenfon realite sa moun-nan ye-a alokazyon yon moman spesyal kote se tankou yon devwalman ki fèt. Sètènman, apre sa, atis-la ap bezwen sèvi ak enstriman rasyonèl-la men se apati « entuisyon » li te genyen-an èv li produi-a ap kapab « poetik ». Premye dimansyon eksperyans artistik-la pèmèt kapte epi ekspriye yon « verite » men se parapò a « bèlte »-a sa fèt. Poèt-la, atis-la bezwen produi bèlte, oubyen jan Diotim (« fi ki saj-la ») ansegne Sokrat nan *Bankè Platon-an* : « li bezwen anfante, produi nan bèlte »²², paske « bèlte »-a se yon transandantal, atis-la pa ka produi-l, se li menm ki travèse enkonsyan kapasite kreasyon-an pou-l fè tout kòd sansib atis-la vibre, sonnen yon ekspresyon mizikal, produi.

Nan domèn entèlèkt pratik-la, kreasyon artistik-la k-ap ekspriye toudabò pèsonalite atis-la nan sa li produi-a, li pi spekulatif pase aksyon moral-la k-ap chèche pèfeksyon moun-nan. Men yo toulède mete nou an prezans yon fòm verite ki pa menm ak verite spekulatif fòmèl-la. Nou soti nan « *recta ratio speculabilium* » pou nou pase nan « *recta ratio agibilium* » ak « *recta ratio factibilium* », epi nan kreasyon artistik-la nou devine yon sous orijinèl kote limyè entèlèkt ajan-an benyen nan yon « enspirasyon » ki pi ro pase zòn konsyan-an.

Apati konsiderasyon sa-yo sou domèn artistik-la, nou konfime kijan kilti ayisyen-an li plis panche sou bò entèlèkt pratik-la pase sou bò spekulatif-la. Se pa san rezon yo di lang kreyòl-la se yon lang poetik poutèt fòs imaj-yo ak metafòr-yo genyen ladan-l. Se yon fasilite pou kapte realite-a yon fason total ki ranvouaye al nan eksperyans entuisyon poetik-la, dans-la, chante-a, kapasite ekspresyon kòporèl-la ki si natirèl lakay nou. Se fòs imajinasyon-an ki si tèlman puisan ki fè nou al pou nou abòde realite-a kòm si nou ta fonn nan li. Yon inyon, yon « *fusion* » ki fè menm si kesyon egzistansyèl-yo poze ak yon gran soufrans, yo pa prezante sou fòm problèm k-ap toumante espri-a, men sou fòm yon « mistè », yon « enigm » ensondab ki vlope nou toupatou, epi nou pa kapab jwenn bout li. An menm tan, se yon tizon k-ap pouse nou pou nou konti-

²¹ Cf. Jaques Maritain, *L'intuition créatrice dans l'art et la poésie* (1966), in *Oeuvres complètes*, X, 100-601.

²² Platon, *Bankè*, 206e: « thj gennhsewj kai. tou/ tokou en tw/ kal w/ ».

nye konba lavi-a kote nou vin trouve nou dwe ye-a san nou pa-t deside sa, san nou pa fèt pou kite sa : yon kouran k-ap pote nou.

Mantalite sa-a mennen nou lwen sa yo ta rele « objektivite »-a, swa nan entèlijans spekulatif-la ki kite realite-a mezire-l, swa nan entèlijans pratik-la ki kapab sènen realite-a byen paske li konn mezi li. Antouka lè n-ap pale de « mezi »-a, nou bezwen presize tou kijan mo-a gen yon sans pi laj pase limit langaj chif-yo, langaj matematik-la, ki sèvi baz pou divès lòt domèn syantifik jan nou pral wè-a.

II.- VERITE-A NAN LÒT DOMÈN SYANTIFIK-YO

Analiz n-ap fè-a li syantifik, paske li baze sou yon refleksyon filozofik ki se yon konesans kote kontrent evidans-la fè lespri mounnan jwenn rezondèt realite-yo, kòz-yo. Kounye-a nou pral abòde rapidman lòt domèn syantifik-yo ki te rive refize kalifye filozofi-a kòm syans paske yo te konsidere koerans matematik-la ak eksperyans anpirik-la kòm sèl fòm verite ki valab.

2.1.- Nan syans fiziko-matematik-yo

Devlopman konesans syantifik anpirik-yo bay mounnan yon kapasite ekstraòdinè pou li transfòme realite ki antoure-l la. Savanyo, ofi-amezi y-ap dekouvri divès prensip ki pèmèt eksplike kijan nati-a fonksyone, yo vi-n gen plis kapasite pou kontrole-l gras a aplikasyon teknik-yo. Transfòme matyè-a vin tounen vrè sign « progrè » mounnan. Entèlijans-la vin gen vètij ki pral mennen nan dominasyon teknik-la sou egzistans mounnan.

Li nesesè pou nou distenge syans pratik-la (moral, estetik) ak syans aplike-yo. Odepa syans pratik-yo, nan fason yo konnen-an menm, yo deja oryante nan direksyon akt moral mounnan dwe fè-a pou li rive bon nan li menm kòm moun, oubyen èv artis-la pral realize-a pou li eksprime bèlte-a. Syans aplike-a menm, se yon syans ki esansyèlman teorik odepa, epi apre yo aplike konesans li bay-la pou rive jwenn yon rezilta konkrè, pratik. Evidaman, distenksyon-an pa vle di pa gen relasyon ant de tip syans-yo, men li pèmèt evite tout konfizyon. Se paske syans fiziko-matematik-yo se toudabò syans teorik yo ye, ki fè yo pèmèt konnen realite-a yon fason prudans moral-la ak entuisyon artistik-la pa kapab fè-l. Men tou, se paske egzijans etik-la ak emosyon estetik-la fè pati sa mounnan ye-a epi pèmèt li aproche lòt-yo, realite-yo ak pròp tèt

pa-l nan yon fason okenn syans matematik pa ta ka fê, ki oblije filozofi-a rekonèt enpòtans-yo pou konpreansyon sa moun-nan ye-a san refize okenn aspè verite-a.

Presizyon syans fiziko-matematik-yo ak syans fiziko-chimik-yo pran tèt anpil savan ki panse se sèlman modèl syans matematik-yo ki kapab bay asirans-konesans; yo konsidere se modèl sa-a ki pou ta reglemante tout konesans moun genyen epi konsa yo te mete sou pye yon fòm diktati matematik ki te rejte tout sa ki pa kantifyab oubyen verifyab, eksperimantab, tou sa yo pa kapab konvèti an ekwasyon matematik.

Matematik-la pa kapab bay esplikasyon sou realite-a nan tout sa-l ye, paske li konsidere-l sèlman sou plan kantite-a, fizik-la menm konsidere kalite sansib la ak mouvman-an tou. Men realite-a se plis pase kantite ak kalite. An plis realite-a chanjan alòske syans-la stab nan yon verite ki nesèsè, ki inivèsèl, se paske syans-la fê realite-a tounen yon « objè » ki fê li kapab sènen li vrèman. Yon tab se yon realite, se yon bagay, men sa savan-an ap etidye-a (objè fòmèl syans fiziko-matematik-yo) se karakteristik mezi jeometrik tab sa-a ak propriete fiziko-chimik bwa ki fê-l la oubyen lwa ki eksplike fabrikasyon li. Donk an realite sa syans anpirik-yo (syans eksperimantal-yo) ap etidye-a se propriete sans-yo kapab kapte dirèkteman-yo oubyen avèk kèk enstriman. Yo konnen tout propriete sa yo fê youn nan sa filozòf-yo rele nati oubyen esans (sa-li-ye) realite-a, men se pa nan nivo sa-a syans fiziko-matematik-yo monte.

Konsa verite-a nan syans sa-yo se yon adekwasyon li ye tou ant entèlijans-la ak realite-yo, men sèlman sou plan kantite-a (matematik) ak mouvman-an (fizik) dapre koerans yon sistèm ki bati sou kèk premye prensip (aksyòm) ki pa oblije egziste nan realite-a. Syans sa-yo pa kapab depase nivo dezyèm degre abstraksyon-an, jan Aristòt ak Sen Toma prezante-l la²³. Premye degre abstrak-

²³ Cf. Sen Toma d'Aken, *Super Boethium De Trinitate* pars 3, kesyon 6, atik 2, co. : « Nan nenpòt ki konesans gen de [2] bagay pou yo konsidere, sètadi kòmansman-an (*principium*) ak finisman-an (*terminum* = aboutisman-an). Kòmansman-an (*principium*) menm rapòte a premye pèsèpsyon-an (*apprehensionem*), finisman-an a jijman-an (*iudicium*); reyèlman se la konesans-la fin apwen (*perficitur*). Donk, kòmansman nenpòt ki konesans nou se nan [senk] sans-yo, paske se apati pèsèpsyon sans-yo (*ex apprehensione sensus*) pèsèpsyon imajinasyon-an (*phantasiae*) soti, jan Filozòf-la di-a [imajinasyon-an] se yon « *mouvman ki fèt apati sans-yo* », se apati li menm pèsèpsyon

syon-an pèmèt entèlijans-la degaje, apati pèsèpsyon sansib-la, sa realite-a ye-a, esans-li, swa dapre li egziste swa dapre li posib pou li egziste (« *être réel actuel ou possible* »); twazyèm degre abs-

entèlektif-la vini nan nou, poutèt imaj-yo (*phantasmata*) ta tankou objè pou nanm entèlektif-la, jan sa parèt nan 3èm liv *Osiyè nanm-nan*.

Men aboutisman (*terminus*) konesans-la pa toujou yon fason inifòm: anefè pafwa se nan sans-la, pafwa se nan imajinasyon-an, pafwa se nan entèlijans-la sèlman. Pafwa reyèlman, karakteristik (*proprietas*) ak aksidan realite-a, ki manifeste bay sans-la, eksprime sifizamman nati realite-a, epi lè sa-a fòk jijman entèlijans-la fè osiyè nati realite-a li vin konfòm ak sa sans-yo demontre osiyè realite-a. Epi se konsa tout realite natirèl-yo ye, yo menm ki detèmine (*determinatae ad*) ak matyè sansib-la, epi se poutèt sa nan syans natirèl-la, konesans-la dwe vin bout (*terminari*) nan sans-la, yon fason pou nou jije osiyè realite natirèl-yo dapre jan sans-yo montre-yo, jan sa parèt nan 3èm liv *Osiyè syèl-la ak tè-a*; moun ki ta neglije sans-la nan [realite] natirèl-yo, l-ap tonbe nan erè. Epi sa ki natirèl-yo se sa-yo ki konkrè ak yon matyè sansib, ak mouvman ni dapre egzistans yo (*secundum esse*) ni dapre jan yo konsidere yo-a (*secundum considerationem*).

Gen kèk [konesans] menm, jijman-yo pa depann de pèsèpsyon sans-yo, paske menm si dapre egzistans-yo se nan matyè sansib-la yo ye, poutan yo separe (*abstracta*) sot nan matyè sansib-la an rezon definisyon-yo (*rationem diffinitivam*). Jijman-an menm, osiyè nenpòt ki realite, fèt pi plis an rezon definisyon-li. Men kòm an rezon definisyon-an yo pa separe sot nan nenpòt ki matyè, men sèlman sot nan matyè sansib-la, epi lè yo retire kondisyon sansib-yo toujou rete kichòy ki imajinab, se poutèt sa nan sa-yo fòk yo fè jijman-an dapre sa imajinasyon-an demontre. Se konsa matematik-yo ye. Se poutèt sa nan [konesans] matematik-yo fòk jijman-an abouti (*terminari*) nan imajinasyon-an, pa nan sans-la, paske jijman matematik-la depase pèsèpsyon sans-la. Se sa-k fè pafwa jijman osiyè lign matematik-la pa menm ak sa osiyè lign sansib-la, tankou lè lign dwat-la touche sfèr-la nan yon pwen sèlman, sa koresponn a lign dwat separe-a, li pa ale ak lign dwat-la nan matyè-a, jan yo di nan premye liv *Osiyè nanm-nan*.

Gen kèk [konesans] menm ki depase ni sa ki tonbe anba sans-la ni sa ki tonbe anba imajinasyon-an, tankou sa-a ki pa depann ditou de matyè-a ni dapre egzistans-la ni dapre jan yo konsidere-l la, epi se poutèt sa konesans [bagay] sa-yo, dapre jijman-an, yo pa kapab vin abouti (*terminari*) ni nan imajinasyon-an ni nan sans-la. Menmsi nou rive nan konesans yo, apati pèsèpsyon sans-la ak imajinasyon-an, swa antan nou suiv rout kozalite-a, tankou apati efè-a yo kapab rive nan koz-la, ki pa gen menm mezi ak efè-a, men ki depase-l la (*excellens*), swa poutèt li debòde-l (*excessum*) swa poutèt yo retire-l, lè nou separe sot nan realite sa-yo tout sa sans-la ak imajinasyon-an kapab pèsèvwa; se mòd fason konnen sa-a, apati sa ki sansib-yo, Deni prezante nan liv *Osiyè non Bondye-yo*. Donk nan sa-yo ki konsène Bondye-a nou kapab sèvi ni ak sans-la ni ak imajinasyon-an tankou kòmansman (*principiis*) konsiderasyon nou-yo, men pa tankou aboutisman (*terminis*), kòm si pou nou ta jije sa-yo ki konsène Bondye-a ta menm jan ak sa sans-la oubyen imajinasyon-an pèsèvwa. Dèdui (*deduci*) kichòy se vin abouti nan li (*illud terminari*). Epi se poutèt sa nan sa-yo ki konsène Bondye nou pa kapab vin abouti (*deduci*) ni nan imajinasyon-an ni nan sans-la; nan matematik-yo menm nou va [abouti] nan imajinasyon-an, pa nan sans-la; nan realite natirèl-yo nou va fini nan sans-la tou. Epi se poutèt sa, yo tronpe yo, sa-yo ki eseye avanse yon fason inifòm nan twa domèn [konesans] spekulatif sa-yo.

traksyon-an, ki toujou ap konsidere egzistan reyèl-yo, mennen entelijans-la pi lwen pase sans-yo ak imajinasyon-an pou-l konsidere sa egzistans-la ki fè realite-a egziste-a ye; dezyèm degre abstraksyon-an li menm se pa egzistan reyèl-la ki enterese-l men egzistan ki nan ide-a (« *être idéal possible ou de raison* »).

Sen Toma montre kijan yo pa dwe konfonn divès degre abstraksyon sa-yo pou nosyon verite-a kapab kenbe tout richès li. Chak syans-yo gen domèn pa-yo epi yo pa sou menm lign, menm si yo tout yo nan entelijans spekulativ-la. Se sa-k fè rèv Descarte te genyen pou-l te refè filozofi-a sou yon baz solid definitif ki ta fòme yon « matematik inivèsèl », sa Spinoza te eseye fè nan dedui filozofi-a « *more geometrico* », tankou teorèm jeometri-a, pa ta kapab abouti poutèt kontradiksyon entèn projè sa-a ki konfonn divès plan abstraksyon-yo. Se sa ki kòz tout glisman ki fèt nan filozofi-a kote li pèdi kontak ak realite-a, ak egzistan-an, ak richès egzistans-la, jous li redui moun-nan a panse-a epi egzistans lòt-yo a yon konklizyon rezonman li. Prensip ide-klè Descartes-la ki pa mete egzistans-la anvan panse-a, alòske se egzistans-la ki dwe mezire-l, pral kondui alafwa nan idealism ak nan anpirism filozòf modèn-yo. Nan domèn syans aplike-yo, nan devlopman nouvo teknoloji-yo, syans fiziko-matematik-yo, jan nou te di-a, pèmèt yon progrè fèt nan domine realite materyèl-yo ki kantifyab, men kesyon-an se èske yo menm sèlman kapab bay egzistans moun-nan yon rezondèt ? Andeyò koerans yon sistèm matematik ki baze swa sou « aksyòm » (« axiomes ») ki ta evidan pou kont yo oubyen sou « postula » (« postulats ») ki pa demontrab, èske pa gen yon verite egzistansyèl ki pèmèt anbrase tout sa moun-nan ye ki pa sèlman « lojik » ?

2.2.- *Nan syans osijè moun-yo ak sosyete-yo (Psikoloji, Sosyoloji, Istwa...)*

Syans osijè moun-yo devlope yon fason otonòm apati dizuityèm syèk-la. Soti nan psikoloji filozofik-la kote ansyen-yo te etidye prensip metafizik ki konstitiye moun-nan (karaktèistik nanmnan), pase nan moral-la, politik-la, jiridik-la, ki t-ap eseye detèmine kondisyon ajisman moun-nan pou li rive nan pèfeksyon-l tankou endividi epi an sosyete, ofi-amezi syans ki vle etidye konpòtman moun-yo pral sèvi ak metòd kantitatif-statistik-yo pou etabli

ak plis presizyon obsèvasyon yo t-ap fè-yo. Nan diznevnyèm syèk-la, Auguste Comte te konsidere menm jan moun-nan pase nan anfans, adolesans pou-l vin rive gran moun, se konsa tou divès syans-yo ap evolye epi progresse. Li te etabli sa yo rele « lwa twa eta-yo » (« *loi des trois états* ») pou esplike progresyon sa-a : eta teolojik (esplikasyon ki baze sou egzistans divinite ak espri), eta metafizik (esplikasyon ki baze sou prensip ki t-ap chèche « pou-kisa »), eta pozitif (esplikasyon ki fè wè « kòman » realite-a fonksyone).

Comte te reve pou li ta fonde yon « fizik sosyal » ki ta gen pou-l tounen kourònman tout syans-yo nan yon klasifikasyon ki soti nan sa ki pi senp pou rive nan sa ki pi konplèks-la : matematik, astronomi, fizik, chimi, bioloji, sosyoloji. Se konsa tout moun ta depase etap primitif lèzòm te deja viv-yo pou antre nan twazyèm eta-a, stad « pozitif »-la kote Sosyoloji-a t-ap kontrole tout bagay. Li te menm panse psikoloji-a pa-t enpòtan paske li te kwè tankou Hegel « espri moun-nan » se yon sèl « espri » pou tout moun-yo, endividi-a pa enpòtan, se sosyete-a. Kouran ide sa-a yo rele « sosyolojism »-nan ki panse sosyoloji-a ta gen pou-l anbrase tout konesans epi pou ranplase filozofi-a, gen anpil fòs toujou, sitou lè y-ap eseye oryante konpòtman moun-yo ak mwayen kominikasyon-yo.

Malgre peryòd kote pozitivism-nan te kòmande sou lespri savan-yo, se byen vit yo pral dekouvri syans ki konsène realite moun-yo pa-t kapab aligne sou syans fiziko-matematik-yo. Moun-nan pa yon machin, li plis pase lòt òganism vivan-yo. Tout diskisyon kap fèt osijè klasman syans sa-yo montre yo mete an fas yon verite ki pa toujou kapab rantre nan menm kad ak syans anpirik-matematik-yo. Yo ofri eleman enpòtan pou konprann moun-nan men yo pa kapab rive nan prezisyon syans eksperimantal-yo.

Konsa nou kapab di, sètènman verite syans sa-yo se yon konfòmite ant sa ki egziste-a ak entèlijans-la, men se yon konfòmite an mouvman pi plis pase sa yo ka jwenn nan syans fiziko-matematik-yo. Sètènman nou kapab eseye « objektive » moun-nan epi sènen yon pati nan sa li ye-a. Men, si chak realite nou rankontre se yon inivè ki louvri pou entèlijans nou ki swaf verite-a, chak moun nou rankontre se yon boulvèsman tout sa nou ye. Li se yon moun, li devwale nou pròp kondisyon moun pa nou-an, li manifeste-nou bay pròp tèt pa nou. Si chak realite mezire entèlijans nou, chak

moun travèse egzistans nou menm jan nou travèse egzistans pa-l. Provèb kreyòl-la di : « Kat je kontre, manti kaba ». Se konsa kilti nou-an eksprime dimansyon verite sa-a ki ranwaye pi lwen pase adekwasyon-an, men ki pa kapab egziste, ni yo pa kapab konprann li, san adekwasyon-an.

Dignite sa moun-nan ye-a, boulvèsman prezans youn ye pou lòt-la, li konsantre tout aspè transandantal-yo, ni « verum »-nan, ni « bonum »-nan, ni « unum »-nan pou li mete « egzistans »-la aklè, pou li fè egzistans-nou pran konsyans egziste-a. Akt egziste-a devwal nan je moun ki rankontre. Se tras premye sous tout egzistans-la kote nou patisipe-a : Bondye.

III.- VERITE-A NAN REFLEKSYON SOU BONDYE-A

3.1.- *Yon fondman filozofik ki depase tout fondman*

Nan liv *Fizik* li-a, Aristòt montre kòman egzistans mouvman-an reklame yon premye motè ki imobil pou-l kapab mete tout lòt yo an mouvman. Li oblije imobil paske li dwe an deyò seri-a pou-l kapab esplike epi sèvi fondman pou li. Lè Aristòt di « *anagkh sthhai* » -la, epi Sen Toma, « *non est procedere in infinitum* », yo eksprime yon verite ki klè pou tout moun ki pran tan reflechi sou li : fondman tout demonstrasyon se pa yon demonstrasyon, se yon evidans ki pa demonstrab, otreman anyen pa kapab kenbe. Se konsa tou li te di mouvman rezònman-an ki pèmèt entèlijans-la fonksyone-a egzijè yon fondman, yon pwenndepa pou entèlijans-la ki se yon limyè ki gen entuisyon imedyà sa li konnen-an. Etensèl sa-a, « *scintilla* », li anndan nanm-nan²⁴, se limyè entèlèkt ajan-an, men li soti nan Bondye, sous premye tout entèlijans-yo tankou yon « *modica participatio* », sa vle di li patisipe yon ti kras sèlman nan limyè entèlijib-la²⁵.

²⁴ Kontrèman a sa Averòès te panse-a, cf. Sen Toma d'Aken, *De unitate intellectus contra Averroistas*.

²⁵ Cf. Sen Toma d'Aken, *Super Sententiarum*, lib. 2, d. 39, q. 3, a. 1 co : « Kòm anj-la tou senpleman enköporèl, epi li pa ini ak yon kò, konesans nati li-a dwe genyen-an sèke li kapte (*apprehendat*) verite-a tou senpleman san okenn mouvman chèche (*sine inquisitione*) : se poutèt sa yo rele-l nati entelektyèl. Donk fòk nan nanm rasyonèl-la, ki gen resanblans anj-la nan lòd kreati-yo, gen yon patisipasyon nan fòs (*virtutis*) entelektyèl-la, ki pou ta pèmèt li kapte (*apprehendat*) kèk verite san mouvman chèche-a (*sine inquisitione*), tankou yo kapte premye prensip yo konnen natirèlman-yo swa nan [konesans] spekulatif-yo swa nan pratik-yo (*operativis*); se sa-k fè tou yo

Nan *De Veritate*-a²⁶ ak nan katriyèm chemen pou rive deklare egzistans Bondye-a nan *Sòm teolojik*-la (« *quarta via* »)²⁷, Sen Toma montre, menm jan-an tou, puiske gen yon verite ki patikilye, ki limite, fòk gen yon premye verite epi pou verite sa-a etènèl, pou li absolu, san restriksyon, otreman pa ta gen okenn verite. Epi se yon kontradiksyon pou nou ta di pa gen okenn verite, paske omwen deklarasyon sa-a ta dwe yon verite san restriksyon, absolu. An realite non sèlman gen yon premye verite, men plis toujou, nou dwe di premye egzistan-an se pròp entèlijans pa-l, li pa 'gen' verite-a, li 'se' Verite-a, Premye Verite-a²⁸.

Sètènman nou tou wè diskou nou kapab fè osijè premye Verite sa-a li plis kapab di sa li pa ye pase sa li ye, men omwen li kapab deklare egzistans li epi mamote kichòy sou pèfeksyon-l yo.

Diskou teolojik rasyonèl-la posib si an menm tan li montre inadekwasyon tout sa nou kapab di osijè Bondye. Li va envite suiv che-

rele fòs (*virtus*) sa-a 'entèlèkt' dapre jan li ye nan [konesans] spekulatif-yo, epi yo di 'senderèz' dapre jan li ye nan [konesans] pratik-yo (*operativis*): sa konvab pou yo rele fòs (*virtus*) sa-a 'etensèl' (*scintilla*) poutèt menm jan etensèl-la se ti kal nan dife-a k-ap vole, se konsa tou fòs sa-a se tankou yon ti kal patisipasyon nan entelektyalite-a, dapre sa entelektyalite-a ye nan anj-la; se poutèt sa tou pati siperyè rezon-an (= pati ki pi ro-a) yo rele li 'etensèl' paske se li ki pi ro nan nati rasyonèl-la ».

²⁶ Cf. Sen Toma d'Aken, *De veritate*, q. 1, a. 4-5.

²⁷ Cf. Sen Toma d'Aken, *Summa theologiae* I, q. 2, a. 3 co.: «Yo pran katriyèm chemen-an apati degre yo jwenn nan realite-yo. Annefè yo jwenn nan realite-yo kichòy ki plis ou mwens bon oubyen vre oubyen nòb, epi konsa anpil lòt. Men yo di plis oubyen mwens osijè diferan [realite] dapre jan yo proche nan divès fason al bò kote kichòy ki nan pi ro degre, tankou sa ki proche bò kot sa ki cho nan pi ro degre-a li pi cho. Donk gen kichòy ki vre tout bon vre (*verissimum*), ki bon nèt ale (*optimum*), ki dign nan pi ro degre (*nobilissimum*), epi an konsekans ki egzistan plis pase tout lòt (*maxime ens*), paske sa-yo ki gen pi ro degre verite, yo gen pi ro degre egzistans, jan yo di nan dezyèm liv *Metafizik*-la. Men sa yo di ki pi ro nan tèl kategori se li ki kòz tout sa-yo ki egziste nan menm kategori-a, tankou dife ki se pi ro degre chalè-a se kòz tout sa ki cho-yo, jan yo di nan menm liv-la. Donk gen kichòy ki se kòz egzistans ak bonte ak nenpòt lòt pèfeksyon pou tout egzistan-yo, se li nou rele Bondye-a ».

²⁸ Sen Toma d'Aken, *Summa theologiae* I, q. 16, a. 5 co.: « Nam esse suum non solum est conforme suo intellectui, sed etiam est ipsum suum intelligere; et suum intelligere est mensura et causa omnis alterius esse, et omnis alterius intellectus; et ipse est suum esse et intelligere. Unde sequitur quod non solum in ipso sit veritas, sed quod ipse sit ipsa summa et prima veritas ». Sa vle di: « Non sèlman egzistans li konfòm ak entèlijans li, men tou li se pròp entèlijans li-a, epi entèlijans li-a se mezi ak koz tout lòt egzistans ak tout lòt entèlijans; epi li menm menm li se egzistans li ak entèlijans li. Se sa-k fè, an konsekans, non sèlman verite-a egziste nan li, men tou li menm li se premye verite-a sa ki anro nèt-la ».

men kozalite-a pou afirme egzistans Bondye (*via causalitatis*), konsidere kondisyon ki depase anlè sa nou ka di osijè pèfeksyon li-yo (*via eminentiae*) epi admèt pou nou nye tout mòd limite ki koresponn a kreati-yo lè n-ap pale de Premye Verite-a (*via negationis*)²⁹.

Poutèt se apati sa nou ye kòm moun ki limite nou aproche tout sa ki egziste, rekonesans inadekwasyon diskou nou-yo ap fè nou pa tonbe nan pyèj imajinasyon nou ak nan ilizyon sans nou-yo « *in divinis* », nan sa-yo ki konsène Bondye.

3.2.- *Pyèj yon diskou majik*

Youn nan aspè nou dwe konsidere lè n-ap pale osijè verite-a se valè mo-yo ak sign-yo genyen kòm mwayen pou kominike korespondans ant entèlijans-la ak realite-a. Sign-nan ak signifikasyon li se yon nesosite pou moun-nan ki pa sèlman gen yon kò, men ki kòporèl nan entimite sa-l ye-a, kò moun-nan se moun-nan. Anvan moun-nan viv nan entèlijans-li, li viv sitou nan sansasyon-yo, emosyon-yo, imaj-yo. San senk sans-yo dimansyon entèlijans-la pa kapab devlope. Moun-nan bezwen sign-yo pou eksprime lavi entèlektiyèl-la ak lavi sosyal-la. Men li nesèsè pou distenge si fonksyon sign-nan, rapò ant sign-nan ak signifikasyon-an, se yon kozalite efisyen oubyen yon kozalite fòmèl.

Menm jan gen entèlijans pratik-la ki fonksyone diferamman de entèlijans spekulatif-la, konsa tou gen sign pratik ak sign spekulatif. Nan deroulman konesans-la, imaj-yo, souvni-yo, konsèp-yo se sign spekulatif, sign fòmèl ki egziste entansyonèlman sèlman pou kapab signifye, se pa yo menm nou konnen, yo la pou fè nou konnen realite-a, yo disparèt pou pèmèt konesans-la parèt. Sign pratik-yo la pou reprezante entansyon-an epi pou koze yon efè.

Men lè imajinasyon-an ak entuisyon-an ap domine nan espri moun-nan, se kòm si li ta nan yon rèv je-klè, epi entèlijans li ap fonksyone apati projeksyon l-ap fè sou realite-a, lè sa-a, sign spekulatif-la vin konfonn ak sign pratik-la. Sign-yo ta dwe « lojik », sa vle di kite limyè regilarite entèlijans-la nan konfòmite-l ak sa ki egziste-a klere sansasyon-yo ak imaj yo, men lè vin gen konfizyon nou sot di-a, sign-yo vin « majik », relasyon ant sign-nan ak signi-

²⁹ Cf. Sen Toma d'Aken, *Super Sententiarum*, lib. 1, d. 22, q. 1, a. 2 arg. 2.

fikasyon-an tounen yon relasyon kòz « efisyan », ki fè kichòy egziste. Se mòd fonksyonman sa-a ki karakterize entelijans ti moun-nan ak mantalite animis-la. Poutèt sa fonksyonman entelijans-la nan kontèks majik-la tabli yon relasyon imedya ant signan ak sa li signifye-a. Kòm nan relasyon ant imaj-yo pa gen prensip non-kontradiksyon epi yo konsidere signan gen nan li sa li signifye-a epi kole avèk li, rezilta-a sèke moun-nan pa gen kontròl rasyonèl lojik-la epi li panse li kapab ajì dirèkteman sou realite-yo. Se la entuisyon poetik-la kapab rankontre inivè majik-la si yo ta vle fè entuisyon sa-a tounen yon konesans sou menm plan ak konesans abstrè-a epi pretann li ka bay moun-nan yon « pouvwa » sou realite-a oubyen, pi rèd toujou, sou Bondye.

Atitud majik-la se yon fòm ilizyon ki pèmèt moun-nan travès etranje ak opozisyon realite-a avèk konfyans. Se apati premye konfyans sa-a kapasite kontak objektif ak inivè reyèl-la pral devlope ansanm ak kontròl rasyonèl-la, si fonksyonman entelijans-la antre nan rejim « lojik » li.

Sètènman atitud mantalite kilti nou-an parapò a verite-a gen anpil pou-l wè ak mantalite majik-la ki fè moun-nan pran yon pozisyon dominatè-a parapò a realite ki depase kontròl li antan l-ap eseye dirije, kontrole, dapre fonksyonman sa ki nan konsyans li ak imajinasyon li, oubyen ankò dapre jwèt subkonsyan li. Realite-a vin tou-nen yon projeksyon imaj sa moun-nan ye-a. Imajinè-a vin pran devan. Se konsekans « animism »-nan.

Dimansyon artistik-la, entuisyon-an, sansiblite pou tou sa ki sanble depase puisans moun, se realite lavi chak jou Ayisyen-yo. Se sa-k fè yo di kilti nou-an benyen nan yon « realism majik ». Se ta kòm yon fòm « mistik natirèl » ki boujonnen san problèm apati konsyans « animist »-la pou-l tonbe nan mantalite majik-la, pou-l metamòfoze nan emosyon ritm vodou-a oubyen nan anbyans kèk fòm pannkotis-karismatik. Li manifeste yon swaf viv ki vle konekte ak tout sous lavi pou li ta rive nan vrè sous kominyon moun-nan ak Bondye-a. Se sa ki eksplike poukisa vodou-a kapab fofile kò-l san difikilte nan tout fòm relijyon ki prezante an fas li, jan sa te fèt pou relijyon katolik-la nan Amerik latin oubyen pou sèkt protestan yo nan Nò Amerik-la.

Kòm diskou majik-la pase akote sa realite-a ye-a, li fè moun-nan pran nan yon pyèj kote li pap gen kapasite pou-l transfòme realite

sa-a vre. Nan konte sou fòs enkontrolab, li pa reyisi kontrole sa ki depann de pròp fòs pa-l.

3.3.- *Nesesite yon diskou teolojik*

Poutan jan nou sot wè pi ro-a gen yon nesese pou espri-a rive nan yon premye verite ki sèvi fondman tout lòt verite-yo. Donk gen yon nesese pou entelijans-la rive di kichòy sou Bondye, men plis toujou, se yon nesese pou moun-nan rive konprann jous ki bò korespondans nanm-nan ak sa ki egziste-a nan verite-a, bonte-a, bèlte-a kapab jwenn dènve fondman li.

Atitid ki ta dwe soti nan lafwa relijyon monoteist-yo se ta yon aprann akeyi egzistans sa ki andeyò espri mwen-an, pa tankou yon realite k-ap domine-m (nan sans esklavaj) oubyen yon realite mwen dwe domine (tankou yon mèt), men tankou sa k-ap akòde-m ak nati-a, ak lòt-yo, ak Bondye, ak pròp tèt pa-m. Adekwasyon (*adaequatio*) ant sa ki egziste-a ak sa mwen ye-a epi sa-m panse-a, se sekrè « verite »-a, se sekrè sante mantal-la tou, se sekrè dwati relasyon ak tout bagay, donk se sekrè pou moun-nan egziste kòm moun tout bon dapre sa li ye-a ki fè-l moun vre-a.

Sa nou kapab konnen osijè Bondye tèlman pi ba pase sa li ye-a, plis pase pou tout lòt realite entelijans moun-nan abòde. Bondye pa enkonpreansib nan li menm, piske li se sous tout entèleksyon, men entelijans-nou ki bezwen sans-yo epi ki oblije suiv ale-vini rezonman-an pa kapab konsevwa senplisite total-la. Nan lavi kounye-a, se volonte-a ak swaf inite ki pote renmen-an ki mete nou pi pre-l.

Konsa, si syans ak sajès moun-nan gen yon mouvman soti anba apati sans-yo epi monte anro pou rive nan Premye Koz-la, li fè nou akeyi posibilite yon lòt syans, yon lòt sajès ki soti anro epi ki depann de sous tout entèleksyon-an k-ap vin rankontre nou.

Eksperyans mistik kretyen-yo ede nou antre nan fon pèspektiv « revelasyon »-an ki mete diskou teolojik-la sou yon baz ki pa depann de agimantasyon rasyonèl-la men kote lafwa-a pa kontra-diktwa ak rezon-an. Katrin de Syèn, Terèz d'Avila, Jan d'lakwa paregzanp, fè nou dekouvri yon lòt dimansyon verite-a ki se kontanplasyon-an kote se silans-la ki pale paske pa gen mo, pa gen imaj pou eksprime Premye Sous kote tout konesans-yo soti nan

varyete-yo ak profondè-yo ki san limit. Konsa tou, teoloji sign « sakreman »-yo kondui nou nan konpreansyon sign sa-yo andeyò mantalite majik-la. Yo pa koz « efisyan » tankou nan maji-a, men yo prezante kòm koz « enstrimantal » pou Premye Koz-la kapab fè volonte moun-nan ini ak volonte pa-l nan fòs renmen-an. Sa-a se yon lòt adekwasyon nan yon soumisyon ki pa elimine oubyen diminye volonte moun-nan, men, okontrè, se li menm ki ba-l vrè konsistans li nan egzistans-la, vrè libète-l ak dignite-l. Se pa yon « aza » ki fè se teoloji Trinite-a ansanm ak Enkarnasyon-an ki bay refleksyon filozofik-la an oksidan nosyon « moun »-nan kòm « personne », antan li t-ap devlope refleksyon sou « Pèrsòn »-yo nan Bondye.

Nan teoloji-a, verite-a depann de adekwasyon entèlijans-la ak soumisyon volonte-a devan limyè lafwa-a ki vin kondui moun-nan pou-l rive nan aboutisman li t-ap chèche ataton nan diskou rasyonèl-la ak nan panchan natirèl pou byen-an.

Avèk konsiderasyon sa-yo sou verite teoloji-a, nou wè divès degre, divès plan, divès fòm realizasyon konsèp verite-a montre kijan sa ki egziste-a depase sa nou ka eksprime. Se richès « analoji » sa ki egziste-a ki mande nou imilite nan rekonèt dignite ak noblès entèlijans nou, antan nou akeyi limit li k-ap elaji chak fwa pi plis otan n-ap eksplòre tout dimansyon inivè sa nou ye-a ak sa ki egziste-a.

KONKLIZYON

Yon verite sou chemen lavi-a

Menm si refleksyon filozofik-la bezwen fè distenksyon ki klè pou pèmèt sènen realite-a pi byen, li bezwen tounen jwenn inite realite-a tou, pou-l kapab pa detwi epi touye sa l-ap eseye konprann ak kategori entèlektiyèl-yo. Li bezwen admèt dimansyon ki depase lojik rezònman ki kapab fèt nan tèl oubyen tèl lòt domèn konesans men ki pa gen menm valè-a lè ou travèse nan dimansyon kote tout sa moun-nan ye-a fè youn-nan.

Analiz nou sot fè-a montre nou kijan konsèp verite kilti nou-an ta plis panche sou aspè pratik-poetik-la pase sou bò spekulatif-objektif-la (filozofi-a ak syans teorik-yo). Sa pa vle di pou otan ta gen yon enkapasite pou kilti nou-an devlope aspè konesans sa-a tou. Okontrè, se poutèt pèp nou-an ap mennen yon konba reyèl pou moun-nan kapab viv epi vin pi moun ki fè li oblije privilejye

yon dimansyon subjektif ki sanble pa kapab mennen-l lwen nan kontèks mond modèn-nan. Realite lavi pèp Ayisyen-an ak tout inivè « majik » kote l-ap benyen-an te pèmèt li jwenn ekilib li epi asire yon avni nan mitan tout boulvès jeo-politik entènasyonal-yo. Kounye-a nou gen dwa mande kijan l-ap fè kontinye egziste si li rete ak menm paramèt sa yo ? Kijan li pral aprann kite realite-a enfòmè-l ? Kisa l-ap pèdi lè li kòmanse vin pi objektif ? Kesyon sa-yo grav anpil, yo fòse nou fè atansyon pou nou pa jete ti moun-nan ak dlo sal ki nan kivèt-la.

Nou poko fin eksplòre tout fòs imajinasyon-an genyen pou kondisyonè diskou rasyonèl-la epi tout enpòtans li nan divès etap aprantisaj vin moun-nan. Pouvw a imajinè-a sou espri moun-yo parèt nan etid mitoloji-yo, kont-yo, fab-yo, devinèt, mizik, chante ak provèb nan epòk fòmasyon pèsonalite-a ak ekilib moun-nan bezwen pou li viv. Sètènman fòk moun-nan grandi, fòk li soti nan zòn solèy-kouche-a (« régime nocture ») kote limyè entèlijans-la andòmi, delage, epi pèsèpsyon sans-yo ak imajinasyon-an sèl mèt, pou li antre nan zòn solèy-leve-a (« régime diurne ») kote limyè entèlijans-la klere anro fòm sansib-yo ak imajinasyon-an pou pèmèt kontak objektif-la.

Poutan nou dwe fè atansyon nan chèche objektivite sa-a lè nou remake kijan kilti oksidantal-la ki devlope dimansyon objektif-la anpil rive nan yon pwèn kote li riske detwi tèt li epi detwi planèt-la. Ki « verite » ki kapab bay dwa detwi lòt-yo epi detwi tèt ou ?³⁰

³⁰ Cf. Gilbert Durand, *Les structures anthropologiques de l'imaginaire*, Paris, Dunod, 1960: « Notre civilisation rationaliste et son culte pour la démythification objective se voient submergés en fait par le ressac de la subjectivité brimée et de l'irrationnel. Anarchiquement les droits à une imagination plénière sont revendiqués aussi bien par la multiplication des psychoses, le recours à l'alcoolisme et aux stupéfiants, au jazz, aux « hobbies » étranges, que par les doctrines irrationalistes et l'exaltation des plus hautes formes de l'art. Au sein du puritanisme rationaliste et de cette croisade pour la « démythification », la puissance fantastique retourne l'exclusive objectiviste par une vengeance dialectique. L'objectivité, la « Science », le matérialisme, l'explication déterministe, le positivisme s'installent avec les plus indéniables caractéristiques du mythe : son impérialisme et sa fermeture aux leçons du changement des choses. L'objectivité est devenue, paradoxalement, culte fanatique et passionné qui refuse la confrontation avec l'objet. Mais surtout, comme tout système exploitant un régime isomorphe exclusif, l'objectivisme sémiologique contemporain ignorant les démarches d'une anthropologie générale, se ferme *a priori* à un humanisme plénier », *yo site-l nan Georges Pascal, Les grands textes de la philosophie*, Paris, Bordas, 2004, . 457.

Verite relatif oubyen verite senfonik ?

Presizeman, lè nou pran konsyans limitasyon tout apròch entèlijans moun-nan fè parapò a sa ki egziste-a, nou oblije rekonèt adekwasyon-an pa janm fin fèt, paske tout realite « *en devenir* » anba solèy-la an kòmansan pa entèlijans-la. Èske sa ta vle di pa gen okenn verite k-ap rete kanpe ? Non, okontrè, verite premye-yo ap toujou rete kanpe epi se fekondite-yo k-ap fè realite-a grandi ansanm ak moun-nan. Mouvmman-an enplike yon aspè k-ap kontinye ansanm ak yon aspè k-ap pote nouvote sou sa ki te la deja-a. Plis frontyè konesans nou ap elaji, plis vizyon istwa nou ap anrichi, plis kapasite kontròl nou sou tout bagay ap ogmante, se plis n-ap bezwen ajiste, reajiste adekwasyon ant entèlijans nou ak realite-a, se plis n-ap bezwen rekonèt rasin-fondman tout sa nou ye pi lwen pase sa nou kapab kontrole, se plis n-ap oblije elaji orizon nou sou yon dimansyon definitif ki kapab bay tout deroulman pasaje lavi-a yon sans tout bon.

Donk efektivman, verite-a li pa « relatif » yon fason « absolu », men li « absolu » dapre « analoji »-a, nan richès « senfonik »-li kote nou chak se sèlman kèk mezi « relatif » parapò a tout patisyon-an nou gen pou nou jwe.

Pou nou jwenn rout inite-a, byen-an, verite-a ak bèlte-a.

Se nan direksyon transandantal-yo nou oblije vire gade yon lòt fwa anvan nou fini pou nou kapab konprann se « sa-ki-egziste »-a ki tout. Se paske gen « egzistans »-la ki fè kapab gen inite-a, bonte-a, verite-a, bèlte-a. Kòm chak egzistan limite, li chanjan, li kapab pa egziste, se pou sa li reklame yon premye Egzistan, san limit, nesèsè, fondman tout bagay. Nou pa kapab panse an deyò egzijans verite-a. Se paske egzistans pa nou ki fè nou kapab fè diskou sa-yo gen yon dignite estraòdinè, ki fè nou oblije admèt dimansyon relasyon-an kòm fondman diskou nou sou tèt pa nou ak sou fondman premye tout verite ki se Bondye-a.

Se la-a revelasyon monoteist-la ak klète ki sòti nan Jezu Nazarèt-la vin mete nou an fas sa nou pa t-ap tann. Li montre verite-a se pa sèlman yon adekwasyon nou pa janm ka fin balanse nèt, tout tan nou sou rout toujou, men tou se yon boulvèsman tout sa nou ye ki oblije nou pa janm ka ret chita sou sa nou deja genyen. Se yon kous kouri pou nou eseye anbrase yon moun ki te kwaze nou epi

ki te gade nou epi ki te transfòm nou. Dante pa-t janm kapab bliye sa gade Beatris te gade-l la te boulvèse nan li. Andre ak Jan pa janm bliye yon apre-midi Jezu te di yo « vini, n-a wè ». Pòl pa janm bliye yon rankont li te fè sou rout Damas. Verite-a se pa yon dekouvèt sèlman, se yon rankont. Se petèt poutèt sa kilti asyisyen-an viv kontrè li plis tankou yon « manti » pase yon « foste ». Lè nou di « men verite-a », yo kapab di nou « sa-a se verite pa-ou », « Verite-a » nou pral chèche-l ansanm : « Kat je kontre, manti kaba ». Se sa-k fè tou se sèl « Verite-a » ki kapab fè nou vin lib, menm « Verite » sa-a ki pa-t reponn Pilat yon mo lè-l te mande « kisa ki verite-a ? »... paske Verite-a se pa yon « kisa », se yon « kiyès »... Sa-a ki te di-a : « Mwen se chemen-an, verite-a, ak lavi-a ».

P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

Kèk provèb ayisyen sou konesans, verite, manti ak mèt-dam :

- Bèl dan pa di zanmi pou sa.
- Bèl paròl pa vle di verite pou sa.
- Bonjou-l pa laverite.
- Byen konte, mal kalkile.
- Chat konnen, rat konnen, barik mayi-a rete la.
- Jan chat mache se pa konsa li kenbe rat.
- Kat je kontre manti kaba.
- Kay koule tronpe solèy, men li pa ka tronpe lapli.
- Kochon maron konnen sou ki bwa pou-l frote.
- Koukouy wè lwen, men li pa wè dèyè tèt li.
- Kreyon Bondye pa gen gòm.
- Lafimen pa leve san dife.
- Lè vant chat plen, ke rat anmè.
- Li se kouto de bò / kouto fonmasi (famasi).
- Nèg sòt mare chwal li, nèg lespri pa ka lage-l.
- Nou analfabèt, nou pa bèt.
- Pa konnen pa al lajistis.
- Pale fransè pa di lespri.
- Rayi chen di dan-l blanch.

- Sa je pa wè, kè pa tounen.
- Se kouto ki konnen sa ki nan kè yanm.
- Se soulye ki konnen si chosèt gen trou.
- Si chen rakonte-ou sa-l wè, ou pap janm mache nannuit.
- Tande pa di konprann pou sa.
- Trou manti pa fon.
- Wi pa monte mòn, non pa al lajistis.

RESUME

L'étude du P. Hyppolite intitulée « *Chemen verite nan lavi Ayisyen* » (« *Le chemin de vérité dans la vie des Haïtiens* ») examine notre rapport comme peuple à la vérité. Il part du constat que notre concept de vérité correspond davantage à une stratégie pragmatique qu'à une compréhension spéculative. Fruit de l'héritage colonial, de l'éducation ou du faux bi-linguisme, cette notion de vérité permet certes à l'individu de se tirer du jeu dans les relations sociales, mais devient limité dans les domaines philosophique et scientifique.

Selon l'auteur, établir les fondements de la philosophie en Haïti supposerait le dépassement de cette mentalité pour que des concepts comme vérité et intelligence ne soient pas vidés de leur essence. Il s'agirait de lier à notre perception de l'intelligence, comme intelligence pratique qui favorise l'adaptation à la réalité, l'intelligence spéculative qui elle, vise la compréhension de la réalité dans son essence.

Explorant le concept de vérité dans la pensée aristotélico-thomiste l'auteur montre comment c'est à partir du fondement ontologique que l'adéquation entre l'intelligence et la réalité peut s'articuler dans toute ses dimensions analogiques. Le versant spéculatif de l'intelligence permet d'appréhender la réalité en elle-même et non en fonction des projections individuelles, tandis que le versant pratique dans la vie morale et la création artistique procède diversement et tend à la perfection de la personne ou à la beauté.

Analysant dans un second temps la vérité dans les sciences physico-mathématiques, il montre les limites de ces approches axées sur l'aspect quantifiable de la réalité. De fait, les sciences sociales montrent que le dynamisme humain dépasse ce type mathématique. L'auteur examine finalement comment notre concept de vérité influence notre discours sur Dieu, Vérité Première au-delà de ce que peut concevoir l'intelligence hu-

maine. Il signale la nécessité d'abandonner l'approche magique du divin pour l'équilibre même de notre approche du réel.

Il en vient à conclure que le peuple haïtien doit tendre vers une vérité plus objective moins encombrée par les projections et par l'imaginaire magique, sans toutefois se laisser entraîner par cette froide quête de vérité devenue simple domination de la technique de plus en plus destructrice suivant le modèle occidental. La vérité serait-elle finalement relative, se demande-t-il? Non, elle est transcendante donc analogique. C'est notre capacité limitée qui la fragmente nous invitant à la percevoir comme symphonie. Elle est parfaite et absolue en Dieu et notre intelligence soupire vers sa contemplation. Nous voyons déjà que bien plus qu'une équation impersonnelle, la vérité devient rencontre, bouleversement où, comme dit le proverbe créole, « *kat je kontre, manti kaba* » (« tout mensonge s'évanouit quand quatre yeux se rencontrent »).

Mme Gina Lafortune

ABSTRACT

Fr. Hyppolite's study entitled « *Chemen verite nan lavi Ayisyen* » (“*The way of truth in the life of the Haitians*”) examines our relation as a people to truth. It starts with the finding that our concept of truth corresponds more to a pragmatic strategy than to a speculative understanding. Fruit of the colonial legacy, of education or of false bilingualism, that notion of truth certainly allows each individual to manage in social situations but becomes limited in the philosophical and scientific areas.

According to the author, to establish the foundations of philosophy in Haïti would suppose overcoming that mentality so that concepts such as truth and intelligence are not emptied of their essence. It would be a matter of linking to our perception of intelligence as practical intelligence that favors the adaptation to reality, the speculative intelligence that, itself, aims at the understanding of reality in its essence.

Exploring the concept of truth in the aristotelico-thomist's mind, the author shows how it is from the ontological foundation that the adequation between intelligence and reality can be articulated in all its analogical dimensions. The speculative side of intelligence lets you grasp the reality in itself, not in function of individual projections, while its practical side in moral life and its artistic creation proceeds differently and tends to individual perfection or to beauty.

In a second part, analyzing truth in the physico-mathematical sciences, he shows the limits of such approaches axed on the quantifiable aspects of

reality. In fact, the social sciences show that the human dynamism exceeds that mathematical type. Finally, the author examines how our concept of truth influences the way we talk about God, the First Truth beyond what human intelligence can conceive. He signals the necessity to abandon the magical approach of what is godly for the very balance of our approach of what is real.

He ends up concluding that the Haitian people must lean towards a more objective truth less hindered by projections and by the magical imaginary without, however, letting themselves be carried away by the cold quest for truth that became a simple domination of the more and more destructive technique that follows the occidental model. "In the end, would truth be relative?" he asks himself. No, it is transcendental, therefore analogical. It is our limited capacity that fragments it, inviting us to perceive it as a symphony. It is perfect and absolute in God and our intelligence aspires to contemplate it. Already we see that, much more than an impersonal equation, truth becomes encounter, overwhelming transformation where, as the Creole proverb says, « *kat je kontre, manti kaba* » ("all lies evaporate when four eyes meet").

(Translated by Marlène R. Apollon)

KESYON Y-AP DISKITE OSIJÈ VERITE-A, 1 (*Osijè verite-a*);
19 (*Osijè konesans nanm-nan apre lanmò-a*).

QUAESTIONES DISPUTATAE DE VERITATE, Q. 1 (*De veritate*);
Q. 19 (*De cognitione animae post mortem*).

Sancti Thomae Aquinatis

D'après le texte de l'édition léonine : SANCTI THOMAE DE AQUINO, *Opera omnia iussu Leonis XIII P. M. edita*. Cura et studia fratrum praedicatorum, Roma, Ad Sanctae Sabinae, 1970-1972, Tomus XXII, vol. I, fasc. 2, quaestio 1, pp. 3-36; Vol II, fasc. 2, quaestio 19, pp. 561-569.

Cf. sur la toile :

en latin : <http://www.corpusthomicum.org/qdv01.html>

en français à l'adresse : <http://docteurangelique.free.fr>

Traduction en créole haïtien de P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

Moun - Revue de philosophie 3 (2006) 138-221

PREFAS TRADIKTÈ-A

1.- *De veritate-a* nan lavi Sen Toma

Nan inivèsite Pari-a nan epòk Sen Toma-a, profesè-yo te ansege apati 2 aktivite prensipal : youn te fèt an prive, paske se te profesè-a ak pròp elèv li-yo sèlman, nan leson yo te bay chak jou sou Ekriti Sent-la (*lectio*); lòt-la se te yon akt piblik ofisyèl kote tout profesè inivèsite-a te reyini pou diskisyon òdinè ki byen prepare (*disputatio*) oubyen pou diskisyon spontane (*quodlibetales*).

Dapre Antoine Dondaine, koleksyon kesyon yo rele *De veritate-a* fòme apati 29 diskisyon òdinè sen Toma te soutni a Pari pandan

twazan li te ansejnen kòm profesè, soti 1256 rive 1259¹. Kesyon y-ap diskite osijè verite-a se yon liv ki parèt byen bonè nan èv sen Toma-yo. Poutan, kalite doktrin-nan ak fòs agimantasyon-an gen menm nivo nou pra-l jwenn pi ta paregzanp nan *Sòm teolojik-la*.

2. Plan *De veritate*-a

Kesyon *De veritate*-yo pa gen yon inite tankou nan lòt koleksyon « kesyon diskite »-yo (*De malo, De potentia Dei*). An realite yo kapab groupe yo nan de tèms prensipal : *konesans-la* ak *byen-an*. Osans pròp se sèlman premye kesyon-an ki merite tit *Osijè verite-a*. Se li menm nou tradui la-a ak douz atik li-yo ki pèmèt antre nan vizyon teori *konesans* sen Toma-a ki prolonje travay Aristòt ak Sent Ogusten apati tout richès tradisyon refleksyon filozofik-la epi teolojik-la.

Chak kesyon divize an atik, epi chak atik suiv plan sa-a :

- a.- Poze yon kesyon afirmatif oubyen negatif.
- b.- Endike pozisyon ki dakò oubyen ki kontrè a kesyon-an (*videtur quod sic / quod non...*).
- c.- Prezante agiman ki demontre pozisyon-an.
- d.- Prezante agiman ki konbat pozisyon-an (*sed contra*).
- e.- Repons sen Toma-a, se kò atik-la kote tout solisyon-yo ye. Li kòmpanse an jeneral antan li distenge diferan aspè kesyon-an apati sans mo-yo, definisyon konsèp-yo (*Responsio; Solutio*).
- f.- Kontrekare agiman-yo ki te kontrè ak solisyon-an.
- g.- Si sa nesesè, redrese rezònman ki te an favè solisyon-an men ki pa-t fin wè tout aspè-yo oubyen ki te baze sou yon fo-premis. Nan de dènye pati sa-yo gen kèk aspè nan solisyon li te bay-la ki vin presize pi byen epi ki anonse lòt kesyon ki gen pou vini apre.

Men tit 29 kesyon-yo :

- 1.- *De veritate* (Osijè verite-a), 12 atik.
- 2.- *De scientia Dei* (Osijè syans Bondye-a), 15 atik.
- 3.- *De ideis* (Osijè ide-yo), 8 atik.
- 4.- *De verbo* (Osijè paròl-la), 8 atik.

¹ Cf. Prefas pou edisyon leonin *De veritate*-a, Tòm XXII, volim 1, prefatio p. 5*.

- 5.- *De providentia* (Osijè Providans-la), 10 atik.
- 6.- *De praedestinatione* (Osijè predestinasyon-an), 6 atik.
- 7.- *De libro vitae* (Osijè liv lavi-a), 8 atik.
- 8.- *De cognitione angelorum* (Osijè konesans anj-yo), 17 atik.
- 9.- *De communicatione scientiae angelicae per illuminationes et locutiones* (Osijè kominikasyon syans anj-yo gras a iliminasyon-an ak langaj-la), 7 atik.
- 10.- *De mente in qua est imago Trinitatis* (Osijè lespri-a kote gen imaj Trinite-a), 13 atik.
- 11.- *De magistro* (Osijè ansegnan-an), 4 atik.
- 12.- *De prophetia* (Osijè profesi-a), 14 atik.
- 13.- *De raptu* (Osijè ekstaz-la), 5 atik.
- 14.- *De fide* (Osijè lafwa-a), 12 atik.
- 15.- *De ratione superiori et inferiori* (Osijè rezon siperyè-a ak enferyè-a), 5 atik.
- 16.- *De synderesi* (Osijè premye prensip volonte-a, « senderèz »), 3 atik.
- 17.- *De conscientia* (Osijè konsyans-la), 5 atik.
- 18.- *De cognitione primi hominis in statu innocentiae* (Osijè konesans premye moun-nan lè-l te nan eta inosans-la), 8 atik.
- 19.- ***De cognitione animae post mortem*** (Osijè konesans nanm-nan apre lanmò-a), 2 atik.
- 20.- *De scientia animae Christi* (Osijè syans nanm Kris-la), 6 atik.
- 21.- *De bono* (Osijè byen-an), 6 atik.
- 22.- *De appetitu boni et voluntate* (Osijè apeti pou byen-an epi volonte-a), 15 atik.
- 23.- *De voluntate Dei* (Osijè volonte Bondye-a), 8 atik.
- 24.- *De libero arbitrio hominis* (Osijè libète chwazi-a nan moun-nan), 15 atik.
- 25.- *De sensualitate* (Osijè sansibilite-a), 7 atik.
- 26.- *De passione animae separatae* (Osijè sa nanm separe-a sibi), 10 atik.
- 27.- *De gratia* (Osijè gras-la), 7 atik.
- 28.- *De iustificatione* (Osijè jistikasyon-an), 9 atik.
- 29.- *De gratia in Christo* (Osijè gras-la nan Kris-la), 7 atik.

Men tit douz atik premye kesyon-an ak de atik dizenvyèm kesyon-an nou tradui la-a :

Premye kesyon : *Osijè verite-a*

1. Kisa verite-a ye ?
2. Èske yo jwenn verite-a plis nan entèlijans-la pase nan realite-yo ?
3. Èske verite-a se sèlman nan entèlijans k-ap konpoze epi divize-a ?
4. Èske se yon sèl verite ki egziste ki fè tout bagay se vre ?
5. Èske an deyò premye verite-a gen yon lòt verite ki etènèl ?
6. Èske verite kreye-a pa kapab chanje ?
7. Èske yo di verite-a nan sa-yo ki konsène Bondye dapre esans-la oubyen dapre pèrsòn-yo ?
8. Èske tout lòt verite se apati premye verite-a ?
9. Èske verite-a nan [senk] sans-yo ?
10. Èske gen kèk realite ki fo ?
11. Èske foste-a kapab nan [senk] sans-yo ?
12. Èske foste-a nan entèlijans-la ?

Diznevnyèm kesyon : *Osijè konesans nanm-nan apre lanmò-a.*

1. Èske nanm-nan kapab konprann apre lanmò-a ?
2. Èske nanm separe-a konnen realite patikilye-yo youn pa youn ?

3.- Demach rezònman Sen Toma-a

Lè nou wè sijè kesyon-yo, tousuit nou konstate jan filozofi-a ak teoloji-a marye natirèlman nan vizyon sen Toma-a. Li pa kapab trete kesyon verite-a san li pa asire baz metafizik-la ak nosyon tan-sandantal-yo epi rive nan bout metafizik-la ak Premye Verite-a ki se Bondye, fondman tout lòt verite. Distenksyon sen Toma etabli-yo pèmèt lespri-a oryante-l soti nan realite sans-yo kapab kapte-yo rive nan dènye fondman-an ki se entèlijans Bondye-a ki mezire tout bagay san anyen pa mezire-l. Entèlijans moun-nan, se realite-a ki mezire-l sof nan ka entèlijans pratik-la kote se lespri atis-la oubyen prudans saj-la ki mezire aksyon ki pou fèt-la. Distenksyon ant entèlijans pratik-la ak entèlijans spekulatif-la enpòtan anpil nan istwa ekòl tomist-la.

Demach rezònman sen Toma-a an fas chak kesyon se toujou « distenge » divès sans, divès posibilite, divès nivo oubyen degre konpreansyon realite-a epi, apre sa, suiv lign k-ap mennen nan yon so-

lisyon kòrèk pou problèm-nan, antan li anbrase tout eleman-yo, divès aspè-yo, san neglije okenn.

Distenksyon-an, se pou kapab rive nan yon inite ki suiv relyèf monte-desann realite-a ki pa janm plat. Se konsa lespri moun fonksyone nòmalmman lè l-ap chèche verite-a, paske se yon « dis-kou » (*dis-currere*) pou-l fè, sot nan yon pwen ki klè al nan yon lòt k-ap vin klè. Se pou sa se nan jijman-an verite-a ye osans pròp, lè entèlijans-la ap konpoze epi divize divès konsèp-yo antre yo.

Realite-a « youn » (*unum*), li pa divize nan li menm, se entèlijans-la ki fè distenksyon pou-l kapab konprann li. Inite-a menm, se nan akt egziste-a kote tout sa ki egziste fonde-a.


4.- Chema repons atik nou tradui-yo

Pou fasilite lekti tèks sa-yo ki parèt pou premye fwa nan lang kre-yòl-la, nou prezante yon chema ki rezime repons Sen Toma bay chak atik nou tradui-yo. Richès agimantasyon-an pa ta kapab rantre nan yon desen oubyen yon tablo, se eleman fondamantal yo nou prezante pou ede lektè-a suiv rezònman-an.

K. 1, atik 1

Èske verite-a se menm ak egzistan-an ?


Mòd egzistans mo *ens* la pa eksprime



- ==
- 1) VERUM = ENS, sa ki egziste-a (anvan tout relasyon ak entèlijans kreati-yo)
 - 2) Definisyon fòmèl verite-a = adekwasyon ant entèlijans-la ak realite-a
 - 3) (Nan jijman an) = deklarasyon korespondans-la ak vèb « se », « ye » ki sèvi san retire sans « egziste-a », men sans sa-a pa parèt an premye an kre-yòl.


K. 1, atik 2

Èske verite-a plis nan entèlijans-la pase nan realite-yo ?



K. 1, Atik 3

Èske verite-a se sèlman nan konpozisyon ak divizyon-an ?




K. 1, atik 4

Èske se yon sèl verite ki genyen ?

	BONDYE		
1 Osans pròp epi an premye	Nan entèlijans Bondye	Anyen pa ni egziste ni vre san li	Yon sèl verite
	NANM-NAN		
2 Osans pròp epi an dezyèm	Nan entèlijans nou	Realite-yo kapab egziste epi vre san nou	Plizyè verite pou plizyè realite / Plizyè verite pou yon sèl realite
	REALITE-A		
3 Osans figure epi an dezyèm	Nan realite-yo	Verite yo pa egziste san de premye-yo	Plizyè verite pou plizyè realite / Yon sèl verite pou chak realite

K. 1, atik 5

Èske gen plizyè verite etènèl ?



K. 1, atik 6

Èske verite-a chanje nan entèlijans kreati-yo ?

VERITE-A	San chanjman	Chanje vin tounen yon lòt verite	Chanje an foste
Nan entèlijans Bondye	X		
Nan entèlijans moun		X	X


K. 1, atik 7

Osijè Bondye, èske verite-a se dapre esans-la oubyen pèrsòn-yo ?

	VERITE BONDYE-A	
<i>Sans pròp</i>	Entèlijans Bondye = Esans-li	Entèlijans Bondye ⇔ realite kreye-yo
<i>Sans prèske metaforik</i>	Imitasyon prensip-la ↓	
	↘ Pitit-la ↙	


K. 1, atik 8

Èske tout lòt verite se apati premye verite-a ?



K. 1, atik 9

Èske gen verite nan senk sans-yo ?



Nanm-nan kapab tounen sou pròp tèt li nèt antan li resevwa enfòmasyon ki soti nan sans-yo.

Sans-yo pa kapab fè retou konplè sa-a.

K. 1, atik 10

Èske gen gèk realite ki fo ?

	REALITE	
	VRE	FO
Entèlijans Bondye (verite-a osans pròp)	X	
Entèlijans moun (<i>secundum quid</i>)	X	X

K. 1, atik 11

Èske gen foste nan senk sans-yo ?

INTÈLIJANS-LA		
<i>Nan li menm Dapre pròp dispozisyon-l</i>	<i>Nan prezans lòt realite-yo Dapre dispozisyon-yo</i>	
VRE	VRE	FO
SANS-YO / IMAJINASYON-AN		
<i>Dapre sansib pròp-yo</i>	<i>Dapre sansib komen-an (estimatif)</i>	
VRE	VRE	FO
<i>Pèsepsyon senp</i>	<i>Oryantasyon pou jijman-an</i>	
VRE	VRE	FO
REALITE-A		

K. 1, atik 12

Èske foste-a nan entèlijans-la ?

		Kapab	
		VRE	FO
ENTÈLIJANS-LA			
↑			
REZÒNMAN-AN		VRE	FO
↑			
JIJMAN-AN	Paske li dwe gade nan direksyon PREMYE PRENSIP-YO	VRE	---
↑			
KONSÈP-YO		VRE	---
⇄			
REALITE-A			

K. 19, atik 1

Èske nanm kapab konnen apre lanmò-a ?

Wi. Men kijan ? Nan twa fason :

- 1.- Gras a espès li te resevwa lè-l te fè youn ak kò-a.
- 2.- Gras a espès Bondye vide nan li nan moman separasyon-an.
- 3.- Gras a espès li wè nan substans separe-yo (anj oubyen demon) si yo ouvri entèlijans-yo ba li.

K. 19, atik 2

Èske nanm separe-a kapab konnen realite sengilye-yo ?

Wi. Gras a espès Bondye vide nan li nan moman separasyon-an epi ak espès li te resevwa lè-l te nan kò-a.

- 1.- Li konnen yo apati ide Bondye-yo ki mezire ni esans ni matyè realite sengilye-yo.
- 2.- Dapre espès li te resevwa nan kò-a se inivèsèl-yo sèlman li konnen, men li ka aplike-yo pou sengilye-yo li vin konnen gras a premye fason-an.

5.- Sous Sen Toma site-yo epi difikilte langaj-la

Youn nan difikilte tradiksyon tèks *De veritate*-a an kreyòl se konsidere referans otorite Sen Toma site-yo non sèlman an fonksyon rezònman l-ap fè-a, men tou dapre sans tèks-la te genyen nan kontèks orijinal li. An jeneral nou suiv endikasyon tèks kritik edisyon *Leonin*-nan bay, se sa-k fè nou mete nimero paj edisyon sa-a ant doub krochè pou fasilite referans a tèks laten-an.

Nan nòt nou-yo, nou suiv aparèy kritik menm edisyon sa-a pou otorite ki pi enpòtan sen Toma site-yo. Men lis referans prensipal-yo pou premye kesyon *De veritate*-a :

- Aristòt : *De anima; Metaphysica; De generatione et corruptione.*
- Sent Ogusten : *Soliloquium; De vera religione; De libero arbitrio; De Trinitate; LXXXIII Quaestionum.*
- Sent Ansèlm : *Monologion; De veritate.*

- Deni (Pseudo-Denis l' Aeropagite): *De divinis nominibus; De coelestia hierarchia; De ecclesiastica hierarchia; De divinis nominibus; De mystica theologia.*
- Boès (Anicius Manlius Severinus Boethius): *Quomodo substantiae in eo, quod sint, bonae sint sive De hebdomadibus; Philosophiae consolatio.*

Langaj Sen Toma-a jwe anpil sou relasyon fanmi mo-yo an laten, tankou : *ens, esse, essentia; intellectus, intelligere, intus legere.* Li pa toujou posib pou kenbe tout nuans vokabilè laten skolastik-la nan tradiksyon kreyòl-la². Souplès ak konsizyon laten-an envite pou ta gen menm dispozisyon-an an kreyòl. Men nou konsidere se deja anpil si nou rive transmèt refleksyon Sen Toma-a nan lang nou ki poko reveye nèt nan kesyon kalite refleksyon ak tout distenksyon epi presizyon filozofik tèks sa-yo egzije-a.

Yon egzanp enteresan se tradiksyon mo « *persona* »-a lè Sen Toma fè referans a teoloji Trinite-a. Nou oblije tradui antan nou di « pèrsòn » an atandan, paske « moun » ki vle di « personne humaine » an kreyòl pa ka sèvi nan ka sa-a epi « pèsòn » an kreyòl kouran-an plis gen sans « okenn moun ».

Gen mo « pèsònaj »-la ki rete an kreyòl ak sans: « ròl yon aktè » nan yon teat, nan sinema; oubyen yon moun ki avanse nan laj yo konsidere kòm respektab. Gen adjektif « pèsònèl »-la ki gen sans « propriete prive moun-nan », oubyen ansanb anplwaye k-ap travay yon kote.

Gen advèb « pèsònèlman »-an epi ekspresyon « an pèrsòn »-nan ki ta vle raproche de signifkasyon pozitif mo « personne »-nan genyen an fransè-a. Gen « lapèsòn » tou ki pase pou yon endefini = « moun-nan » lè nou pa vle di non li.

Mo « pèsonalite »-a an kreyòl kenbe alafwa sans « yon pèsonaj enpòtan » epi kalite dignite yon moun ki kenbe fonksyon li ak ròl li ak fyète; moun ki pa fè sa, yo di li « san pèsonalite ».

Petèt mo « sijè »-a ta kapab sèvi nan refleksyon teolojik sou Trinite-a an kreyòl paske li ta ranvwaye alafwa a « hypostasis » grèk-la epi a pronon pèsònèl-yo, paske nan dyalòg renmen ki se

² Cf. pi lwen, Sen Toma d' Aken, *Kesyon y-ap diskite osijè verite-a*, k. 1, a. 2, nòt 70.

Bondye-a gen twa « mwen », yo chak egziste pou de lòt « ou »-yo, konsa yo fè yon sèl « nou₁ » ki se sa-yo-ye-a nan kominyon total kote yo vle entrodui nou tou, « *relatio subsistens* ». Yon nati, twa « sijè » ? Men nou panse kapab gen tròp danje konfonn realite Bondye-a ak realite moun-nan tout tan refleksyon teolojik-la poko pran jarèt an kreyòl. An nou tann. Pito nou mize, men nou pote bòn nouvèl³.

Antouka nou pran rout-la antan nou byen konsyan travay nou fè-a pa fin apwen nèt. Nou ofri-l kòm yon premye esè. Nou₂ va ede nou₁ korije epi amelyore.

³ Cf. pi lwen, Sen Toma d'Aken, *Kesyon y-ap diskite osijè verite-a*, k. 1, a. 1, sed contra 5, nòt 23.

Kesyon y-ap diskite osijè verite-a

PREMYE KESYON

Osijè verite-a

Premye atik

Kesyon-an se osijè verite-a¹. Epi an premye yo mande : kisa verite-a ye ? Sa ta sanble (*videtur*) verite-a se egzakteman menm [bagay] ak egzistan-an (*ens*)². Nan liv *Solilòk-yo (Soliloquium)*³, Ogusten di « verite-a se sa ki egziste-a » (*id quod est*). Men sa ki egziste-a (*id quod est*) se pa anyen dèt pase egzistan-an (*ens*). Donk verite-a vle di egzakteman menm [bagay] ak egzistan-an (*ens*).

2. Sa ki t-ap reponn-nan t-ap di : yo se menm bagay nan sijè-a (*supposita*)⁴ men yo diferan dapre nosyon-an (*ratione*). Okontrè, nosyon (*ratio*) nenpòt ki realite (*rei*) se sa definisyon li-an vle di-a⁵. Men Ogusten mete (*assignatur*) « sa ki egziste-a » kòm definisyon verite-a⁶, antan li rejte (*reprobatus*) nenpòt lòt definisyon, donk kòm dapre sa ki egziste-a (*id quod est*), verite-a ak egzistan-an (*ens*) ale ansanm (*convenient* = dakò), sa ta sanble (*videtur*) yo se menm dapre nosyon-an (*ratione*).

3. An plis, nenpòt sa ki diferan dapre nosyon-an (*ratione*), yo tèl manyè ki fè yo kapab konprann youn san lòt-la : se pou sa Boès (*Boèce*) di nan liv *Osiyè Semèn-yo (De Hebdomadibus)*, li posib pou yo konprann Bondye egziste, si gras a entèlijans-la yo ta separe bonte-li yon ti kras⁷. Pa gen okenn fason pou kapab konprann egzis-

¹ Sen Toma trete kesyon sa-a tou nan *Sòm teologik-la, Summa theologiae*, I, k. 16, a. 3; Cf.. *Super Sententiarum*, I, d. 19, k. 5, a. 1.

² Pou nou ka suiv rezònman sen Toma-yo pi byen, an jeneral nou va tradui « *ens* » antan nou di « *egzistan-an* », epi nou va tradui « *id quod est* » antan nou di « *sa ki egziste-a* ». Menm si de ekspresyon-yo gen menm sans, « sa ki egziste-a » ta pi fasil pou di an kreyòl pase « egzistan-an ». Depi nan premye agiman ki vin tousuit apre tit atik-la nou jwenn toulède ekspresyon-yo.

³ *Soliloquiorum* = Paròl solitè. Cf. Sent Ogusten, *Soliloquiorum libri*, II, c. 5 (in Migne, *Patrologie Latine* 32, 889; nou va site *Patrologie Latine*-nan ak abrevyasyon PL epi *Patrologie Grecque*-la ak PG).

⁴ Sa vle di realite ki poze nan egzistans-la.

⁵ Cf. Aristòt, *Metafizik*, IV, 16 (1012 a 23); Sen Toma, *De veritate*, k. 2, a. 1, ad 11.

⁶ Cf. pi ro, premye objeksyon-an dapre liv *Solilòk-yo*.

⁷ Cf. Boethium, *De hebdomadibus*, ed. Peiper, Leipzig 1871, p. 171, 85. Si yo ta fè diferans ant nosyon « bonte » li-a ak realite « egziste » li-a, lè sa-a se va toujou « vre » li

tan-an si li ta vin separe ak verite-a : paske se konsa pou yo konprann sa ki egziste vre (*quod verum est*). Donk verite-a ak egzistan-an (*ens*) pa diferan nan nosyon-yo (*ratione*).

4. An plis, si verite-a pa menm ak egzistan-an (*ens*) fòk se yon dispozisyon egzistan-an (*entis dispositio*)⁸ pou li ta ye; men li pa posib pou li ta yon dispozisyon egzistan-an (*entis dispositio*), anefè li pa yon dispozisyon k-ap defèt (*corrumpens*)⁹ totalman, otreman konsekans sa-a ta suiv : ‘se verite, donk se yon pa-egzistan (*non ens*)’, tankou konsekans sa-a suiv : ‘se yon moun mouri, donk se pa yon moun’; menm jan-an tou se pa yon dispozisyon k-ap diminye, otreman konsekans sa-a pa ta suiv : ‘se verite, donk sa egziste’, tankou konsekans sa-a pa suiv : ‘li blan nan dan, donk li blan’¹⁰; menm jan-an se pa dispozisyon k-ap kontrakte (*contrahens*)¹¹ ni spesifye (*specificans*) [[4]] paske konsa li pa ta kapab chanje plas (*converteretur*) ak egzistan-an¹². Donk verite-a ak egzistan-an se menm [bagay] nèt ale (*omnino sunt idem*).

5. An plis, bagay ki gen yon menm dispozisyon, yo se menm; men verite-a ak egzistan-an se menm dispozisyon-an; donk yo se menm. Anefè yo di nan dezyèm liv *Metafizik*-la¹³ : « Dispozisyon realite-a nan egzistans-la se tankou dispozisyon-li nan verite-a »; donk verite-a ak egzistan-an se menm [bagay] nèt ale.

6. An plis, tout sa ki pa menm, yo diferan nan yon fason kèlkonk; men verite-a ak egzistan-an (*ens*) pa diferan nan okenn fason, paske yo pa diferan dapre sa yo ye-a (*per essentiam*) puiske tout egzistan (*ens*) se verite dapre sa li ye-a (*per essentiam*), ni yo pa diferan poutèt kèk diferans [spesifik], paske yo ta dwe vin antre ansanm (*conveniret*) nan yon menm kategori-prensipal (*communi genere*), donk yo se menm [bagay] nèt ale.

egziste, men si se nosyon « vre »-a yo ta separe, lè sa-a se relasyon ak entèlijans-la menm yo siprime, donk yo ta elimine posibilite pou « konnen » si li egziste ou non.

⁸ « Dispozisyon »-an se youn nan 10 kategori Aristòt te endike kòm sa yo kapab di osijè sa ki egziste-a, karakteristik yo kapab deklare osijè egzistan-an. Se pa « plas » kote realite-a ye-a nan espas-la, se jan realite-a dispoze anndan pròp tèt li dapre tout pati li yo. Sa vle di « pozisyon » realite-a nan li menm (tankou : kanpe, chita, kouche, vivan, mouri) ki fè li kapab realize oubyen sibi tèt ou tèt bagay tèt jan.

⁹ *Corrumpens* = koronpi, dekonpoze, defèt.

¹⁰ Cf. Aristòt, *De sophisticis elenchis*, c. 5 (167 a 8 epi 11).

¹¹ *Contrahens* = kontrakte, trennen ansanm ak yon lòt.

¹² Yo pa ta kapab di youn pou lòt, youn pa ta kapab ranplase lòt. Sa ta kontredi prensip metafizik karakteristik transandatal-yo jan nou pral wè pi lwen-an ki fè « egzistan-an », « inite-a », « bonte-a », « verite-a » *convertuntur*, youn kapab okipe tout plas lòt-la.

¹³ Aristòt, *Metafizik*, II, c. 2 (993 b 30).

7. Menm jan-an, si yo pa menm [bagay] nèt ale, fòk verite-a ta ajoute kichòy sou egzistan-an (*ens*); men verite-a pa ajoute anyen sou egzistan-an (*ens*) kòm si pou-l ta kichòy an plis pase egzistan-an (*ens*): Filozòf-la montre sa nan katriyèm liv *Metafizik*-la¹⁴, kote li di lè n-ap defini verite-a, ‘nou di sa ki egziste-a (*quod est*) egziste, oubyen sa ki pa egziste-a pa egziste (*quod non est non est*)’, epi konsa verite-a gen ladan-l (*includit*) egzistan-an (*ens*) ak pa egzistan-an (*non ens*); donk verite-a pa ajoute kichòy sou egzistan-an, epi konsa yo wè verite-a se menm [bagay] li ye nèt ale ak egzistan-an (*ens*).

Men okontrè (*Sed contra*), ‘pleonasm (*nugatio*) se repeti-syon initil menm bagay-la’¹⁵; donk si verite-a se ta menm bagay ak egzistan-an (*ens*), lè yo di egzistan-an (*ens*) ‘vrè’ se ta yon pleonasm, men sa-a fo (*falsum*); donk yo pa menm [bagay].

2. Menm jan-an tou, egzistan-an (*ens*) ak byen-an (*bonum*) youn kapab pran plas lòt (*convertuntur*)¹⁶; men verite-a (*verum*) pa kapab ranplase byen-an (*non convertitur cum bono*): anefè gen sa ki verite epi ki pa byen, tankou [paregzanp] yon moun ki nan fònika-syon; donk verite-a non plis pa chanje plas (*convertitur cum*) ak egzistan-an, epi konsa yo pa menm [bagay].

3. An plis, dapre Boès (*Boèce*) nan liv *Osijè Semèn-yo* (*De Hebdomadibus*)¹⁷, nan tout kreati-yo « egzistans-la (*esse*) diferan de ‘kisa-ki-egziste-a’ (*quod est*) »; men verite-a vle di (*significat*) egzistans realite-a (*esse rei*); donk verite-a diferan de ‘kisa-ki-egziste-a’ (*quod est*) nan kreati-yo. Men ‘kisa-ki-egziste-a’ (*quod est*), se menm bagay ak egzistan-an (*ens*); donk nan kreati-yo verite-a diferan de egzistan-an.

4. An plis, tout sa ki gen yon relasyon ‘sa-k vin anvan’ epi ‘sa-k vin apre’, fòk yo diferan¹⁸, men verite-a ak egzistan-an se nan fason sa-a yo ye youn parapò a lòt, paske, jan yo di nan liv *Osijè Kòz yo* (*De Causis*)¹⁹, « egzistans-la (*esse*) [te] anvan realite yo kreye-

¹⁴ Aristòt, *Metafizik*, IV, c. 16 (1011 b 25).

¹⁵ Cf. Aristòt, *Topica*, V, c. 2 (130 a 34); *De sophisticis elenchis*, c. 3 (165 b 15).

¹⁶ Cf. Aristòt, *Ethica Nicomachea*, I, c. 6 (1096 a 23).

¹⁷ Boès, *De hebdomadibus*, ed. Peiper, Leipzig 1871, p. 169, 26.

¹⁸ *Se habent ut prius et posterius*, « dapre anvan epi apre youn parapò a lòt », lòd dapre divès degre, sa vle di yon relasyon « analoji », yon rapò, yon propòsyon ki diferan parapò a yon egalite « univòk » oubyen yon inegalite « ekivòk », men ki tabli yon degre realizasyon nan diferan tèm ki an rapò-yo swa dapre sa entèlijans-la kapab konprann, swa dapre sa realite-yo ye nan yo menm ; cf. pi lwen nòt 67.

¹⁹ Yo pa konnen byen kilès ki ekri liv sa-a, li soti probableman nan ekòl Neoplatoni-

yo », epi Kòmantatè-a (Averoès) di nan menm liv la²⁰ : « yo di tout lòt bagay-yo apati enfòmasyon (*ab informationem*) ki soti nan egzistan-an (*de ente*), epi konsa yo apre egzistan-an »; donk verite-a ak egzistan-an diferan.

5. An plis, sa yo [kapab] di an komen osijè kòz-la ak efè-yo (*de causa et causatis*), yo gen plis inite nan kòz-la pase nan efè-yo, epi prensipalman (*praecipue*) nan Bondye plis pase nan kreati-yo. Men nan Bondye tou lè kat sa yo : egziste-a / egzistan-an (*ens*), inite-a (*unum*), verite-a (*verum*) ak bonte-a (*bonum* = byen)²¹, yo distribiye (*appropriantur*) yon fason ki fè egziste-a / egzistan-an se pou « sa-li-ye »-a (*essentiam pertineat*)²²; inite-a se pou pèrsòn²³ Papa-a; verite-a se pou pèrsòn Pitit-la, bonte-a (byen-an) se pou pèrsòn Espri Sen-an; pèrsòn-yo nan Bondye (*personae divinae*) distenge youn parapò a lòt pa dapre nosyon-an (*ratione*) sèlman, men nan realite-a tou (*re* =

syen-an (Proclus): *Liber de causis seu liber de bonitate pura* (ed. Adriaan Pattin, Tijdschrift voor Filosofie, 28, 1966), Propozisyon 4: « Prima rerum creatarum est esse et non est ante ipsum creatum aliud ». Cf. http://www.fh-augsburg.de/~harsch/Chronologia/Lspost12/DeCausis/cau_intr.html (24-01-2006).

²⁰ Averoès, nan kòmantè sou liv *De causis*-la, Comm. 18 (17).

²¹ Konsa sen Toma entrodwi transandantal-yo nan rezònm-an; se apati yo menm li pral etabli solisyon repons li bay kesyon osijè verite-a. Li te deja anonse yo nan fen katriyèm agiman-an jan nòt 12 -la di-a.

²² *Essentiam pertineat* = an rapò avèk esans-la. Esans Bondye-a ki komen pou toulètwa Pèrsòn yo, vle di sa ki fè Bondye se Bondye-a, nati Bondye-a, antan nou konsidere-l parapò a sa ki pa Bondye, donk parapò a kreati-yo. Nati sa-a se menmnan ni pou Papa-a, ni pou Pitit-la, ni pou Espri Sen-an.

²³ *Pèrsòn*: nou oblije kenbe mo sa-a ak sans li genyen nan refleksyon teolojik kretyen-an sou la Trè Sent Trinite-a, paske *persona* laten-an te sèvi apati Tèrtulyen (Kartaj 155-255) pou tradui « hypostasis » grèk-la (cf. Quintus Septimus Florens Tertullianus, *Adversus Praxean*, 21,5). Konsa mo laten-an ki te sitou sèvi toudabò nan teat (se « prosopon » ki ta tradiksyon li an grèk = vizaj, figi) epi nan kontèks jiridik-la, vin anrichi ak yon signifkasyon spesyal kote sans « ròl » mask nan teat-la disparèt paske nan Bondye Trinite-a chak « pèrsòn »-yo gen idantite reyèl-yo nan relasyon opozisyon-an ki fè Papa-a pa Pitit-la ki pa Espri-Sen-an, men pou rèz-la yo fè youn nan tout bagay: « *Omnia sunt unum, ubi non obviat relatio oppositionis* » jan Konsil Florans-la di-a (*Decretum pro Jacobitis*, Denzinger, 703, 4 fevriye 1442). Se sa-k pral pèmèt pale de « *relatio subsistens* » pou espliche se relasyon-an menm ki konstitiye diferans « pèrsòn »-yo nan yon sèl akt egzistans ki se esans Bondye-a (cf. Sen Toma d'Aken, *Summa theologiae*, I, k 30, a. 2; k. 40, a. 2, ad 1; k. 41, a.6). Konsa menm mo « pèrsòn »-nan pral sèvi pou pale swa de relasyon anndan Trinite-a, swa de mounnan antan li gen dignite spesyal kòm espri enkame epi imaj Bondye ki fèt pou yon relasyon kominyon total. An kreyòl, « moun » ki vle di « personne humaine » pa kapab sèvi pou ekprime realite Trinite-a, menm si nan ka dezyèm Pèrsòn-nan li te pran nati « moun »-nan pou-l transfigure-l nan nati Bondye-a. An fransè mo « personne »-nan gen lòt signifkasyon, an patikilye li vle di tou « pa yon sèl moun », « pa gen moun ». Se nan sans negatif sa-a sitou li te pase an kreyòl: « pèsonn », « pèsonn moun ».

reyèlman) se poutèt sa yo pa kapab di osijè youn tou sa yo deklare osijè lòt-la (*de invicem non praedicantur*), donk pi plis toujou nan kreati-yo, tou lè kat-yo nou sot di-a dwe diferan plis pase dapre nosyon-an (*ratione*).

Repons. N-ap di : menm jan nan sa yo kapab demontre²⁴ fòk yo vin abouti (*fieri reductionem*) nan kèk prensip entèlijans-la deja okouran pou kont li (*per se intellectui nota*)²⁵, se konsa tou lè n-ap chèche dekouvri kisa yon bagay ye otreman nan tout sans [[5]] nou ta ale san fen (*in infinitum iretur*)²⁶, epi konsa syans ak konesans realite-a ta peri nèt. Premye sa entèlijans-la menm ta pi okouran epi se nan li tout lòt sa-l konnen (*conceptione*) vin rezoud (*resolvit*), se egzistan-an (*ens*), jan Avisèn (*Avicenne*) di nan kòmansman *Metafizik* li-a²⁷; se sa-k fè fòk tout lòt [bagay] entèlijans-la konsevwa (*aliae conceptiones*) se apati kichòy yo ajoute sou egzistan-an (*ens*) yo ta admèt yo (*accipiantur*). Men yo pa kapab ajoute anyen sou egzistan-an (*ens*) kòm si pou li ta andeyò-li (*quasi extranea*) tankou nan fason yo ajoute diferans [spesifik]-la sou kategori-prensipal-la (*genus*), oubyen aksidan-an sou sijè-a, paske nenpòt ki nati (mòd-egzistans) se esansyèlman yon egzistan (*ens*); se pou sa tou Filozòf-la prouve nan twazyèm liv *Metafizik* li-a²⁸, egzistan-an (*ens*) pa kapab yon kategori-prensipal (*genus*); men poutèt sa yo di ki ajoute sou egzistan-an (*ens*) yo admèt sa ta eksprime yon aspè (*modum*) egzistan-an menm (*ens*) non « egzistan-an » (*nomine entis*)²⁹ pa eksprime, sa ka rive nan de fason.

²⁴ Demonstrasyon lè y-ap fè yon rezònman. Cf. Aristòt, *Analytica posteriora*, I, c. 35 (84 a 8 ss).

²⁵ Premye prensip entèlijans-la pa demontrab, se pwenndepa rezònman-an, se fondasyon-an, se apati yo entèlijans-la travay, se nan yo li tounen pou-l gen asirans konesans-la. Se pa aprann entèlijans-la aprann yo, li fèt avèk yo (*natus*), yo natirèl, yo baze sou egziste-a menm, san yo pa gen anyen li ta posib pou di, pou deklare pou kominike, pou konnen, pou aprann anvan, yo klè odepa : se prensip non-kontradiksyon, prensip rezondèt, prensip kozalite.

²⁶ Aristòt te demontre li pa posib pou ale san fen nan anchènman kòz you, li te di gen obligasyon pou rete nan yon premye kòz ki koze tout lòt yo epi li menm yo pa koze-l. Si pa ta gen premye kòz sa-a tout lòt sa ki egziste-yo pa ta egziste ditou, epoutan nou konstate nou egziste epi lòt bagay-yo egziste tou, entèlijans-la egziste, donk genyen yon premye prensip, se la pou nou rete: « *anagkh sthhai* » « li nesesè pou nou ret kanpe la », jan Aristòt di-a.

²⁷ Avisèn, *Metafizik* I, c. 6 (f. 72rb A).

²⁸ Aristòt, *Metafizik*, III, c. 8 (998 b 22).

²⁹ « Non-an » pou sen Toma se pa yon senp « souf k-ap fè bri », yon « *flatus vocis* », se yon ekspresyon « vèb mantal-la », li eksprime « konsèp-la » ki se mwayen pou

Yon fason pou aspè (*modus*) li eksprime-a se ta kèk aspè spesyal egzistan-an (*ens*). Genyen reyèlman divès nivo egzistans, se dapre yo yo admèt divès mòd egzistans, epi dapre mòd sa-yo yo admèt (*accipiuntur*) divès kategori-prensipal (*genus*) realite-yo : anefè substans-la pa ajoute yon diferans sou egzistan-an (*ens*) ki ta vle di yon nati (*naturam*) yo vin ajoute an plis sou egzistan-an (*enti*), men konsèp (*nomine*) substans-la eksprime yon fason spesyal pou egziste, sètadi « sa ki egziste apati pròp tèt li » (*per se ens*)³⁰, epi se konsa sa ye nan lòt kategori-prensipal-yo (*generibus*) tou.

Dezyèm fason-an se lè aspè (*modus*) yo eksprime-a ta yon aspè (*modus*) jeneral ki suiv tout egzistan (*ens*) : aspè sa-a yo kapab konsidere-l nan de fason : yon fason dapre sa ki suiv nenpòt egzistan nan li menm (*ens in se*); lòt fason-an dapre sa ki suiv yon egzistan parapò a yon lòt (*in ordine ad aliud*). Si se pou premye fason-an, sa fèt de jan paske swa li eksprime kichòy afirmativman swa negativman nan egzistan-an; men pa gen anyen yo ka jwenn yo di afirmativman san restriksyon (*absolute*) ki kapab koresponn ak tout egzistan (*ente*) poutèt li egziste, si se pa esans li (*essentia* = sa-li-ye-a); epi se nan ka sa-a yo ba-l non³¹ « realite »-a (*res* = bagay), dapre Avisèn (*Avicenne*) nan kòmansman *Metafizik* li-a³², « realite »-a (*res*) diferan de egzistan-an (*ente*) paske egzistan-an (*ens*) yo pran [non] li apati akt egzistans-la, men non « realite »-a (*res*) eksprime kisa egzistan-an ye (*quiditatem*) oubyen esans egzistan-an; negasyon-an menm ki suiv (*consequens*) tout egzistan (*ens*) san restriksyon (*absolute*) se endivizyon-an³³, epi se sa non « youn »-nan (*inite-a*) vle eksprime : anefè « inite »-a (*unum*)³⁴ se pa anyen dèt pase egzistan-an ki pa divize (*ens indivisum*)³⁵. Men si nou ta konsidere (*accipiatur*) egzistan-an nan dezyèm fason-an, sa vle di dapre lòd relasyon youn ak lòt-yo, sa fèt nan de fason. Yon fason se dapre separasyon (*divisionem*) youn ak lòt epi

konnen realite-a dapre sa limyè entèlèkt ajan-an klere nan entimite realite-a pou-l kapab fè youn ak li imateryèlman.

³⁰ Se egzistan-an osans pròp, alòske « aksidan-an » ta egziste apati yon lòt, an fonksyon yon lòt, nan yon lòt. Cf. Aristòt, *Metafizik*, V, c. 19 (1022 a 35); *Analitika posteriora*, I, c. 10 (73 b 5 ss).

³¹ Cf. nòt 29. Yo bay non = yo rele-l.

³² Avisèn, *Metafizik*, I, c. 6 (f. 72va C).

³³ Karaktè sa ki pa divize anndan-l.

³⁴ « Fè youn »-nan.

³⁵ Cf. Aristòt, *Metafizik*, X, c. 4 (1054 a 23); cf. Sen Toma, *Super Boethium De Trinitate*, k. 4, a. 1, s.c. 3.

se sa non « kichòy »-la (*aliquid*)³⁶ vle di : anefè yo di « *aliquid* » (« kichòy ») prèske tankou « *aliud quid* » (« sa ki se yon lòt »), se sa k fè, menm jan yo di egzistan-an youn (*unum* = inite) paske li pa divize nan li menm, konsa yo di « kichòy » (*aliquid*), paske li separe (*divisum*) ak lòt-yo. Yon lòt fason se dapre jan yon egzistan ale ansanm ak yon lòt (*convenientiam unius entis ad aliud*)³⁷, epi sa pa ka egziste si yo pa admèt (*accipiat*) kichòy ki fèt pou-l koresponn (*convenire*) ak tout egzistan; sa-a menm se nanm nan ki « se tout bagay-yo nan yon sèten fason », jan yo di nan twazyèm liv *Osiyè Nanm nan* (*De Anima*)³⁸ : nan nanm-nan menm gen puisans konesans-la (*vis cognitiva*) ak puisans « apeti »-a (*vis appetitiva*)³⁹; donk korespondans (*convenientia*) egzistan-an ak « apeti »-a (*appetitum*), se sa non « byen »-an (*bonum*) eksprime, se sa-k fè yo di nan kòmansman *Etik*-la⁴⁰ « byen-an se sa tout bagay vle jwenn-nan (*appetunt*) », korespondans (*convenientia*) egzistan-an ak entèlijans-la menm se sa non « vre »-a eksprime.

Tout konesans fin realize (*perficitur*) gras a resanblans sa ki konnen-an ak realite li konnen-an (*assimilationem cognoscentis ad rem cognitam*)⁴¹, yon fason ki fè yo di « asimilasyon » (resanblans) se kòz konesans-la tankou vizyon-an konnen koulè-a paske li vin dispoze dapre « espès » (*species*)⁴² koulè-a : donk premye [[6]] konparezon

³⁶ *Aliquid* = yon realite kèlkonk.

³⁷ Dapre nan yon egzistan mache ak yon lòt, koresponn ak yon lòt.

³⁸ Aristòt, *De anima*, c. 8 (431 b 21).

³⁹ *Vis appetitiva* = fòs ki pouse rive jwenn-nan, anvè pran-an, vle genyen-an : volonte-a.

⁴⁰ Aristòt, *Ethica Nicomachea*, I, c. 1 (1094 a 3).

⁴¹ An jeneral Sen Toma konsidere se nan Aristòt propozisyon sa-a soti (cf. *Super Sententiarum*, I, d. 34, k. 3, a. 1, ag. 4; *ibid.* d. 35, a. 1, ag. 4). Petèt li reflekte swa Aristòt, *Ethica Nicomachea*, VI, c. 1 (1139 a 10), swa Izaak, *Liber de Definicionibus* (ed. Muckle, pp. 303 epi 330). Nan Sen Toma, *Super Boethium De Trinitate*, k. 5, a. 3, li di eksplisiman: « Se sa-k fè Algazèl di syans-la se 'asimilasyon' sa ki konnen-an ak realite yo konnen-an, epi Filozòf-la nan onzyèm liv *Metafizik*-la [di] entèlijans-la konprann dapre li pran sa ki entèlijib-la fè-l travès anro (*secundum transumptionem intelligibilis*) ». Cf. Algazèl, *Metafizik*, p. I, tr. 3, sent. 2 (ed. Muckle, p. 64); Aristòt, *Metafizik*, XII, c. 8 (1072 b 20).

« Vin sanble ak » yon lòt, « *assimilatio* », resanblans sa-a fèt dapre mòd egzistans nanm-nan ki konnen-an, donk « *ad modum recipientis* », « *ad modum cognoscentis* » nan imateryalite nanm-nan, cf. Sancti Thomae Aquinatis, *Super Sententiarum*, lib. I, d. 17, q. 1, a. 1, s. c.

⁴² « *Species* »-la se yon tèrm teknik nan langaj skolastik-la ki fondamantal pou teori konesans-la. Li ta ranwaye toudabò a ide « aparans » fòm eksteryè realite-a, sa yo ka wè-a, sa imaj li rete nan memwa-a. Men nan teori konesans-la se plis pase sa, se karakteristik entèlijib realite-a menm entèlijans-la degaje-a. Se fòm prezantatif

(*comparatio*) egzistan-an ak entèlijans-la se pou egzistan-an akòde (*concordet*) ak entèlijans-la, akò (*concordia*) sa-a menm yo rele li adekwasyon entèlijans-la ak realite-a (*adaequatio intellectus et rei*), epi se nan sa nosyon (*ratio*) verite-a realize vre (*perficitur*) sou plan fòmèl-la (*formaliter*)⁴³. Donk se sa verite-a (*verum*) ajoute sou egzistan-an (*ens*), sètadi konfòmite oubyen adekwasyon realite-a ak entèlijans-la, se dapre konfòmite sa-a, jan nou di-a, konesans realite-a fèt (*sequitur*) : donk konsa, egzistans realite-a vini anvan konsèp (*rationem*) verite-a, men konesans-la se kòm yon konsekans (*quidam effectus*) verite-a. Dapre sa donk yo kapab jwenn twa fason pou defini verite-a oubyen sa ki vre-a. Yon fason se dapre sa ki vin anvan nosyon (*ratio*) verite-a, epi se nan li sa ki vre-a jwenn fondman, epi se konsa Ogusten defini-l nan liv *Solilòk-yo* (*Paròl solitè*)⁴⁴ « Sa ki vre-a se sa ki egziste-a », epi Avisèn nan *Metafizik* li-a⁴⁵ « Verite nenpòt ki realite se pròp karakteristik egzistans li ki byen tabli nan li », epi yon moun te di konsa « Sa ki vre-a se egziste-a ki pa ka separe ak sa ki egziste-a » (*indivisio esse et quod est*). Dezyèm fason yo defini-l se dapre sa kote nosyon (*ratio*) sa ki vre-a realize nèt (*perficitur*) nan li-a sou plan fòmèl-la, epi konsa Izaak di « Verite-a se adekwasyon realite-a ak entèlijans-la », epi Ansèlm di nan liv *Osijè Verite-a* « Verite-a se yon dwati [nan rezònman-an] lespri-a sèl kapab kapte (*perceptibile*) », - anefè dwati sa-a se dapre yon sèten adekwasyon yo di-l -; epi Filozòf-la deklare nan katriyèm liv *Metafizik* li-a, lè n-ap defini sa ki vre-a nou di ‘se lè yo di sa ki egziste-a egziste oubyen sa ki pa egziste-a pa egziste’. Twazyèm fason-an, yo defini sa ki vre-a dapre efè ki dekoule-a, epi se konsa Ilèr (Hilaire) di⁴⁶ « Sa ki vre-a li deklare epi li manifeste egzistans-la », epi Ogusten nan liv *Osijè vrè relijyon-an*⁴⁷ « Verite-a se mwayen pou yo montre sa ki egziste-a », epi nan menm liv-la⁴⁸ « Verite-a se mwayen ki pèmèt nou jije osijè sa-yo ki pi ba (*inferioribus*).

realite-a ki pase atravè sans-yo (espès sansib *impressa*) pou-l antre nan imajinasyon-an (espès sansib *expressa*) epi imateryalize nèt nan entèlijans-la (espès entèlijib *impressa*) anba aksyon entèlèkt ajan-an ki fòme konsèp-la antan li penetre anndan realite-a gras a espès-la pou-l konnen esans realite-a, sa realite-a ye, epi ki ekprime esans sa-a nan vèb mantal-la (espès entèlijib *expressa*) ak nan paròl-la sou pa deyò.

⁴³ Dapre sa Sen Toma ak lòt sous di, se Izaak, filozòf juif, ki te di sa.

⁴⁴ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 889).

⁴⁵ Avisèn, *Metafizik*, IV, c. 16 (1011 b 25)

⁴⁶ Ilèr, *De Trinitate*, V, c. 3 (PL 10, 131 C).

⁴⁷ Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 151).

⁴⁸ Ogusten, *De vera religione*, c. 31 (PL 34, 147).

1. Pou premye-a donk n-ap di : definisyon sa-a Ogusten bay-la se osijè verite-a dapre li gen fondman li nan realite-a (*fundamentum in re*) men se pa dapre sa ki konplete nosyon sa ki vre-a nan adekwasyon realite-a ak entèlijans-la. - Oubyen n-ap di lè li di « sa ki vre-a se⁴⁹ sa ki egziste-a », « se »-a⁵⁰ li pa konsidere-l (*accipitur*) la-a nan sans « akt egzistans-la », men dapre jan entèlijans k-ap konpoze-a okouran de li (*est nota*)⁵¹, sa vle di antan li se yon fraz afirmatif epi sans li se ta : sa ki vre-a se sa ki egziste-a, sa vle di lè yo di osijè yon bagay ki egziste li egziste, pou konsa definisyon Ogusten-an vin menm ak definisyon Filozòf-la nou te entrodui (*inducta*) pi ro-a.

2. Pou dezyèm-nan, solisyon-an parèt apati sa nou sot di-a.

3. Pou twazyèm-nan, n-ap di : yo kapab konsidere yo pa kapab konprann (*intelligi*) yon bagay san yon lòt nan de fason. Yon fason se si lè ou ta konprann (*intelligatur*) youn, lòt-la ou pa konprann li (*non intellecto*), epi se konsa yo ye sa ki gen konsèp (*ratio*) diferan-yo youn parapò a lòt : yo kapab konprann youn san lòt-la. Lòt fason yo kapab konsidere (*accipi*) yo konprann yon bagay san yon lòt, se lè yo konprann li (*intelligitur*) antan lòt-la pa egziste (*eo non existente*), epi [[7]] konsa yo pa kapab konprann egzistan-an san sa ki vre-a, paske yo pa kapab konprann egzistan-an (*ens*) san li pa ta dakò oubyen adekwa ak entèlijans-la; men sa pa vle di pou nenpòt ki moun ki ta konprann nosyon (*rationem*) egzistan-an li ta konprann nosyon (*rationem*) sa ki vre-a, tankou se pa tout moun ki konprann egzistan-an ki konprann entèlèkt ajan-an tou (*intellectum agentem*)⁵², epoutan san entèlèkt ajan-an (*intellectu agente*) yo pa ta kapab konprann anyen.

4. Pou katriyèm nan n-ap di : sa ki vre-a se « dispozisyon » egzistan-an, pa kòm si l-ap ajoute yon nati (*naturam*) kèlkonk, oubyen kòm si li ta eksprime yon mòd egzistan spesyal, men kichòy yo jwenn an jeneral nan tout egzistan epi non « egzistan »-an pa eksprime-l; se

⁴⁹ Rezònman sen Toma-a pa ka pase fasil an kreyòl paske nou pa sèvi ak vèb *se*-a pou di *egzistans*-la, akt ki poze realite-a nan egzistans-la. *Est* laten-an gen toulède sans-yo, li kapab yon sèp lyen, yon trèdinyon nan yon jijman epi tou li kapab yon afirmasyon *egzistansyèl*. Cf. atik tradiktè-a: *Pou filozofi ka pale kreyòl in Moun-Revue de philosophie* 1(2005) 90-114.

⁵⁰ Cf. Aristòt, *Metafizik*, V, c. 9 (1017 a 22 epi 31); cf. Sen Toma, *Super Sententiarum*, III, d. 6, k. 2, a. 2.

⁵¹ Cf. Aristòt, *De anima*, III, c. 11 (430 a 27).

⁵² *Entèlèkt ajan-an*, se prensip aktif limiyè entèlijans-la ki pèmèt entèlijans-la fè youn ak realite li konnen-an antan li kapte « esans » li, « sa realite-a ye-a » apati « *espès entèlijib* »-la, fòm prezantatif realite-a ki nan entèlèkt posib-la, entèlèkt an puisans-la. Se *entèlèkt ajan-an* ki fè konnen tout bagay, men nou pa kapab konnen-l dirèkteman.

sa-k fè li pa nesèsè pou li ta yon dispozisyon swa k-ap defèt (*corrum-pens*) swa k-ap diminye swa k-ap kontrakte an pati.

5. Pou senkyèm nan n-ap di : yo pa konsidere dispozisyon-an la-a dapre sa ki nan kategori-prensipal (*genere*) kalite-a, men dapre li vin mete (*importat*) yon sèten lòd tankou reyèlman sa ki se kòz egzistans lòt-yo egziste nan pi ro degre, epi sa-yo ki se kòz verite-a yo vre nan pi ro degre, Filozòf la tire konklizyon se menm lòd-la realite-yo genyen nan egziste-a ak verite-a, yon fason ki fè kote yo jwenn sa ki pi gran nan egzistans, se li ki pi gran nan verite. Donk sa pa konsa paske konsèp (*ratio*) verite-a ak egziste-a se menm, men paske dapre sa yon bagay genyen kanta egzistans-li se dapre menm sa-a l-ap gen pou li adekwa ak entèlijans-la, epi konsa nosyon verite-a suiv nosyon egzistan-an.

6. Pou sizyèm nan n-ap di : sa ki vre-a ak egzistan-an diferan dapre nosyon-yo (*ratione*) paske gen kichòy nan nosyon (*ratio*) sa ki vre-a ki pa nan nosyon (*ratio*) egzistan-an; men sa pa vle di gen kichòy ki nan nosyon (*ratione*) egzistan-an ki pa nan nosyon (*ratione*) sa ki vre-a; se sa-k fè yo pa diferan youn parapò a lòt ni dapre esans yo (*essentiam*) ni dapre opozisyon yo.

7. Pou setyèm nan n-ap di : sa ki vre-a pa an plis egzistan-an : anefè yo konsidere nan kèk fason pou di egzistan osijè sa ki pa egzistan, paske entèlijans-la kapte sa ki pa egziste-a, se sa-k fè nan katriyèm liv *Metafizik*-la⁵³, Filozòf-la di : negasyon-an ak privasyon-an nan yon fason yo di yo egzistan, se sa-k fè tou Avisèn di nan kòmansman *Metafizik* li-a⁵⁴ se sèlman osijè egzistan-an yo ka fòme yon deklarasyon, paske fòk entèlijans-la kapte sa y-ap fòme deklarasyon osijè li-a. Sa montre tout sa ki vre se yon egzistan nan yon fason kèlkonk.

1. Pou premye objeksyon kontrè yo te fè-yo, n-ap di : sa-k fè se pa yon pleonasm lè yo di ‘egzistan-an se vre’ se paske non verite-a eksprime kichòy non egzistan-an pa eksprime, se pa poutèt yo diferan nan realite-a.

2. Pou dezyèm-nan n-ap di : menm si fònike se yon move bagay, poutan dapre degre yon bagay patisipe nan egzistans-la li fèt pou li konfòme ak entèlijans-la epi se konsa yo jwenn nosyon (*ratio*) verite-a, epi konsa sa montre verite-a non plis pa depase egzistan-an ni egzistan-an pa depase verite-a.

⁵³ Aristòt, *Metafizik*, IV, c. 1 (1003 b 5).

⁵⁴ Avisèn, *Metafizik*, I, c. 6 (f. 72va C).

3. Pou twazyèm-nan n-ap di : lè yo di 'egziste-a diferan de sa ki egziste-a', y-ap distenge akt egziste-a ak sa akt-la koresponn avèk li-a; non egzistan-an menm se apati akt egziste-a yo pran-l, se pa apati sa ki kapab resevwa akt egziste-a, epi konsa rezònman-an pa gen suit (*ratio non sequitur*).

4. Pou katriyèm-nan n-ap di : sa ki vre-a vini apre egzistan-an, paske jan nou sot di-a nosyon (*ratio*) sa ki vre-a diferan parapò a nosyon (*ratione*) sa ki egziste-a.

5. Pou senkyèm-nan n-ap di : rezònman (*ratio*) sa-a defisyan sou twa pwèn : toudabò, paske menm si pèrsòn-yo diferan dapre realite-a nan Bondye, sa yo di an pròp pou chak pèrsòn-yo pa diferan dapre realite-a, men sèlman dapre nosyon-an (*ratione*); dezyèmman, paske menm si pèrsòn-yo distenge dapre realite-a youn parapò a lòt, yo pa distenge dapre esans-la⁵⁵, se sa-k fè verite-a yo di an pròp pou pèrsòn Pitit-la pa diferan parapò a egzistans li ye-a apati esans-la; twazyèmman, paske menm si egzistan-an, inite-a, [[8]] verite-a ak bonte-a fè youn pi plis nan Bondye pase nan realite kreye-yo (kreati-yo), sa pa vle di paske yo distenge nan Bondye-a yo dwe distenge dapre realite-a nan realite kreye-yo : anefè sa rive osijè sa-yo ki pa oblije fè youn nan realite-a dapre nosyon-yo (*ratione*), tankou sajès-la ak puisans-la ki se menm nan Bondye dapre realite-a, poutan nan kreati-yo yo distenge dapre realite-a; men egzistan-an, inite-a, verite-a ak bonte-a, dapre nosyon-yo (*ratione*) dwe fè youn dapre realite-a, se sa-k fè nenpòt kote yo ta jwenn yo, reyèlman yo se youn, menm si yo fè youn ak plis pèfeksyon nan Bondye pase jan yo fè youn nan kreati-yo.

Dezyèm atik

Dezyèmman y-ap mande èske yo jwenn verite-a plis (prensipalman) nan entèlijans-la pase nan realite-yo ?⁵⁶ Epi yo wè se pa konsa : anefè, jan yo di-a⁵⁷, verite-a kapab chanje plas ak egzistan-an; men se nan realite-yo an premye yo jwenn egzistan-an plis pase nan nanm-nan; donk verite-a tou⁵⁸.

2. An plis, realite-yo pa nan nanm-nan dapre sa yo ye-a (*per essentiam*) men dapre « espès » yo (*per speciem*)⁵⁹, jan Filozòf-la di

⁵⁵ Dapre sa Bondye ye-a yo pa distenge, paske yo toulètwa se yon sèl Bondye-a.

⁵⁶ Sen Toma abòde menm kesyon sa-a nan *Super Perihermeneias*, I, lect. 3; *Super Metaphysicam*, VI, lect. 4.

⁵⁷ Cf. pi ro nan atik 1.

⁵⁸ Sa vle di se ta sitou nan realite-yo pou verite-a ta ye.

nan twazyèm liv *Osijè Nanm-nan*,⁶⁰; donk si verite-a se sitou (*principaliter*) nan nanm-nan yo jwenn li, li pa ta sa realite-a ye-a (*essentia rei*) men resanblans li (*similitudo*) ak « fòm entèlijib » li (*species*), epi verite-a se ta « fòm entèlijib » (*species*) egzistan-an ki kanpe nan egzistans-la an deyò nanm-nan. Men « fòm entèlijib » (*species*) realite-a ki egziste nan nanm-nan, yo pa kapab deklare-l (*praedicatur*) osijè realite ki an deyò nanm-nan, konsa yo pa kapab mete-l nan plas li (*convertitur*): anefè sa yo kapab deklare pou yon bagay yo kapab mete nan plas yon lòt, yo kapab deklare-l pou lòt-la tou (*converti enim est conversim praedicari*); donk yo pa ta kapab mete sa ki vre-a nan plas egzistan-an, [men sa-a] li fo.

3. An plis, tou sa ki nan yon bagay, li suiv konsekans sa li ladan-l nan; donk si verite se sitou (*principaliter*) nan nanm-nan li ye, lè sa-a kritè pou jwenn verite-a (*iudicium de veritate*) se dapre kalkil (*aestimatio*) nanm-nan li ta ye, epi konsa nou ta retounen nan erè ansyen filozòf-yo⁶¹ ki te konn di tout sa yon moun panse (*opinatur*) nan entèlijans-la se verite, epitou de [deklarasyon] kontradiktwa ta vre an menm tan (*simul*), [men sa-a] pa gen sans (*absurdum*)⁶².

4. An plis, si verite-a se sitou (*principaliter*) nan entèlijans-la li ye, fòk yo ta mete nan definisyon verite-a kichòy ki konsène (*pertinet*) entèlijans-la. Men Ogusten, nan liv *Solilòk-yo*⁶³ te repouse mòd definisyon ki ta tankou sa-a « Verite-a se sa ki jan yo wè-l la », paske dapre sa-a, sa yo pa ta wè-a li pa ta vre, men sa-a li fo jan sa parèt osijè ti ròch ki cache byen fon nan zantray tè-a; epi menm jan-an tou [Ogusten] repouse epi li rejte [definisyon] sa-a⁶⁴ « Verite-a se sa ki jan moun ki konnen-l nan wè-l si li vle epi li kapab konnen », paske dapre sa-a pa ta gen anyen ki vre andeyò sa moun ki konnen-an vle konnen epi kapab konnen; epi se menm rezònman-an (*ratio*) tou osijè tout lòt definisyon kote yo ta mete kichòy ki konsène (*pertinens*)

⁵⁹ *Species*-la se realite mantal ki sèvi entèlijans-la kòm enstriman pou li kapab lir anndan realite-a apati limyè « intèlèkt ajan »-an. Li se « fòm prezantatif » realite-a ki soti nan fòm sansib-la epi ki vin tounen fòm entèlijib, se nan li entèlijans-la ki imateryèl konnen realite-yo pou li kapab produi yon konsèp, epi pou li vin tounen imateryèlman sa li konsevwa-a (*intellectum in actu*), cf. nòt 42.

⁶⁰ Aristòt, *De anima*, III, c. 13 (431 b 28).

⁶¹ Filozòf sa-yo, dapre sa Aristòt di nan *Metafizik* li-a (IV, c. 9 epi 12 [1009 a 6 epi b 12]) se: Parmenid, Anagzagòr, Anpedòkl, Demokrit ak Protagoras; cf. Sen Toma, *Super Analyticorum posteriorum*, I, lect. 44.

⁶² *Absurdum* = paròl pou moun soud, donk ki pa gen sans pou li.

⁶³ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 888).

⁶⁴ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 888).

entèlijans-la : donk verite-a se pa sitou (*principaliter*) nan entèlijans-la li ye.

Okontrè (*contra*) Filozòf-la di nan sizyèm liv *Metafizik* li-a⁶⁵ « Sa ki fo-a ak sa ki vre-a se pa nan realite-yo [li ye] men nan lespri-a ».

2. An plis, « verite-a se adekwasyon realite-a ak entèlijans-la »⁶⁶; men adekwasyon sa-a pa ka egziste si se pa nan entèlijans-la; donk ni verite-a non plis [pa egziste] si se pa nan entèlijans-la. [[9]]

Solisyon. Antan n-ap di : nan sa yo di osijè anpil realite dapre analoji-a (*per prius et posterius*)⁶⁷, li pa nesesè pou sa ki kòz lòt yo resevwa anvan sa yo deklare pou yo tout-la (*communis*), men sa a kote premye nosyon (*ratio*) sa ki komen-an realize okonplè-a (*completum*), tankou yo di « *sanum* » (« an sante »)⁶⁸ toudabò osijè sa ki vivan-an (*animali*) kote an premye yo jwenn nosyon (*ratio*) sante-a realize nèt (*perfecta ratio*), menm si yo di remèd-la « *sana* » (« an sante »)⁶⁹ paske li produi « sante-a » (*effectiva sanitatis*)⁷⁰; epi se pou sa, kòm yo di « vre »-a osijè plizyè bagay dapre analoji-a (*per prius et posterius*)⁷¹, fòk yo di-l an premye osijè bagay kote yo jwenn nosyon (*ratio*) verite-a realize okonplè nèt-la (*completa ratio*). Men nenpòt ki mouvman ak nenpòt ki operasyon (travay) realize okonplè lè-l nan bout-li (*in termino*). Men mouvman kapasite pou konnen-an (*cognitivae virtutis*) se nan nanm-nan li bout (*terminatur*), - annehè, fòk sa yo konnen-an (*cognitum*) li nan sa ki konnen-an (*cognoscente*) dapre fason sa ki konnen-an (*per modum cognoscentis*)⁷² -, men mouvman « apeti »-a rive fin bout nan realite-a (*terminatur ad res*), se sa-k fè

⁶⁵ Aristòt, *Metafizik*, IV, c. 4 (1027 b 25).

⁶⁶ Cf. atik 1, definisyon filozòf juif-la, Izaak.

⁶⁷ *Per prius et posterius*, sa vle di dapre relasyon plis ou mwens, degre premye ak dezyèm, donk dapre yon « propòsyon » oubyen yon « lòd » = analoji ; cf. pi ro nòt 18.

⁶⁸ Egzanp sa-a sot nan Aristòt, *Metafizik*, IV, c. 1 (1003 a 35); *Topica*, I, c. 15 (106 b 33).

⁶⁹ *Sana* = bon pou sante, bay sante.

⁷⁰ La-a sen Toma bay yon egzanp apati fanmi mo ki gen nan laten-an kote relasyon youn sot nan lòt parèt klè ni nan mo-a ni nan ide-a: *sanus, sanitas, sanitare, insanus*, etc. Sa pa ka tradui egzakteman menm jan-an an kreyòl sou plan mo-yo, men ide-a klè. Nou ta bezwen pran yon lòt egzanp tankou « sen »: nosyon sa-a realize an premye nèt ale nan Bondye ki « twa fwa sen », men yo di-l pou moun-nan tou paske li kapab « vin sen », oubyen pou Sakreman-yo ki sèvi pou konfòme moun-nan ak Kris-la ki se « Sen Bondye-a ». Konsa sign Sakreman-yo « sen », batize yo « sen », Egliz-la « sen », Bondye « sen ».

⁷¹ *Per prius et posterius* = dapre sa-k anvan epi apre.

⁷² Se aplikasyon prensip skolastik ki di: « *Omne quod recipitur in aliquo, recipitur in eo per modum recipientis* » (Sen Toma, *Super Sententiarum*, lib. 1, d. 17, q. 1, a. 1, s.c. 1).

nan twazyèm liv *Osijè Nanm-nan*⁷³, Filozòf-la mete tankou yon sèk nan aktivite nanm-nan : sètadi realite ki an deyò nanm-nan mete entèlijans-la an mouvman, epi realite yo konprann-nan⁷⁴ mete « apeti » a (*appetitus*)⁷⁵ an mouvman epi « apeti »-a an tansyon pou-l rive nan realite kote mouvman-an te kòmanse-a; epi paske byen-an (*bonum*)⁷⁶ jan yo te di-a⁷⁷, li eksprime (*dicit*) oryantasyon (*ordo*) egzistan-an pou « apeti »-a, verite-a menm eksprime oryantasyon (*ordo*) pou entèlijans-la, se sa-k fè Filozòf-la di nan sizyèm liv *Metafizik* li-a⁷⁸ : byen-an ak mal-la egziste nan realite-yo, men vre-a ak fo-a egziste nan lespri-a. Annefè yo pa di yon realite se « vre » si se pa dapre li gen adekwasyon ak entèlijans-la, se sa-k fè yo jwenn verite-a an dezyèm nan realite-yo, epi an premye nan entèlijans-la.

Men fòk nou konnen jan yo konpare (*comparatur*) yon realite ak entèlijans « pratik »-la, se pa konsa yo fè-l ak entèlijans « spekulatif »-la⁷⁹ : ane fè, entèlijans pratik-la se kòz realite-a, se sa-k fè li se mezi realite ki fèt dapre li-a, men entèlijans spekulatif-la, paske li resevwa apati realite-yo, se kòm si se realite-yo menm ki mete-l an mouvman, konsa realite-a mezire-l; sa montre (*patet*) realite natirèl-yo kote entèlijans-nou resevwa konesans-la, se yo menm ki mezire entèlijans-nou jan yo di nan dizyèm liv *Metafizik*-la⁸⁰, men yo menm se entèlijans Bondye-a ki mezire yo, se la tout bagay egziste tankou tout èv (*artificiata*) nan entèlijans atis-la (*artificis*)⁸¹ : konsa donk entèlijans Bondye-a bay mezi, li pa resevwa mezi (*mensurans non mensuratus*), realite natirèl-yo menm yo bay mezi epi yo resevwa mezi (*mensurans et mensurata*), men entèlijans nou resevwa mezi epi li pa bay mezi pou realite natirèl-yo, men sèlman pou atifisyèl-yo. Donk realite natirèl-la vin kanpe (*constituta*) ant de entèlijans, yo va di li se « vre » dapre adekwasyon-l ak toulède : dapre adekwasyon-l ak entèlijans Bondye-a yo va di li « vre », poutèt li ranpli [fonksyon] entèli-

⁷³ Aristòt, *De anima*, III, 15 (433 a 14).

⁷⁴ Sa entèlijans-la kapte-a, sa li konprann-nan, realite yo « entèlije »-a.

⁷⁵ *Appetitus* = puisans ki vle rive pran-an.

⁷⁶ *Bonum* = sa ki bon-an, bonte-a.

⁷⁷ Cf. pi ro atik 1.

⁷⁸ Aristòt, *Metafizik*, VI, c. 4 (1027 b 25).

⁷⁹ Konsa sen Toma entrodui de nosyon sa-yo ki kapital pou refleksyon l-ap fè sou verite-a: distenksyon ant travay entèlijans-la fè lè l-ap chèche konnen realite-a (*spekulatif*) epi travay li fè lè l-ap chèche transfòme, aji sou realite-a (*pratik*).

⁸⁰ Aristòt, *Metafizik*, X, c. 2 (1053 a 31).

⁸¹ Averoès, *Metafizik*, XII, comm. 36 (VIII, 318 M) jan Sen Toma di nan *Super Sententiarum*, II, d. 15, k. 1, a. 2.

jans Bondye-a te mete-l pou-l fè-a, jan Ansèlm (Anselme) montre nan liv *Osiyè Verite-a*⁸² epi Ogusten nan liv *Osiyè Vrè relijyon-an*⁸³, epi Avisèn nan definisyon li bay-la⁸⁴, sètadi « verite nenpòt ki realite se pròp karakteristik (*proprietas*) egzistans li dapre sa ki etabli nan li »; men yo di realite-a vre dapre adekwasyon-l ak entèlijans moun-nan, poutèt dapre sa-l ye li fè [entèlijans-la] fè yon kalkil ki vre (*veram aestimationem*) osiyè li, menm jan, okontrè, yo di realite-a fo [si] dapre sa-l ye li fè yo wè sa-l pa ye oubyen jan-l pa ye, dapre sa senkyèm liv *Metafizik*-la di⁸⁵. Konsa premye nosyon (*ratio*) verite-a li rete (*inest*) dabò (*per prius*) plis nan realite-a pase dezyèm [nosyon-an], paske toubadò se konparezon-l (*comparatio*) ak entèlijans Bondye-a anvan [entèlijans] moun-nan : se sa-k fè, menm si entèlijans moun-nan pa-t egziste, kanmenm yo t-ap di realite-yo se « vre » parapò (*in ordine ad*) a entèlijans Bondye-a; men si yo ta vle konprann pou retire toulède entèlijans-yo, antan realite-yo ta rete, - bagay ki enposib -, lè sa-a nan okenn fason nosyon (*ratio*) verite-a pa ta kapab rete. [[10]]

1. Donk repons pou premye [objeksyon-an] sèke, jan sa parèt dapre sa nou sot di-a, se osiyè entèlijans ki vre-a yo di verite-a toudabò (*per prius*) epi apre sa osiyè realite-a ki koresponn a li-a (*sibi adaequata*), epi nan toulède fason-yo li kapab chanje plas ak egzistan-an (*convertitur cum ente*), men diferan manyè, paske lè yo di-l osiyè realite-yo, li chanje plas ak egzistan-an apati atribisyon-an (*per praedicationem*), - anefè tout egzistan koresponn ak entèlijans Bondye-a (*adaequatum intellectui divino*) epi li kapab koresponn (*adaequare*) ak entèlijans moun-nan, epi visvèsa -, men si yo pran-l (*accipiatur*) dapre yo di-l osiyè entèlijans-la, konsa li kapab chanje plas ak egzistan ki an deyò nanm-nan, li pap fè sa dapre atribisyon-an (*per praedicationem*) men dapre konsekans ki suiv-la (*per consequentiam*)⁸⁶, se sa ki fè pou nenpòt ki entèlijans ki vre fòk gen yon egzistan ki koresponn (*respondeat*), epi visvèsa.

2. Konsa solisyon pou dezyèm-nan parèt.

3. Pou twazyèm-nan antan n-ap di : sa ki nan yon lòt pa suiv sa li ladan-l nan, sof lè prensip ki koze-l yo se la yo ye : kòm se solèy-la, antan-l sou pa deyò, ki koz limyè-a nan lè-a, limyè-a suiv

⁸² Ansèlm, *De veritate*, c. 7 (PL 158, 475 B-C).

⁸³ Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 151).

⁸⁴ Avisèn, *Metafizik*, VIII, c. 6 (f. 100ra A).

⁸⁵ Aristòt, *Metafizik*, V, c. 29 (1024 b 21).

⁸⁶ Cf. Aristòt, *Praedicamenta (Categoriae)*, c. 12 (14 b 11). Sa vle di a kondisyon gen kichòy ki koresponn nan realite-a ak sa entèlijans-la deklare-a.

mouvman solèy-la plis pase [mouvman] lè-a; menm jan-an tou, verite-a se realite-yo ki koze-l nan nanm-nan, li pa suiv kalkil (*aestimationem*) nanm-nan men egzistans realite-yo « paske se dapre realite-a egziste oubyen pa-egziste, yo kapab di fraz-la vre ou fo »⁸⁷, se menm jan-an tou pou entèlijans-la.

4. Pou katriyèm-nan antan n-ap di : Ogusten pale osijè vizyon entèlijans moun-nan, verite realite-a pa depann de li : anefè gen anpil realite entèlijans nou pa konnen. Men pa gen okenn realite entèlijans Bondye pa konnen an akt epi entèlijans moun-nan an puisans, dapre yo ta kapab di entèlèkt ajan-an « se sa kote tout bagay fèt », entèlèkt posib-la « se sa kote tout bagay kapab vin fèt » (« *quo est omnia facere* » - « *quo est omnia fieri* »)⁸⁸ : se sa-k fè nan definisyon realite ki vre-yo yo kapab mete vizyon entèlijans Bondye-a an akt, men [yo pa kapab mete] entèlijans moun-nan sof an puisans, jan sa parèt apati [sa nou sot di] pi ro-a.

Twazyèm atik

T wazyèmman y-ap mande èske verite-a se sèlman nan entèlijans k-ap konpoze epi divize-a li ye?⁸⁹ Epi yo wè se pa sa : anefè, yo di sa ki vre-a dapre konparezon (*comparationem*)⁹⁰ egzistans-an ak entèlijans-la, men premye konparezon (*comparatio*) kote entèlijans-la konpare ak realite-a, se dapre li fòmè⁹¹ « esans » realite-yo (*quiditates rerum*) lè li konsevwa (*concipiendo*) definisyon-yo; donk se nan operasyon entèlijans sa-a yo jwenn sa ki vre-a prensipalman epi an premye.

2. An plis, « verite-a se korespondans (*adaequatio*) realite-a ak entèlijans-la »⁹²; men menm jan entèlijans k-ap konpoze epi divi-

⁸⁷ Cf. Aristòt, *Praedicamenta (Categoriae)*, c. 5 (4 b 8) epi c. 12 (14 b 21) dapre tradiksyon Boès fè-a jan sen Toma di nan *De potentia*, k. 3, a. 17, ag. 29.

⁸⁸ Aristòt, *De anima*, III, c. 5 (430 a 14); cf. Sen Toma d'Aken, *Summa theologiae*, I, k. 79, a. 3, s. c. 1.

⁸⁹ Sen Toma trete menm kesyon sa-a nan *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 2; *Super Sententiarum*, I, d. 19, k. 5, a. 1, ad 7; *Super Perihermeneias*, I, lect. 3; *Super De anima*, III, lect. 11; *Super Metaphysicorum*, VI, lect. 4.

Osiyè entèlijans k-ap konpoze-a, cf. Aristòt, *De anima*, III, c. 11 (430 a 27).

⁹⁰ *Comparatio*-a vle di mete an relasyon, etabli yon rapò ant de realite ki sanble, ki parèy (*par, paris*), ki menm jan, ki fè pè tankou yon pè soulye.

⁹¹ « Fòmè », se konsa Arab-yo te rele operasyon entèlijans sa-a (« fòmasyon ») dapre sa sen Toma ansegne nan *De spiritualibus creaturis*, a. 9 ad 6; cf. Averroès, *De anima* III comm. 21 (VII, 166 B); Aristòt, *De anima*, III, c. 6 (430 a 26).

⁹² Dapre filozòf juif-la, Izaak, cf. pi ro a. 1.

ze-a kapab koresponn (*potest adaequari*) ak realite-yo, konsa tou entèlijans-la lè l-ap konprann (*intelligens*) kisa realite-yo ye (*quiditates rerum*); donk verite-a se pa sèlman nan entèlijans k-ap konpoze-a epi divize-a li ye.

Men nan sans kontrè sa yo di nan katriyèm liv *Metafizik*-la⁹³ : « verite-a ak foste-a se pa nan realite-yo men nan lespri-a (*mente*); pou [konsèp] ki senp-yo menm epi ‘kisa-li-ye-a’, pa menm nan lespri-a ».

2. An plis, nan twazyèm liv *Osijè Nanm-nan*⁹⁴, « se nan konpreansyon (*intelligentia*) sa ki pa kapab divize-yo, se la ki pa gen sa ki vre ak sa ki fo ».

Repons. Antan n-ap di : menm jan yo jwenn verite-a an premye nan entèlijans-la pase nan realite-yo, se konsa tou yo jwenn li an premye nan entèlijans k-ap konpoze oubyen divize-a pase nan akt entèlijans-la k-ap fòme ‘kisa-li-ye’ realite-yo (*quiditatem rerum* = definisyon). Annefè, nosyon (*ratio*) verite-a konsiste nan adekwasyon (*in adaequatione*) realite-a epi entèlijans-la; [[11]] menm bagay-la pa kapab koresponn (*adaequatur*) ak pròp tèt li, men korespondans-la (*aequalitas*) se ant divès realite li egziste; se sa ki fè yo jwenn nosyon (*ratio*) verite-a an premye nan entèlijans-la kote toudabò entèlijans-la kòmanse gen kichòy an pròp, realite-a menm pa genyen-l an deyò nanm-nan, men kichòy ki koresponn a li (*ei correspondens*) k-ap chèche rive nan adekwasyon-an. Men entèlijans-la k-ap fòme ‘kisa-li-ye’ realite-yo pa gen anyen dèt pase resanblans (*similitudinem*) realite ki egziste an deyò nanm-nan, menm jan ak [senk] sansyo lè yo resevwa espès sansib-la (*speciem sensibilis*)⁹⁵. Men lè li kòmanse jije osijè realite li kapte-a (*de re apprehensa*), lè sa-a, jijman entèlijans-la menm se kichòy ki pròp a li yo pa jwenn an deyò [entèlijans-la] nan realite-a; men lè [jijman-an] koresponn (*adaequatur*) ak sa ki an deyò [entèlijans-la] nan realite-a, yo di jijman-an se verite; lè sa-a entèlijans-la jije osijè realite li kapte-a (*apprehensa*) lè li di kichòy egziste (*esse*) oubyen pa egziste (*non esse*), se sa ki entèlijans k-ap konpoze-a epi divize-a : se sa-k fè tou Filozòf-la di nan sizyèm liv *Metafizik*-la⁹⁶ « konpozisyon ak divizyon se nan entèlijans-la li ye,

⁹³ Aristòt, *Metafizik*, VI, c. 4 (1027 b 25).

⁹⁴ Aristòt, *De anima*, III, c. 6 (430 a 26).

⁹⁵ Cf. nòt 42.

⁹⁶ Aristòt, *Metafizik*, VI, c. 4 (1027 b 29).

se pa nan realite-yo ». Se pou sa tou yo jwenn verite-a an premye nan konpozisyon ak divizyon entèlijans-la.

An dezyèm epi apre, yo kapab di verite-a nan entèlijans-la kap fòme 'kisa-li-ye' realite-yo (*quiditates rerum*) oubyen definisyon-yo⁹⁷. Konsa yo di yon definisyon vrè oubyen fo poutèt (*ratione*) konpozisyon-an vre oubyen fo, tankou paregzanp lè yo di li se definisyon sa li pa ye, tankou si yo ta mete definisyon sèk-la (sikonferans-la) pou triang-nan, oubyen lè divès pati definisyon-an pa kapab konpoze youn ak lòt, kòm si yo ta di definisyon yon realite se ta 'animal ensansib' : konpozisyon sa-a ki ta vle di kèk animal pa ta gen okenn nan senk sans-yo, li fo. Epi konsa yo pa di definisyon-an vrè oubyen fo si se pa parapò a (*per ordinem ad*) konpozisyon-an, menm jan tou yo di realite-a vre parapò a (*per ordinem ad*) entèlijans-la.

Apati sa nou sot di-a, sa parèt klè yo di verite-a an premye osijè konpozisyon oubyen divizyon [nan] entèlijans-la; an dezyèm, yo di-l osijè definisyon realite-yo dapre nan definisyon-yo kapab genyen konpozisyon ki vre oubyen fo; an twazyèm, osijè realite-yo dapre yo koresponn (*adaequatur*) ak entèlijans Bondye-a oubyen yo fèt natirèlman pou yo ta koresponn (*adaequari*) ak entèlijans mounnan; an katriyèm, yo di-l osijè mounnan poutèt li kapab chwazi sa ki vre-yo, oubyen lè nan sa l-ap di, nan sa l-ap fè, li fè yon kalkil (*existimationem*) osijè pròp tèt li oubyen osijè lòt-yo ki swa vre swa fo. Mo-yo menm (*voces*) yo deklare yo vre menm jan ak konsèp (*intellectus*) yo signifye-a (*significant*).

1. Pou premye [objeksyon-an] donk, n-ap di, menm si fòmasyon 'kisa-li-ye-a' se premye operasyon entèlijans-la, poutan nan li, entèlijans-la pa gen kichòy ki an pròp pou li ki ta kapab koresponn (*adaequari*) ak realite-a, epi poutèt sa se pa la verite-a ye nan osans pròp.

2. Epi konsa solisyon-an parèt klè pou dezyèm-nan.

Katriyèm atik

Katriyèmman y-ap mande èske se yon sèl verite ki egziste ki fè tout bagay vre?⁹⁸ Epi yo wè se konsa : anefè, Ansèlm di nan liv *Osiyè verite-a*⁹⁹: menm jan tan-an ye parapò a tout bagay ki tanporèl-yo, se konsa verite-a ye parapò a realite ki vre-yo; menm jan

⁹⁷ Cf. Aristòt, *Metafizik*, V, c. 22 (1024 b 17).

⁹⁸ Lòt kote Sen Toma trete menm kesyon-an: *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 6; *Super Sententiarum*, I, d. 19, k. 5, a. 2.

⁹⁹ Ansèlm, *De veritate*, c. 13 (PL 158, 486 C).

tan-an ye parapò a tout bagay ki tanporèl-yo sèke se yon sèl tan-an; donk se konsa verite-a ye parapò a tout sa ki vre-yo, pou se yon sèl verite ki genyen.

2. Men li t-ap di gen yon doub fason pou yo di verite-a : yon fason dapre li se menm bagay ak egzistans realite-a, jan Ogusten defini-l nan liv *Solilòk-yo*¹⁰⁰ « Verite se sa ki egziste-a », epi konsa fòk gen plizyè verite menm jan gen plizyè esans realite-yo (*plures essentialium rerum*); yon lòt fason dapre se nan entèlijans-la li eksprime-l, [[12]] jan Ilèr (Hilaire) defini li-a¹⁰¹ « Verite-a se sa ki manifeste egzistans-la (*Verum est declarativum esse*) », epi konsa, kòm anyen pa kapab manifeste kichòy bay entèlijans-la si se pa dapre fòs (*secundum virtutem*) premye verite Bondye-a, tout verite-yo nan yon sèten sans se yon sèl nan mete entèlijans-la an mouvman, menm jan tout koulè-yo se yon sèl nan mete vizyon-an an mouvman dapre se poutèt yon sèl limyè-a yo mete-l an mouvman. - Men okontrè, tan-an se yon sèl kantite (*unum numero*) pou tout sa ki tanporèl-yo; donk si verite-a parapò a realite ki vre-yo se menm jan li ye ak tan-an parapò a sa ki tanporèl yo, fòk tout sa ki vre-yo fè youn dapre kantite-a nan verite-a, sa pa ta sifi pou tout verite-yo ta youn nan mete an mouvman oubyen ta youn nan modèl-la (*in exemplari*).

3. An plis, Ansèlm rezone (*argumentatur*) konsa nan liv *Osiyè verite-a*¹⁰²: si pou plizyè sa ki vre-yo ta gen plizyè verite, fòk verite-yo ta chanje dapre varyete sa ki vre-yo; men verite-yo pa chanje poutèt varyete realite ki vre-yo, paske lè yo detwi realite ki vre oubyen kòrèk-la (*destructis rebus veris vel rectis*), menm lè sa-a verite-a oubyen dwati-a (*rectitudo*) ki te fè yo vre oubyen kòrèk-la (*rectum*) toujou rete; donk se yon sèl verite sèlman ki egziste. Li prouve fraz entèmedyè-a (*minorem = minè*)¹⁰³ poutèt lè yo detwi sign-nan, dwati

¹⁰⁰ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 889); cf. pi ro, a. 1.

¹⁰¹ Ilèr, *De Trinitate*, V, c. 3 (PL 10, 131 C).

¹⁰² Ansèlm, *De veritate*, c. 13 (PL 158, 484 C).

¹⁰³ Nan yon rezònman lojik (« silojism ») dwe genyen yon premye fraz, yon premye deklarasyon yo rele « majè » ki inivèsèl, yon dezyèm fraz/deklarasyon yo rele « minè » ki mwens inivèsèl, epi apre sa se « konklizyon »-an ki jayi tousuit nan lespri-a atravè relasyon li tabli ant « majè »-a ak « minè »-a. Tankou paregzanp :

<i>Majè</i> :	Tout moun kapab mouri
<i>Minè</i> :	Sokrat se yon moun
<i>Konklizyon</i> :	Donk Sokrat kapab mouri.

Rezònman-an se akt lespri-a kote entèlijans-la avanse sot nan sa-l konnen deja ale nan sa li pa-t ankò konnen : « *Procedere de uno intellecto ad aliud, ad veritatem intelligibilem cognoscendam* » (Sen Toma d'Aken, *Summa theologiae*, I, q. 179, a. 8; cf. q. 58, a. 3).

signifikasyon-an toujou rete, paske sa kòrèk pou-l signifye sa sign sa-a te signifye-a; epi pou menm rezon-an, lè yo detwi nenpòt sa ki vre oubyen dwat, dwati-li ak verite-li rete.

4. An plis, nan kreati-yo, anyen pa kapab sa li se verite pou li-a, tankou verite moun-nan se pa yon moun ni verite chèn-a se pa yon chèn; men nenpòt ki kreati¹⁰⁴ vre; donk okenn kreati (*ens creatum*) pa yon verite; donk tout verite se andeyò kreasyon-an li ye (*omnis veritas est increatum*), epi konsa se yon sèl verite sèlman ki egziste.

5. An plis, pa gen anyen ki pi gran pase lespri moun-nan sof Bondye, jan Ogusten di-a¹⁰⁵; men jan Ogusten prouve-l nan liv *Soliloquy*¹⁰⁶, verite-a pi gran pase lespri moun-nan, paske yo pa kapab di li ta pi piti poutèt lè sa-a se lespri moun-nan ki ta jije verite-a, epi sa-a fo, - anefè li pa jije-li, men [li jije] dapre [verite-a], menm jan jij-la pa jije lalwa-a men dapre [lalwa-a], jan li menm li di nan liv *Osijè vrè relijyon-an*¹⁰⁷ -; menm jan-an tou yo pa kapab di li egal a li, paske nanm-nan jije tout bagay dapre verite-a, li pa jije tout bagay dapre pròp tèt pa-l; donk pa gen verite sof Bondye, se pou sa se yon sèl verite sèlman ki egziste.

6. An plis, Ogusten prouve nan liv *Katrentwa kesyon-yo (LXXXIII Quaestionum)*¹⁰⁸ yo pa kapte (*percipitur*) verite-a apati [senk] sans kò-a, konsa : se sèlman sa ki kapab chanje [senk] sans-yo kapte (*percipitur*); men verite-a pa gen chanjman; donk yo pa kapab kapte-l (*percipitur*) apati sans-yo. Li posib pou fè menm rezonman-an [konsa]: tout sa yo kreye kapab chanje; men verite-a pa kapab chanje; donk se pa yon kreati (*creatura*); donk se yon realite an deyò kreasyon-an (*res increata*); donk se yon sèl verite ki egziste.

7. An plis, menm kote-a, Ogusten rezone sou menm bagay-la konsa : « pa gen anyen ki sansib ki pa ta genyen kichòy ki sanble fo yon fason pou yo pa kapab rekonèt li, anefè, antan mwen neglije anpil lòt bagay, tout sa nou santi gras a kò-a, menm lè yo pa prezan nan sans-yo, imaj-yo afekte nou (*patimur*) tankou si tout bon yo te la, swa nan somèy swa nan kòlè »; men verite-a pa gen kichòy ki sanble fo; donk sans-yo pa sèvi pou kapte (*percipitur*) verite-a. Yo ka rezone menm jan-an konsa : tout kreati gen kichòy ki sanble fo poutèt li gen kèk defo;

¹⁰⁴ *Ens creatum* = egzistan kreye = kreati.

¹⁰⁵ Paregzanp nan *De libero arbitrio*, I, c. 10 (PL 32, 1233); *ibid.*, II, c. 6 (PL 32, 1248); *De Trinitate*, XV, c. 1 (PL 42, 1057).

¹⁰⁶ An realite se ta pito nan liv *De libero arbitrio*, II, c. 12 (PL 32, 1259).

¹⁰⁷ Ogusten, *De vera religione*, c. 31 (PL 34, 148).

¹⁰⁸ Ogusten, *LXXXIII Quaestionum*, k. 9 (PL 40, 13).

donk anyen ki kreye pa kapab vre, epi konsa se yon sèl verite sèlman ki egziste.

Men okontrè, Ogusten [di] nan liv *Osiyè vrè relijyon-an*¹⁰⁹, « Menm jan resanblans-la se fòm sa-k sanble-yo, konsa verite-a se fòm sa ki vre-yo »; men pou plizyè sa-k sanble gen plizyè resanblans; donk pou plizyè sa ki vre gen plizyè verite. [[13]]

2. An plis, menm jan tout verite kreye dekoule (*derivatur*) sot nan yon verite ki an deyò kreasyon-an (*increatea*) tankou dapre yon modèl (*exemplariter*), epi se apati la li gen verite pa-l, konsa tout limyè entèlijib dekoule apati premye limyè an deyò kreasyon-an tankou dapre yon modèl (*exemplariter*) epi li gen fòs pou li fè wè aklè (*vim manifestandi habet*); men nou di gen plizyè limyè entèlijib jan sa parèt dapre Deni (*Dionysium*)¹¹⁰; donk sa montre nan menm fason-an se pou yo dakò tou senpleman gen plizyè verite.

3. An plis, koulè-yo, menm si yo mete vizyon-an an mouvman apati fòs (*virtute*) limyè-a, poutan osans pròp (*simpliciter*) yo di se plizyè koulè ki genyen epi yo diferan, yo pa kapab di se yon sèl yo ye sof dapre yon sèten rapò (*secundum quid*); donk, menm si tout verite kreye-yo ekspriye yo nan entèlijans-la dapre fòs (*virtute*) premye verite-a, poutan yo pa kapab di se yon sèl verite si se pa dapre yon sèten rapò (*secundum quid*).

4. An plis, menm jan verite kreye-a pa kapab manifeste-l nan entèlijans-la si se pa ak fòs (*virtute*) verite ki an deyò kreati-yo (*increatea*), konsa tou okenn puisans nan kreati-yo pa kapab fè anyen si se pa ak fòs (*virtute*) puisans ki an deyò kreasyon-an (*potentiae increatae*); nan okenn fason nou pa kapab di tout sa-yo ki gen puisans se yon sèl puisans; donk nan okenn fason nou pa kapab di tout sa ki vre-yo se yon sèl verite-a yo ye.

5. An plis, yo mete Bondye an relasyon (*comparatur*) ak realite-a nan dispozisyon twa kòz-yo, sa vle di efisyen (*effectivae*), egzanzplè (*exemplaris*) epi final (*finalis*), epi dapre sa ki an pròp pou yo chak (*appropriationem*), yo rapòte egzistans realite-yo a Bondye tankou kòz efisyen, verite-a tankou kòz modèl (egzanplè), bonte-a tankou kòz final, menm-si sa ki sengilye-yo kapab rapòte a sa ki sengilye-yo dapre ekspresyon langaj-la; men nan okenn ekspresyon langaj-la (*locutionis*) nou pa di tout byen se yon sèl bonte, tout egzistans yo se yon sèl egzistan; donk nou pa kapab di non plis tout sa ki vre-yo se yon sèl verite-a.

¹⁰⁹ Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 152).

¹¹⁰ Deni, *De caelestia hierarchia*, c. 13, 3 (PG 3, 301 D; Dion. 956).

6. An plis, menm si se nan yon sèl verite an deyò kreati-yo (*increata*) kote tout verite kreye-yo pran modèl (*exemplantur*), poutan se pa menm fason-an yo pran modèl apati li, paske menm lè li gen menm dispozisyon-an pou yo tout (*similiter se habeat*), poutan yo tout pa nan menm dispozisyon-an parapò a li, jan yo di nan liv *Osijè kòz-yo (De causis)*¹¹¹ : se sa-k fè se nan fason diferan verite nesèsè-yo ak verite kontenjan-yo (*contingentium*)¹¹² pran modèl apati li; men divès fason pou imite modèl Bondye-a fè gen divèsite nan realite kreye-yo; donk osans pròp (*simpliciter*) gen plizyè verite kreye.

7. An plis, « verite se adekwasyon realite-a ak entèlijans-la »; men sa-yo ki diferan dapre espès-la (*specie*) pa kapab yon sèl korespondans (*adaequatio*) ak entèlijans-la; donk kòm realite ki vre-yo diferan dapre espès-la, li pa posib pou se yon sèl verite ki egziste pou tout verite-yo

8. An plis, Ogusten di nan douzyèm liv *Osijè Trinite-a (De Trinitate)*¹¹³ ‘Nou dwe kwè nati lespri moun-nan an rapò tèlman sere ak realite entèlijib-yo, sa fè se nan yon limyè spesyal (*sui generis*) li wè tout sa li konnen-yo’; men limyè ki pèmèt nanm nan konnen tout bagay se verite-a; donk verite-a nan menm kategori-prensipal nanm-nan, epi konsa fòk verite-a se yon realite kreye : se sa-k fè nan diferan kreati gen diferan verite.

Repons. Antan n-ap di : jan sa parèt nan sa nou sot di-yo¹¹⁴, yo jwenn verite-a osans pròp (*proprie*) nan entèlijans moun-nan oubyen Bondye, menm jan sante-a nan animal-yo; nan lòt realite-yo menm yo jwenn verite-a poutèt relasyon ak entèlijans-la, tankou yo di « sante »-a¹¹⁵ osijè kèk lòt bagay paske yo retabli oubyen yo konsève sante animal-yo. Donk verite-a nan entèlijans Bondye-a osans pròp (*proprie*) epi an premye; nan entèlijans moun-nan menm, osans pròp men an dezyèm; nan realite-yo osans figure (*improprie*) epi an dezyèm, paske li pa egziste si se pa an rapò ak lòt de verite-yo. Donk verite entèlijans Bondye-a se sèlman yon sèl, apati li plizyè verite dekoule nan entèlijans moun-nan, [[14]] « menm jan apati vizaj yon sèl moun-nan vin gen plizyè resanblans nan glas-la », jan kòmantè-a di

¹¹¹ Nan kòmantè Averoès-la, Comm. 24 (23).

¹¹² *Nesèsè* ak *kontenjan*, se de nosyon fondamantal pou konprann refleksyon sen Toma-yo. *Contingentia* vle di sa ki rive ki te kapab pa rive tou, sa ki egziste ki te kapab pa egziste, donk sa ki pa nesèsè (*neceste* soti nan *ne-cedo* = sa ki pa sispann).

¹¹³ Ogusten, *De Trinitate*, XII, c. 15 (PL 42, 1011).

¹¹⁴ Cf. pi ro-a, a. 2.

¹¹⁵ Egzanp Aristòt-yo deja prezante pi ro-a nan atik 2, *Metafizik*, IV, c. 1 (1003 a 35).

(*glosa*)¹¹⁶ osijè pasaj sa-a « Verite-a diminye nan pami pitit moun-yo »¹¹⁷; verite-yo menm ki nan realite-yo yo plizyè menm jan ak egzistans realite-yo.

Men verite yo di osijè realite-yo an konparezon (*in comparatione*) ak entèlijans moun-nan, li rive yon jan aksidantèl pou realite-yo, paske si sa ta fèt pou entèlijans moun-nan pa ta egziste oubyen pa ta kapab egziste, menm lè sa-a realite-a t-ap kontinye rete nan sa-li-ye-a (*essentia*); men verite yo di osijè yo parapò a (*in comparatione ad*) entèlijans Bondye-a, li akonpagne yo yon fason inseparab (*inseparabiliter concomitatur*), paske yo pa menm kapab kanpe nan egzistans-la si se pa gras a entèlijans Bondye-a ki produi yo nan egzistans-la. Donk verite realite-a rete an premye nan rapò ak entèlijans Bondye-a plis pase ak [entèlijans] moun-nan, paske li an rapò ak entèlijans Bondye-a tankou ak kòz li, parapò ak entèlijans moun-nan menm tankou ak yon efè paske entèlijans-la resevwa konesans-la apati realite-yo : donk konsa, yo di nenpòt ki realite se verite prensipalman sitou parapò a verite entèlijans Bondye-a plis pase parapò a verite entèlijans moun-nan. Donk si yo pran (*accipiatur*) verite-a osans pròp (*proprie dicta*) dapre sa ki fè tout bagay se vre prensipalman-an, lè sa-a tout bagay se vre dapre yon sèl verite-a, sa vle di verite entèlijans Bondye-a : epi se konsa Ansèlm pale osijè verite-a nan liv *Osiyè verite-a (De veritate)*¹¹⁸; men si yo pran (*accipiatur*) verite-a osans pròp dapre jan yo di realite-a se vre an dezyèm-nan, lè sa-a gen plizyè verite pou plizyè sa ki vre-yo, epi menm plizyè verite pou yon sèl sa ki vre nan diferan nanm; si yo pran verite-a nan sans figure (*impropre dicta*) dapre jan yo di tout bagay se vre-a, lè sa-a gen plizyè verite pou plizyè sa ki vre-yo, men sèlman yon verite pou chak sa ki vre. Yo rele (*denominatur*) realite-yo ‘sa ki vre’, apati verite ki nan entèlijans Bondye-a oubyen nan entèlijans moun-nan tankou yo deklare (*denominatur*) yon manje ‘bon pou sante’ (*sanus*) apati sante ki nan animal-yo, men se pa tankou yon fòm ki ta anndan-l menm (*forma inhaerenti*); men apati verite ki nan realite-a menm, ki pa anyen dèt pase yon egzistans ki koresponn a (*adaequata*) entèlijans-la oubyen entèlijans-la k-ap koresponn a li menm, yo deklare-l (*denominatur*) tankou si se yon fòm ki anndan-l (*forma inhaerente*), tankou yo di manje-a ‘bay sante’ (*sanus*) apati kalite li, ki fè yo di li ‘bon pou sante’ (*sanus*).

¹¹⁶ Petrus Lombardus, *Glossa super Ps. XI,2* (PL 191, 155 A).

¹¹⁷ *Psòm* 11,2.

¹¹⁸ Ansèlm, *De veritate*, c.3 (PL 158, 484 c).

1. Pou premye-a donk n-ap di : tan-an konpare (*comparatur*) ak realite tanporèl-yo, tankou mezi-a parapò a sa yo mezire-a; se sa ki montre klè Ansèlm t-ap pale osijè verite sa-a ki se mezi tout realite ki vre-yo, epi sa-a li se yon sèl dapre kantite-a, menm jan tan-an se yon sèl, dapre konklizyon dezyèm agiman-an (*argumento*). Men verite ki nan entèlijans moun-nan oubyen nan realite-yo menm, li pa konpare (*comparatur*) ak realite-a tankou mezi eksteryè epi ki ta an komen ak sa ki jwenn mezi-a, men swa tankou sa yo mezire parapò a mezi-a, jan sa ye osijè verite entèlijans moun-nan, epi konsa fòk li varye dapre varyete realite-yo; swa tankou mezi ki anndan, jan sa ye osijè verite ki nan realite-yo yo menm, epi mezi sa-yo menm fòk yo miltipliye (*plurificari*) dapre divèsite sa yo mezire-yo, tankou gen divès dimansyon pou divès kò-yo.

2. Pou dezyèm-nan nou dakò.

3. Pou twazyèm-nan antan n-ap di verite ki rete lè yo ta detwi realite-yo, se verite entèlijans Bondye-a : epi sa-a osans pròp (*simplificiter*) se yon sèl dapre kantite-a; verite-a menm ki nan realite-yo oubyen nan nanm-nan li varye dapre varyete realite-yo.

4. Pou katriyèm-nan, antan n-ap di, lè yo di 'okenn realite pa pròp verite pa-l', yo konprann sa (*intelligitur*) osijè realite ki gen egzistans-yo okonplè nan nati-a, tankou lè yo di 'okenn realite pa pròp egzistans li' : epi egzistans realite-a se yon sèten realite kreye li ye; epi menm jan-an verite realite-a se yon kichòy kreye li ye.

5. Pou senkyèm-nan, antan n-ap di : verite sa-a nanm-nan jije tout bagay apati li-a, se premye verite-a : anefè menm jan apati verite entèlijans Bondye-a espès realite-yo deja natirèlman koule (*effluunt*) nan entèlijans anj-yo pou yo konnen tout bagay dapre [espès] sa-yo¹¹⁹, konsa tou apati entèlijans Bondye-a verite premye prensip-yo vin soti (*procedit*) tankou dapre modèl-yo (*exemplariter*) antre nan entèlijans nou, se dapre yo [[15]] nou jije tout bagay; epi paske nou pa ta kapab jije gras a yo¹²⁰ si se pa-t poutèt yo se resanblans premye verite-a, se pousa nou di se dapre premye verite-a nou jije osijè tout bagay.

¹¹⁹ Cf. pi lwen, *De veritate*, k. 8, a. 9: *Utrum formae per quas angeli cognoscunt res materiales sint innatae vel a rebus acceptae* (Èske fòm ki pèmèt anj-yo konnen realite materyèl-yo [anj-yo] tou fèt ak yo oubyen yo resevwa-yo apati realite-yo?). Wè tou pi lwen, k. 19, a. 1 epi 2, osijè konesans nanm separe-a.

¹²⁰ Gras a verite premye prensip-yo.

6. Pou sizyèm-nan, antan n-ap di : verite sa-a ki san chanjman-an (*immutabilis*) se premye verite-a, epi sa-a, [senk] sans-yo pa kapab kapte-l ni se pa yon kichòy kreye li ye.

7. Pou setyèm-nan, antan n-ap di : verite kreye-a li menm pa gen kichòy ki ta sanble fo, menm si kreati-a ta gen nenpòt kichòy ki sanble fo : anefè, nan menm mezi yon kreati gen kichòy ki sanble fo, nan menm mezi sa-a li gen defo¹²¹; men verite-a se pa dapre pati ki defisyan nan realite-a li soti, men dapre li kite (*recedit*) defo li pou li vin konfòm ak premye verite-a.

1. Pou premye objeksyon yo te fè nan sans kontrè-a, antan n-ap di : yo jwenn resanblans pròp-la nan toulède sa-k sanble-yo; verite-a menm kòm li se yon konvnan (*quaedam convenientia*) ant entèlijans-la ak realite-a, yo pa jwenn li osans pròp nan toulède men nan entèlijans-la; se sa-k fè kòm se yon sèl entèlijans, sètadi [entèlijans] Bondye-a, kote tout bagay vre epi yo deklare yo se vre dapre konfòmite yo (*conformitatem*) avèk li, fòk tout sa ki vre egziste dapre yon sèl verite-a, menm si nan plizyè sa ki sanble gen divès resanblans.

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di : menm si limyè entèlijib-la pran modèl (*exempletur*) apati limyè Bondye-a, poutan yo di limyè osans pròp (*proprie dicitur*) osijè limyè entèlijib kreye-yo; men yo pa di verite osans pròp (*proprie dicitur*) osijè realite ki pran modèl (*exemplati*) apati entèlijans Bondye-a; se poutèt sa nou pa di yon sèl limyè tankou nou di yon sèl verite-a.

3. Epi menm jan-an n-ap di pou twazyèm-nan osjè koulè-yo, paske yo di koulè-yo tou vizib osans pròp (*proprie dicuntur*), menm si yo pa ka wè yo san limyè-a.

4 – 5. Epi n-ap di menm jan-an pou katriyèm-nan osijè puisans-la ak pou senkyèm-nan osijè egzistans-la.

6. Pou sizyèm-nan, antan n-ap di : menm si yo pran modèl yon fason difòm apati verite Bondye-a, se pa poutèt sa pou yo mete akote (*excluditur quin*) [propozisyon ki di] se nan yon sèl verite realite-yo 'vre' epi se pa nan plizyè lè n-ap pale osans pròp (*proprie loquendo*), paske sa yo resevwa divès fason nan realite ki pran modèl-yo, yo pa di yo se verite osans pròp (*proprie dicitur*) tankou yo di verite osans pròp nan modèl-la.

7. Pou setyèm-nan, antan n-ap di : menm si sa-yo ki diferan dapre espès-la, sou bò kote realite-yo menm se pa ak menm korespondans-la yo koresponn (*una adaequatione non adaequantur*) ak entèlijans Bondye-a, men tout bagay dwe koresponn ak entèlijans Bondye-

¹²¹ Li defisyan.

a ki se yon sèl, epi sou bò kote pa-l se yon sèl korespondans ak tout realite-yo, menm si se pa tout bagay ki koresponn (*adaequentur*) menm jan-an ak li; epi dapre fason sa-a nou sot di-a, verite tout bagay-yo se yon sèl.

8. Pou uityèm-nan, antan n-ap di : Ogusten pale osijè verite ki gen modèl li apati lespri Bondye-a menm epi ki vin nan lespri-nou menm jan resanblans vizaj-la parèt nan glas-la; epi mòd verite sa-yo ki vin trouve (*resultante*) nan nanm nou-yo apati premye verite-a yo anpil, jan nou te di-a. - Swa antan n-ap di : premye verite-a nan yon sèten fason li nan kategori-prensipal (*genere*) nanm-nan, antan nou pran kategori-prensipal-la (*genus*) osans laj (*large accipiendo*) paske yo di tou sa ki entèlijib oubyen enkòporèl (*incorporalia*)¹²² se menm kategori (*genus*) yo ye jan sa di nan *Travay Apot yo XVII,28* « Reyèlman se nan ras li (*genus*) tou nou ye ».

Senkyèm atik

Senkyèmman y-ap mande èske an deyò premye verite-a gen kèk lòt verite ki etènèl?¹²³ Epi yo wè se konsa : anefè, Ansèlm pale nan *Monològ-la*¹²⁴ osijè verite sa yo kapab enonse-yo (*enuntiabilium*) antan-l di « Swa yo ta konprann (*intelligatur*) verite-a gen kòmansman ak finisman, swa yo ta di li pa genyen, verite-a pa kapab fèmen ak okenn kòmansman oubyen finisman ». Men yo kapab konprann tout verite gen kòmansman ak finisman, oubyen pa gen kòmansman ak finisman ; donk verite-a pa fèmen ak okenn kòmansman epi finisman ; men tout sa ki konsa, li etènèl¹²⁵, donk tout verite etènèl. [[16]]

2. An plis, tout sa egzistans-li suiv destriksyon egzistans-li, li etènèl, paske swa yo mete li egziste swa li pa egziste, konsekans-la sèke li la (*est*)¹²⁶, epi si se yon realite fòk yo ta mete yon tan kèlkonk kote swa li egziste swa li pa egziste; men lè yo detwi verite-a conse-

¹²² *Incorporalia* = imateryèl. Paske Bondye imateryèl, epi nanm moun-an imateryèl tou, menm si se pa menm jan-an, Pòl di nou se menm « ras » ak li, se pou sa nou pa kapab konfonn li ak idòl-yo li te wè nan Atèn.

¹²³ Lòt kote Sen Toma trete menm kesyon-an: *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 7; *Super Sententiarum*, I, d. 19, k. 5, a. 3. Se youn nan atik inivèsite Pari-a te rejte an 1241 lè yo te kondane Sen Toma-a.

¹²⁴ Ansèlm, *Monologion*, c. 18 (PL 158, 168 B). Cf. Sen Toma, *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 7.

¹²⁵ Cf. Richard de Saint-Victor, *De Trinitate*, II, c. 4 (PL 196, 903).

¹²⁶ Li egziste.

kans-la sèke verite-a egziste, paske si verite-a pa egziste, se vre verite-a pa egziste, epi anyen pa kapab vre si se pa verite¹²⁷; donk verite-a etènèl.

3. An plis¹²⁸, si verite sa yo kapab enonse-yo (*enuntiabilium*) pa etènèl, donk fòk yo ta montre (*assignare*) yon lè kote pa-t gen verite enonse-yo; men lè sa-a enonse sa-a se te vre 'okenn verite enonse pa egziste'; donk te gen verite yon enonse, epi sa-a se kontrè sa yo te bay la; donk yo pa kapab di verite enonse-a pa etènèl.

4. An plis, Filozòf-la prouve matyè-a etènèl nan premye liv *Fizik-yo (I Physicorum)*¹²⁹, - menm si sa-a fo -, paske li rete apre li defèt (*corruptionem*) epi li te anvan li fèt (*generationem*)¹³⁰, poutèt si li defèt (*corrumpitur*) se nan kichòy li vin defèt, si li vin fèt (*generatur*), se apati kichòy li vin fèt : men se apati matyè-a kichòy vin fèt (*generatur*) epi se nan li kichòy defèt (*corrumpitur*); men menm jan an tou, verite-a si yo mete li defèt oubyen li vin fèt, konsekans-la sèke li egziste anvan li vin fèt epi apre li defèt, paske¹³¹ si sa ki fèt-la chanje sot nan pa-egziste pou vin egziste, epi si sa ki defèt-la soti nan egziste al nan pa-egziste, donk lè se pa verite, se vre verite-a pa egziste, bagay ki pa ta janm kapab posib si verite-a pa la (*nisi veritas sit*)¹³²; donk verite-a etènèl.

5. An plis, tou sa yo pa kapab konprann li pa ta egziste, li etènèl, paske tout sa ki kapab pa-egziste yo kapab konprann li pa egziste; men verite-a, menm nan enonse-yo (*enuntiabilium*) yo pa kapab konprann li pa egziste, paske entèlijans-la pa kapab konprann kichòy sof si li ta konprann sa se verite; donk menm verite enonse-yo (*enuntiabilium*) etènèl.

6. An plis, sa k-ap vini apre (*futurum*) te toujou ap vini apre epi sa ki pase (*praeteritum*) va toujou pase; men apati sa, propozisyon (*propositio* = fraz) osijè sa k-ap vini apre-a se vre paske gen kichòy k-ap vini apre, epi apati sa, propozisyon osijè sa ki pase-a se vre paske gen kichòy ki pase; donk verite propozisyon osijè sa k-ap vini-an te toujou egziste epi verite propozisyon osijè sa ki pase-a ap toujou egziste, epi konsa se pa premye verite-a sèlman ki etènèl men anpil lòt tou.

¹²⁷ Cf. Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 2 epi 15 (PL 32, 886 epi 898).

¹²⁸ Cf. Ansèlm, *Monologion*, c. 18 (PL 158, 168 A).

¹²⁹ Aristòt, *Fizik*, I, c. 15 (192 a 25).

¹³⁰ *Corruptio* = koripsyon, dekonpozisyon, lanmò yon realite ki pa-t toujou la = defèt. *Generatio* = jenerasyon, konpozisyon, aparisyon, anfantman, nesans yon realite ki pa-t toujou la = vin fèt.

¹³¹ Cf. Aristòt, *Fizik*, V, c. 2 (225 a 12 epi 17).

¹³² Sof si verite-a egziste.

7. An plis, Ogusten di nan liv *Osiyè libète chwazi-a* (*De libero arbitrio*)¹³³ : « pa gen anyen ki pi etènèl pase nosyon (*ratio*) sèrk-la (sikonferans-la) epi de plis twa fè senk »; men verite sa-yo se verite kreye; donk an deyò premye verite-a gen kèk verite ki etènèl.

8. An plis, pou verite enonse-a (*enuntiationis*) yo pa bezwen enonse kichòy an akt, men sa sifi pou se kichòy yo kapab fòme yon enonse osijè li; men anvan tè-a te egziste¹³⁴ te gen kichòy yo te kapab fòme enonse osijè li, menm an deyò Bondye; donk anvan tè-a te vin egziste te gen verite enonse-yo; men sa ki te egzistan anvan tè-a li etènèl; donk verite enonse-yo etènèl. Prèv [propozisyon] entèmedyè-a (*probatio mediae*) : tè-a vin fèt apati anyen, sa vle di apre anyen; donk anvan tè-a te egziste te gen pa-egziste li-a; men yo kapab fòme yon enonse ki vre non sèlman osijè sa ki egziste men tou osijè sa ki pa egziste : anefè tankou sa rive pou se vre lè enonse-a di sa ki egziste egziste, konsa tou sa rive pou se vre lè yo enonse sa ki pa egziste pa egziste, jan sa parèt nan premye liv *Osiyè esplikasyon-an* (*I Perihermeneias*)¹³⁵; donk anvan tè-a te egziste te gen dekwa pou yo ta kapab fòme yon enonse ki vre.

9. An plis, tout sa yo konnen, se vre tout tan yo konnen-l; men Bondye te konnen tout sa yo kapab enonse depi [tout] etènite; donk verite tout sa yo kapab enonse egziste depi [tout] etènite, epi konsa gen plizyè verite ki etènèl.

10. Men li t-ap di : apati sa-a konsekans-la sèke se pa poutèt sa yo se verite nan yo menm, men [yo se verite] nan entèlijans Bondye. - Men okontrè, dapre sa ki fè kichòy se verite [[17]] se dapre sa yo konnen yo; men depi etènite-a Bondye konn tout bagay, pa sèlman dapre yo nan lespri li, men tou dapre pròp nati kote yo egziste-a : *Eklezyas XXIII,29* « Bondye Granmèt nou-an konnen tout bagay anvan yo vin kreye, konsa epi dapre pèfeksyon li konnen tout bagay », epi konsa li pa konnen realite-yo diferaman apre yo fin egziste nèt plis pase li te konnen yo depi etènite-a; donk depi etènite-a te gen plizyè verite non sèlman nan entèlijans Bondye-a, men dapre sa verite-a ye-a menm (*secundum se*).

11. An plis, yo di kichòy egziste osans pròp (*simpliciter*) dapre li konplè nan li menm; men nosyon (*ratio*) verite-a konplè nan entèlijans-la; donk si nan entèlijans Bondye-a depi [tout] etènite te

¹³³ Ogusten, *De libero arbitrio*, II, c. 8 (PL 32, 1252); *De immortalitate animae*, c. 4 (PL 32, 1024); cf. Sen Toma, *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 7, ag. 1.

¹³⁴ Cf. Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 2 (PL 32, 886).

¹³⁵ Aristòt, *Perihermeneias*, I, c. 9 (17 a 26).

gen plizyè sa ki vre, nou dwe dakò gen plizyè verite ki etènèl osans pròp (*simpliciter*).

12. An plis, *Sajès I,15* « Jistis egziste tout tan epi li pa ka mouri »; men verite-a se yon pati jistis-la, jan Tulus di nan *Retorik-la*¹³⁶; donk li egziste tout tan epi li imòtèl.

13. An plis, sa ki inivèsèl-yo yo egziste tout tan epi yo pa kapab defèt (*incorruptibilia*); men verite-a inivèsèl nan pi ro degre paske li kapab chanje plas ak (*convertitur cum*) egzistan-an; donk verite-a egziste tout tan epi li pa kapab defèt (*incorruptibilis*).

14. Men li t-ap di : inivèsèl-la pa defèt dapre li menm (*per se*) men aksidantèlman (*per accidens*). - Men okontrè fòk yo rele yon bagay plis apati sa ki ale avèk li dapre sa-l ye li menm (*per se*) pase sa ki ale avèk li aksidantèlman (*per accidens*); donk si n-ap pale osijè verite-a nan li menm (*per se*), li egziste tout tan epi li pa kapab defèt, paske se sèlman paraksidan li defèt oubyen li vin fèt, donk fòk nou dakò lè yo di verite-a yon fason inivèsèl, li etènèl.

15. An plis, depi etènite-a, Bondye te egziste anvan tè-a; donk relasyon priorite-a te nan Bondye depi etènite-a; men depi ou mete youn nan relatif-yo fòk ou mete rès-yo¹³⁷; donk depi etènite-a posteriorite tè-a parapò a Bondye te egziste; donk depi etènite-a te gen kichòy an deyò Bondye ki te reklame nan yon sètèn fason verite-a pou li, epi konsa, se menm jan ak [konklizyon] anvan-an.

16. Men li t-ap di : relasyon priorite ak posteriorite sa-a se pa kichòy nan nati realite-yo, men nan rezon-an (*ratione*) sèlman. - Okontrè, jan Boès di nan fen liv *Osijè Konsolasyon-an (De consolatione)*¹³⁸, Bondye egziste anvan tè-a natirèlman, menm si tè-a ta toujou egziste; donk relasyon priorite sa-a se yon relasyon natirèl, se pa dapre rezon-an sèlman.

17. An plis, verite yon signifkasyon se dwati signifkasyon-an¹³⁹; men depi etènite-a te gen kichòy dwat pou signifye, donk verite signifkasyon-an te egziste depi etènite-a.

18. An plis, depi etènite-a se te vre Papa-a anfanse Pitit-la epi Espri Sen-an vin soti (*processisse*) nan toulède; men sa-yo se plizyè verite; donk plizyè verite egziste depi etènite-a.

¹³⁶ Siseron (Marcus Tullius Cicero), *Rhetorica seu De inventione*, II, c. 53, n. 162.

¹³⁷ Cf. Aristòt, *Praedicamenta (Categoriae)*, c. 7 (7 b 15); Sen Toma, *Super Sententiarum*, I, d. 9, k. 2, a. 1.

¹³⁸ Boès, *De consolatione*, V pr. 6 (PL 63, 859 B).

¹³⁹ Cf. Ansèlm, *De veritate*, c. 2 (PL 158, 470 A); *ibid.*, c. 13 (PL 158, 485 A).

19. Men li t-ap di sa-yo se vre dapre yon sèl verite; se sa-k fè konsekans-la se pa plizyè verite ki egziste depi etènite-a. - Men okontrè, se yon lòt bagay Papa-a se Papa-a epi li anfante Pitit-la; yon lòt bagay Pitit-la se Pitit epi li soufle (*spirat*) Espri Sen-an; men apati sa ki fè Papa-a se Papa-a, sa-a se vre ‘Papa-a anfante Pitit-la’ oubyen ‘Papa-a se Papa-a’, apati sa ki fè Pitit-la se Pitit-la, sa-a se vre ‘Pitit-la se Papa-a ki anfante-l’; donk mòd propozisyon sa-yo pa vre apati yon sèl verite.

20. An plis, menm si moun ak ‘kapasite ri’ (*risibile*) kapab chanje plas youn ak lòt¹⁴⁰, sa pa vle di pou otan se menm verite-a pou toulède propozisyon sa-yo tout tan: ‘moun se moun’ epi ‘moun kapab ri’, paske se pa menm propriete-a [[18]] non ‘moun’-nan deklare ak sa non ‘rizib’-la deklare-a; men menm jan-an, se pa menm propriete ki nan non Papa-a ak non Pitit-la; donk propozisyon yo sot di-yo pa menm verite-a.

21. Men li t-ap di propozisyon-yo pa egziste depi etènite-a. - Men okontrè, depi gen yon entèlijans ki kapab enonse, kapab gen enonse (*enuntiatio*); men depi etènite-a te gen entèlijans Bondye-a ki te konprann Papa-a se Papa-a, Pitit-la se Pitit-la, epi konsa li t-ap enonse oubyen li t-ap di, dèske dapre Ansèlm¹⁴¹, ‘di’ ak ‘konprann’ se menm bagay yo ye nan pi ro degre lespri-a; donk enonse nou sot di-yo egziste depi etènite-a.

Men okontrè, okenn kreati (*nullum creatum*) pa etènèl; tout verite an deyò premye-a se [verite] kreye, donk se sèlman premye verite-a ki etènèl.

2. An plis, egzistan-an ak verite-a, youn kapab pran plas lòt (*convertuntur*)¹⁴²; men se sèlman yon sèl egzistan ki etènèl; donk se yon sèl verite sèlman ki etènèl.

Repons. Antan n-ap di, jan yo te di anvan-an¹⁴³, verite-a gen nan li yon sèten adekwasyon epi yon mezire youn ak lòt (*commensurationem*), se sa-k fè menm jan-an yo rele kichòy ‘verite’ tankou yo rele kichòy ‘mezire ak yon lòt’ (*commensuratum*); kò-a menm yo mezire-l ak mezi sou anndan (*intrinseca*) tankou lign oubyen surfas, oubyen profondè, epi ak mezi sou deyò (*extrinseca*) tankou plas nan yon kote epi mouvman tan-an epi lòn twal; se konsa yo kapab rele

¹⁴⁰ Cf. Porfir, *Isagoge* (ed. Minio-Paluello, p. 20).

¹⁴¹ Ansèlm, *Monologion*, c. 32 epi 63 (PL 158, 186 B epi 209 A).

¹⁴² Cf. Aristòt, *Metafizik*, II, c. 2 (993 b 30).

¹⁴³ Cf. pi ro-a, a. 1.

kichòy 'verite' dapre de mànyè : yon fason apati verite ki anndan-an (*inhaerente*), yon lòt fason apati verite sou deyò-a (*extrinseca*), epi konsa yo di tout realite 'se vre' apati premye verite-a; epi¹⁴⁴ kòm verite ki nan entèlijans-la jwenn mezi apati realite-yo menm, konsekans-la sèke non sèlman verite realite-a se apati premye verite-a yo rele-l, men tou verite entèlijans-la oubyen enonse-a, sa entèlijans-la vle di-a. Nan adekwasyon (*adaequatione*) sa-a, mezire ansanm (*commensuratione*) entèlijans-la ak realite-a sa-a, yo pa bezwen pou toulède ekstrèm [y-ap konpare-yo] ta an akt : anefè entèlijans nou kapab koresponn (*adaequari*) kounye-a ak sa ki gen pou vini men ki pa egziste kounye-a, otreman sa-a pa ta vre [lè nou di] 'antikris-la ap pran nesans'; se sa-k fè yo rele verite sa-a apati verite ki nan entèlijans-la sèlman, menm lè se pa apati realite-a li menm; menm jan-an tou entèlijans Bondye-a ta kapab koresponn (*adaequari*) depi etènite-a ak sa ki pa-t egziste depi etènite-a men ki vin fèt nan tan-an, epi konsa sa yo ki nan tan-an yo kapab rele yo 'verite' depi etènite-a apati verite etènèl-la. Donk si nou pran verite ki rete anndan kreati ki vre-yo, sa nou jwenn nan realite-yo ak entèlijans kreye-a, lè sa-a verite-a pa etènèl, ni bò kote realite-yo, ni bò kote sa yo kapab enonse-yo, paske realite-yo menm oubyen entèlijans kote verite-yo rete-a pa egziste depi etènite-a; men si yo pran verite kreati-yo ki fè yo rele tout bagay 'vre' tankou mezi sou deyò-a ki se premye verite-a, lè sa-a tout verite-yo etènèl, ni nan realite-yo, ni nan sa yo kapab enonse-yo, ni nan entèlijans-la. Epi se kalite etènite verite sa-a Ogusten te vize nan liv *Solilòk*-yo¹⁴⁵, ni Ansèlm nan *Monològ-la*; se pou sa Ansèlm [di] nan liv *Osijè verite-a*¹⁴⁶ « Ou kapab konprann kouman gras a verite enonse-a (*orationis*) mwen te prouve nan *Monològ*¹⁴⁷ mwen-an kijan verite suprèm-nan pa gen kòmansman ni finisman ».

Premye verite sa-a pa ta kapab otreman sinon yon sèl-la. Nan entèlijans nou menm verite-a pa divèsifye sof de fason : yon fason poutèt divèsite sa yo konnen-yo ki fè gen divès konesans osijè yo ki gen kòm konsekans divès verite nan nanm-nan; yon lòt fason apati divès fason pou konprann : anefè kous Sokrat-la se yon sèl realite, men nanm-nan ki konprann tan-an an menm tan l-ap konpoze epi divize jan yo di nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*¹⁴⁸, li konprann kous

¹⁴⁴ Cf. Aristòt, *Metafizik*, X, c. 2 (1053 a 31).

¹⁴⁵ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 2 epi 15 (PL 32, 886 epi 898).

¹⁴⁶ Ansèlm, *De veritate*, c. 18 (PL 158, 168 B).

¹⁴⁷ Ansèlm, *Monologion*, c. 10 (PL 158, 479 A).

¹⁴⁸ Aristòt, *De anima*, III, c. 11 (430 a 31).

Sokrat-la nan divès fason dapre li prezan, li pase oubyen li va rive, epi dapre sa li fòme divès konsèp (*conceptiones*) kote yo jwenn divès verite. Divèsite toulède mòd nou sot di la-a yo pa kapab jwenn yo nan konesans Bondye-a : anefè li pa gen divès konesans osijè divès realite-yo men ak yon sèl konesans li konnen tout bagay, paske se gras a ‘sa-li-ye-a’ (*per essentialiam suam*) li konnen tout bagay, ‘li pa mete realite-yo youn pa youn nan konesans li’ jan Deni di nan liv *Osijè non Bondye (De divinis nominibus)*¹⁴⁹; menm jan-an tou konesans li pa depann de okenn tan, paske se nan etènite-a li mezire an deyò tout tan, antan li kenbe tout tan nan li. Se pou sa nou rete [ak konklizyon] pa gen plizyè verite ki egziste depi etènite-a.

1. Pou premye-a menm, antan n-ap di : tankou Ansèlm li menm montre (*exponit*) nan liv *Osijè verite-a*¹⁵⁰, kote li di verite enonse-yo pa ret fèmen nan kòmansman ak nan finisman, « pa paske fraz-la (*oratio*) ta egziste san kòmansman (*absque principio*), men paske yo pa kapab konprann li si fraz-la ta egziste epi verite-a ta manke », li t-ap pale osijè fraz sa-a kote yo vle di kichòy ki gen pou vini se vre, sa montre li pa-t vle prouve (*astruere*) verite ki rete anndan realite kreye-yo (*inhaerentem*) oubyen fraz-la ta san kòmansman ni finisman, men li te [vize] premye verite-a kote apati li tankou apati mezi sou pa deyò yo di enonse-a se vre.

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di an deyò nanm-nan nou jwenn de [bagay], sètadi realite-a li menm epi negasyon ak privasyon realite-a, epi de sa-yo se pa menm jan-an yo ye parapò a entèlijans-la : realite-a li menm, apati espès li genyen, li koresponn (*adaequatur*) ak entèlijans Bondye-a tankou èv artistik-la [koresponn] ak art-la, epi poutèt (*ex virtute*) menm espès sa-a li fèt pou li koresponn (*adaequare*) ak entèlijans nou paske se gras a resanblans li nanm-nan resevwa-a li fè konnen pròp tèt pa-l; men sa ki pa egziste yo konsidere an deyò nanm-nan, li pa gen kichòy kote li ta kapab koresponn (*coaequatur*) ak entèlijans Bondye-a, ni kote konesans li ta kapab fèt nan entèlijans nou, se sa ki fè nenpòt sa ki ta koresponn (*adaequetur*) ak entèlijans-la se pa apati pa-egzistan-an li menm, men apati entèlijans-la li menm ki resevwa nosyon (*ratio*) pa-egzistan-an nan li menm. Donk realite-a, ki se kichòy pozitif an deyò nanm-nan, gen kichòy nan li kote yo kapab di li se vre, donk se pa ‘pa-egzistan’ realite-a, men se nenpòt ki verite yo deklare osijè li (*ei attribuitur*) apati

¹⁴⁹ Deni, *De divinis nominibus*, c. 7,2 (PG 3, 869 B).

¹⁵⁰ Ansèlm, *De veritate*, c. 10 (PL 158, 479 A).

entèlijans-la. Donk lè yo di ‘verite-a pa egziste’, se vre, kòm verite yo vle di la-a se osijè pa-egzistan-an, li pa gen anyen sof nan entèlijans-la : se sa-k fè lè yo detwi verite ki nan realite-a pa gen anyen dòt ki suiv an konsekans pase verite ki nan entèlijans-la, epi konsa sa parèt yo pa kapab rive nan okenn lòt konklizyon pase [di] verite ki nan entèlijans-la li etènèl; epi fòk sètènman li nan yon entèlijans ki etènèl, epi sa-a se premye verite-a; se sa-k fè apati rezon sa-a nou sot di-a yo montre se sèlman premye verite-a ki etènèl.

3 – 4. Epi apati sa solisyon pou twazyèm-nan ak katriyèm-nan parèt.

5. Pou senkyèm-nan, antan n-ap di : li pa posib pou yo konprann osans pròp (*simpliciter*) verite-a pa egziste. Yo ta kapab konprann okenn verite kreye pa egziste, tankou yo kapab konprann okenn kreati pa egziste : anefè, entèlijans-la kapab konprann tèt pa-l pa ta egziste epi li pa ta konprann tèt pa-l, menm si li pa janm konprann san li pa ta egziste oubyen konprann; men li pa obligatwa pou nenpòt ki entèlijans ki konprann ta konprann sa konprann-nan ye, paske li pa toujou reflechi sou pròp tèt pa-l; epi konsa pa gen enkonvegnan si verite kreye-a konprann li pa egziste menm si san li pa gen mwayen konprann.

6. Pou sizyèm-nan, antan n-ap di : sa ki gen pou vini antan li gen pou vini, li pa egziste, epi menm jan-an, sa ki pase antan se konsa-l ye : se sa ki fè se menm rezònman-an (*ratio*) osijè verite sa ki pase-yo ak sa k-ap vini-yo tankou osijè verite sa ki pa-egzistan-an, apati li yo pa kapab rive nan konklizyon di okenn verite etènèl sof premye-a, jan yo di pi ro-a.

7. Pou setyèm-nan, antan n-ap di : paròl Ogusten-an se pou nou konprann sa-yo ki etènèl-yo, se dapre yo nan lespri Bondye-a; oubyen fò nou ta konprann etènèl-la nan sans pou tout tan (*pro perpetuo*)¹⁵¹.

8. Pou uityèm-nan, antan n-ap di : menm si yo ta kapab fè yon adekwasyon ki vre osijè egzistan-an ak pa-egzistan-an, sa pa vle di pou otan egzistan-an ak pa-egzistan-an se menm jan-an yo ye parapò a verite-a jan sa parèt apati sa yo sot di-a, nan yo, solisyon objeksyon-an deja parèt.

9. Pou nevyèm-nan, antan n-ap di : depi etènite-a Bondye te konnen plizyè bagay yo kapab enonse men se ak yon sèl konesans li te konnen tout plizyè sa-yo, se sa-k fè depi etènite-a se yon sèl verite

¹⁵¹ Osijè distenksyon ant *etènèl* ak *pèpetyèl*, cf. Boès, *De consolatione*, V pr. 6 (PL 63, 860).

ki te egziste, se apati li konesans Bondye te vre osijè plizyè realite-yo ki ta vin egziste nan tan-an.

10. Pou dizyèm-nan, antan n-ap di : tankou sa parèt apati sa yo sot di-a, entèlijans-la koresponn (*adaequatur*) non sèlman ak sa ki egziste an akt-yo men tou ak sa ki pa egziste an akt-yo, sitou entèlijans Bondye-a ki pa gen anyen ki pase pou li oubyen ki ta gen pou vini : se sa-k fè menm si realite-yo pa ta egziste depi etènite-a nan pròp nati-yo, entèlijans Bondye-a menm te koresponn a realite-yo nan pròp nati yo tapral egziste nan tan-an, epi konsa li te gen konesans ki vre osijè realite-yo depi etènite-a, menm nan pròp nati-yo, menm si verite realite-yo pa-t egziste depi etènite-a.

11. Pou onzyèm-nan, antan n-ap di : menm si nosyon (*ratio*) verite-a ta konplè nan entèlijans-la, nosyon (*ratio*) realite-a pa konplè nan entèlijans-la : se sa ki fè, menm si yo kapab dakò (*concedatur*) osans pròp (*simpliciter*) verite tout realite-yo te egziste depi etènite-a paske li te nan entèlijans Bondye-a, men yo pa kapab dakò (*concedi*) osans pròp (*simpliciter*) realite ki vre-yo te egziste depi etènite-a poutèt yo te [egziste] nan entèlijans Bondye-a.

12. Pou douzyèm-nan, antan n-ap di : yo konprann sa-a osijè jistis Bondye-a, oubyen si yo ta konprann li osijè jistis moun-nan, lè sa-a yo di li pou tout tan (*perpetua*), tankou nou di dife toujou monte poutèt panchan (*inclinationem*) natirèl li sof si yo ta anpeche-¹⁵² : epi poutèt vèrtu-a, jan Tulus di-a¹⁵³, se « dispozisyon (*habitus*) nan fason natirèl ki dakò (*consentaneus*) ak rezon-an », poutèt se nati vèrtu-a pou l genyen yon panchan (*inclinatio*) ki pa kapab defèt (*indeficientem*) pou akt li-a menm-si pafwa li ta jwenn anpèchman; epi se pou sa tou nan kòmansman liv *Digestorum*-nan¹⁵⁴ yo di « jistis-la se volonte konstan epi pou tout tan pou remèt (*tribuere*) chak moun sa ki pou li dapre la-lwa (*ius suum*) ». Epi verite n-ap pale osijè li kounye-a li pa yon pati nan jistis-la, men se verite ki egziste nan deklarasyon (*confessionibus*) yo fè nan jijman-an.

13. Pou trèzyèm-nan, antan n-ap di : sa yo di ki inivèsèl, li egziste pou tout tan epi li pa kapab defèt, Avisèn montre sa (*exponit*) nan de fason¹⁵⁵ : yon fason kote yo kapab di li egziste pou tout tan epi li pa kapab defèt poutèt (*ratione*) [endividi] patikilye-yo, ki pa janm

¹⁵² Cf. Aristòt, *Topica*, I, c. 7 (103 a 29); *Fizik*, II, c. 1 (192 b 36).

¹⁵³ Siseron (Marcus Tullius Cicero), *De inventione*, II, c. 53, n. 159.

¹⁵⁴ *Digesta*, I, tit. 1, lwa 10 (ed. Mommsen, p. 1).

¹⁵⁵ Avisèn, *Sufficientia*, I, c. 3 (f. 15v), dapre edisyon laten tèks liv Avisèn ki rele *Al-Shifa* an arab ki te rasanble divès liv Aristòt (Veniz, 1508).

te kòmanse ni pap defèt dapre sa-yo ki konsidere tè-a etènèl (*tenentes aeternitatem mundi*)¹⁵⁶, - dapre filozòf-yo¹⁵⁷ vin fèt-la (*generatio*) se pou sove egzistans espès-la pou tout tan, sa li pa ta kapab sove nan endividi-yo -; lòt fason kote yo ta kapab di li egziste pou tout tan paske li pa defèt poutèt li menm (*per se*) men paraksidan lè endividi-a defèt.

14. Pou katòzyèm-nan, antan n-ap di : yo deklare kichòy osijè yon bagay poutèt li menm (*per se*) de fason : yon fason pozitif, tankou yo deklare dife monte al anro, epi se apati konsiderasyon poutèt li menm sa-a (*per se*) yo plis bay kichòy non, pase apati sa li ye paraksidan; anefè nou plis di dife-a al anro epi fè pati sa yo ki ale anro-yo pase sa-yo ki ale anba-yo jan sa parèt nan fè ki chofo-a (*in ferro ignito*). Men gen de lè yo deklare kichòy dapre li menm (*per se*) osijè yon bagay apati yon soustraksyon (*remotionis*), poutèt paregzanp yo retire nan li sa-yo ki fèt pou kondui-l nan yon dispozisyon kontrè : se sa ki fè si paraksidan kichòy ta vin rive pou yo, yo ta enonse (*enuntiatur*) dispozisyon kontrè sa-a osans pròp; tankou yo deklare inite-a dapre li menm (*per se*) pou matyè premyè-a, pa paske yo mete kèk fòm ki ta ini li, men paske yo retire fòm-yo k-ap divèsifye-l, se sa ki fè [[21]] lè fòm k-ap distenge-yo vin rive sou matyè-a, yo plis di osans pròp (*simpliciter*) gen plizyè matyè pase yon sèl-la. Epi se konsa sa ye pou sa n-ap konsidere-a : anefè, yo pa di inivèsèl-la pa kapab defèt kòm si li ta gen kèk fòm ki anpeche defèt-la men paske dispozisyon materyèl-yo ki se kòz defèt-la nan endividi-yo pa ale avèk li dapre sa-l ye-a (*secundum se*); se pou sa inivèsèl-la ki egziste nan realite patikilye-yo yo di li defèt osans pròp (*simpliciter*) nan sa-a oubyen nan lòt-la.

15. Pou kenzyèm-nan, antan n-ap di : kòm lòt kategori-prensipal-yo (*alia genera*) poutèt se konsa yo ye yo mete kichòy nan nati realite-a, - anefè, kantite-a poutèt menm li se kantite-a, li di 'kichòy' -, se sèlman relasyon-an poutèt se konsa-l ye-a ki pa mete kichòy nan nati realite-yo, paske li pa deklare 'kichòy', men 'rapò ak kichòy' (*non praedicat aliquid sed ad aliquid*) : se sa-k fè yo jwenn kèk relasyon ki pa mete anyen nan nati realite-yo men sèlman nan rezon-an; sa-a menm kapab rive nan kat fason dapre sa yo ka pran apati sa Filozòf-la¹⁵⁸ ak Avisèn¹⁵⁹ te di-a. Yon fason tankou lè kichòy

¹⁵⁶ Sa-yo se : Aristòt, *Averoès epi Avisèn jan sen Toma di nan Super Sententiarum*, II, d. 1, k. 1, a. 5.

¹⁵⁷ Cf. Aristòt, *De anima*, II, c. 7 (415 b 2); *De gen. animal.* II, c. 1 (731 b 18 ss); cf. Sen Toma, *Super Sententiarum*, II, d. 20, k. 1, a. 1, ag 3.

¹⁵⁸ Cf. Aristòt, *Metafizik*, V, c. 11 epi 17 (1018 a 7 ss epi 1021 a 26); *ibid.* X, c. 8 (1056 b 32).

fè referans a pròp tèt pa-l, tankou lè yo di ‘menm bagay-la se menm bagay-la pou menm bagay-la’¹⁶⁰ : anefè, si relasyon sa-a ta mete kichòy nan nati realite-yo antan li ajoute sou li sa yo di ki menm-nan, sa ta fè nou ale san rete nan relasyon-yo (*esset in infinitum procedere in relationibus*), paske menm relasyon sa-a ki fè yo ta di kèk realite se ta menm-nan poutèt pa-l se poutèt kèk lòt relasyon, epi konsa san fen (*in infinitum*). Dezyèmman lè relasyon sa-a menm ta rapòte a (*referatur*) kichòy : anefè yo pa kapab di ‘patènite’-a an rapò ak sijè li-a poutèt kèk relasyon intèmedye (*aliquam relationem mediam*), paske menm relasyon entèmedye sa-a ta bezwen yon lòt relasyon entèmedye epi konsa san fen (*in infinitum*), se sa-k fè relasyon sa-a ki vle di rapò (*comparatione*) patènite-a ak sijè-a li pa egziste nan nati realite-yo men nan rezonman-an sèlman. Twazyèmman lè youn nan relatif-yo depann de lòt-la san se pa visvèsa : se sa-k fè relasyon syans-la ak sa yo kapab konnen-an (*scibile*) se kichòy nan nati realite-yo, men se pa konsa pou relasyon sa yo kapab konnen-an ak syans-la, se nan rezon-an sèlman. Katriyèmman lè yo konpare egzistan-an ak pa-egzistan-an, tankou lè nou di nou egziste anvan sa ki va egziste apre nou-yo : otreman konklizyon-an sèke ta kapab genyen relasyon san fen nan menm bagay-la si vin fèt-la ta kontinye san fen alavni. Donk sa parèt apati de dènye-yo, relasyon priorite-a pa mete anyen nan nati realite-yo men nan entèlijans-la sèlman, swa paske Bondye pa depann de kreati-yo, swa paske priorite sa-a konsène (*dicit*) konparezon egzistan-an ak pa-egzistan : se sa-k fè apati sa-a konsekans-la sèke pa gen lòt verite etènèl si se pa nan entèlijans Bondye-a puiske se li menm sèl ki etènèl; epi sa-a se premye verite-a.

16. Pou sèzyèm-nan, antan n-ap di : menm-si nati Bondye vini anvan realite kreye-yo, sa pa vle di pou otan relasyon sa-a se yon relasyon dapre nati, men poutèt yo konprann li apati konsiderasyon nati, sa yo di ki vin anvan-an epi sa yo di ki vin apre-a, tankou yo di sa yo kapab konnen-an (*scibile*) vin anvan dapre nati pase syans-la menm-si relasyon sa yo kapab konnen-an ak syans-la se pa ‘kichòy’ nan nati realite-yo.

17. Pou disetyèm-nan, antan n-ap di : lè yo di gras a signifikasyon sa ki pa egziste-a yo bay signifikasyon kichòy kòrèk, yo dwe konprann sa dapre lòd realite ki egziste-yo nan entèlijans Bondye-a, tankou sa kòrèk [pou di] yon kòf ki pa egziste se yon kòf ki gen

¹⁵⁹ Cf. Avisèn, *Metafizik*, III, c. 10 (f. 83v E-G).

¹⁶⁰ *Idem eidem idem* = menm-nan se menm-nan pou menm-nan. Egzanp Aristòt bay nan *Metafizik*, V, c. 9 (1018 a 9).

kouvèti dapre dispozisyon art-la nan atis-la : se sa-k fè yo pa kapab genyen non plis apati sa pou yon lòt verite ta etènèl pase premye-a.

18. Pou dizuityèm-nan, antan n-ap di : nosyon (*ratio*) sa ki vre-a fonde sou egzistan-an; menm si nan sa-yo ki konsèn Bondye-a yo mete plizyè pèrsòn ak karakteristik pròp, men la se yon sèl egziste yo mete paske yo pa di egziste-a nan sa-yo ki konsèn Bondye-a si se pa dapre sa-li-ye-a (*essentialiter*); epi se pou sa tout enonse yo kapab fè-yo : ‘Papa-a egziste oubyen li anfanste, epi Pitit-la egziste oubyen yo anfanste-l epi lòt menm jan-an’, poutèt yo mete yo an rapò ak realite-a, se yon sèl verite, ki se premye verite-a ki etènèl. [[22]]

19. Pou diznevyèm-nan, antan n-ap di : menm si se yon lòt bagay ‘Papa-a se Papa-a’ epi ‘Pitit-la se Pitit-la’ paske premye-a se patènite epi lòt-la se filiasyon, poutan se menm egziste-a Papa-a egziste epi Pitit-la egziste paske toulède egziste gras a esans Bondye-a (sa Bondye ye-a) ki se yon sèl. Nosyon (*ratio*) verite sa-a pa fonde sou nosyon patènite-a ak filiasyon-an poutèt se konsa yo ye, men sou nosyon egzistans-la; donk patènite-a ak filiasyon-an se yon sèl esans epi sa fè se yon sèl verite pou toulède.

20. Pou ventyèm-nan, antan n-ap di : karakteristik pròp non ‘moun’-nan ak ‘rizib’-la deklare-a se pa menm bagay dapre esans-la ni yo pa gen yon sèl akt egzistans-la tankou sa ye pou patènite-a ak filiasyon-an, epi sa fè yo pa menm jan.

21. Pou venteinyèm-nan, antan n-ap di : nenpòt ki fason, entèlijans Bondye-a konnen ak yon sèl konesans sa ki diferan-yo epi sa ki gen nan yo-menm divès verite; se sa-k fè pi plis toujou se apati yon sèl konesans li konnen tout sa yo kapab konprann konsa osijè pèrsòn-yo; se sa-k fè tou se yon sèl verite-a pou yo tout.

Sizyèm atik

Sizyèmman y-ap mande èske verite kreye-a pa kapab chanje?¹⁶¹ Epi yo wè se konsa : Ansèlm di nan liv *Osiyè verite-a*¹⁶² « Mwen wè rezon sa-a prouve verite-a rete san mouvman (*immobitem*) »; rezònman premis-la menm se te osijè verite signifikasyon-an jan sa parèt apati premis-yo; donk verite enonse-yo pa kapab chanje, epi pou menm rezon-an verite realite-a li endike-a (*veritas rei quam significat*).

2. An plis, si verite enonse-a chanje, li chanje nan pi ro degre apati chanjman realite-a; men lè realite-a chanje, verite propozisyon-

¹⁶¹ Sen Toma trete kesyon sa-a tou nan *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 8.

¹⁶² Ansèlm, *De veritate*, c. 13 (PL 158, 485 C).

an rete, donk verite enonse-a pa kapab chanje. Prèv rezon entèmèdyè-a : dapre Ansèlm, verite-a se yon sèten dwati dapre mezi kichòy realize (*implet*) sa li resevwa nan lespri Bondye-a¹⁶³; men propozisyon sa-a 'Sokrat chita'¹⁶⁴ resevwa nan lespri Bondye-a pou-l ta signifye [kondisyon] Sokrat ki chita-a, se sa li vle di menm-si Sokrat pa chita; donk menm Sokrat ki pa chita-a rete nan verite sa-a, epi konsa verite propozisyon sa-a pa chanje menm-si realite-a chanje.

3. An plis, si verite-a chanje, sa pa kapab fèt si yo pa chanje sa verite-a rete ladan-l nan, tankou yo pa di okenn fòm chanje si sijè-l pa chanje; men verite-a pa chanje apati chanjman sa ki vre-yo, paske lè sa ki vre-yo vin detwi, verite-a toujou rete jan Ogusten¹⁶⁵ ak Ansèlm¹⁶⁶ prouve-a; donk verite-a pa kapab chanje menm.

4. An plis, verite realite-a se koz verite propozisyon-an : « anefè apati sa realite-a ye oubyen pa ye, yo di fraz-la vre oubyen fo »¹⁶⁷; men verite realite-a pa kapab chanje; donk verite propozisyon-an non plis. Prèv rezon nan mitan-an : nan liv *Osiyè verite-a*, Ansèlm¹⁶⁸ prouve verite enonse-a rete san chanjman (*immobilem*) dapre jan li realize (*implet*) sa li resevwa nan lespri Bondye-a; men menm jan-an tou nenpòt ki realite realize sa li resevwa nan lespri Bondye-a pou-l te genyen-an; donk verite nenpòt ki realite pa kapab chanje.

5. An plis, sa ki rete lè tout chanjman fin fèt nèt, li pa janm chanje; anefè nan chanjman koulè-yo nou pa di surfas-la chanje, paske li rete kèlkeswa chanjman koulè ki fèt; men verite-a rete nan realite-a kèlkeswa chanjman realite-a ki fèt, paske egzistan-an ak verite-a kapab chanje plas; donk verite-a pa kapab chanje.

6. An plis, kote gen menm koz-la se menm efè-a tou; men se menm realite-a ki se koz verite [[23]] twa propozisyon sa-yo¹⁶⁹ : Sokrat chita, pral chita epi te chita, sa vle di [kondisyon] Sokrat ki chita-a (*sessio*); donk verite yo-a se menm-nan. Men, si youn nan twa sa nou sot di-yo se vre, obligatwaman fòk menm jan-an tou lòt de yo toujou vre : anefè si yon lè se vre Sokrat chita, se te toujou vre e se va toujou vre Sokrat te chita oubyen Sokrat pral chita; donk twa propozisyon-yo se menm jan-an yo ye parapò a yon sèl verite-a, epi

¹⁶³ Ansèlm, *De veritate*, c. 7 (PL 158, 475 B-C).

¹⁶⁴ Aristòt, *Topica*, VIII, c. 10 (160 b 27); *Metafizik*, IV, c. 4 (004 b 2).

¹⁶⁵ Ogusten, *Soliloquiorum*, I, c. 15 (PL 32, 884).

¹⁶⁶ Ansèlm, *De veritate*, c. 13 (PL 158, 485 B).

¹⁶⁷ Aristòt, *Praedicamenta (Categoriae)*, c. 5 (4 b 8).

¹⁶⁸ Ansèlm, *De veritate*, c. 13 (PL 158, 485).

¹⁶⁹ Cf. Sen Toma, *Summa theologiae*, I, k. 14, a. 5, ad 3.

konsa li pa kapab chanje; donk se menm rezònman-an pou kèlkeswa lòt verite.

Men okontrè, lè koz-yo chanje, efè-yo chanje; men realite sa ki se koz verite propozisyon-an kapab chanje; donk verite propozisyon-yo kapab chanje.

Repons. Antan n-ap di : yo di kichòy chanje nan de fason : yon fason paske li se sijè (*subjectum*) chanjman-an, tankou lè nou di kò-a kapab chanje, epi konsa okenn fòm pa kapab chanje, epi konsa yo di¹⁷⁰ « fòm-nan konstitiye (*consisteri*) apati yon sa-li-ye ki pa kapab chanje »; se sa ki fè, kòm yo signifeye verite-a dapre fason fòm-nan, kesyon [n-ap poze] kounye-a, se pa èske verite-a kapab chanje nan fason sa-a; lòt fason yo di kichòy chanje se paske chanjman-an fèt dapre pròp tèt pa-l, tankou nou di blanchè-a fè chanjman paske kò-a vin yon lòt jan dapre koulè blan-an; epi konsa yo mande osijè verite-a èske li kapab chanje.

Pou montre sa, fòk nou konnen bagay chanjman-an fèt parapò a li-a, gen de lè yo di li chanje, gen de lòt lè li pa chanje : anefè, lè li rete anndan sa l-ap mete an mouvman-an dapre pròp tèt pa-l la, lè sa-a ni li menm tou yo di li chanje, tankou yo di blanchè-a oubyen kantite-a chanje lè kichòy vin chanje dapre sa, poutèt yo menm menm yo vin suiv youn lòt nan sijè-a dapre chanjman sa-a; lè bagay-la chanjman fèt parapò a li-a li sou deyò (*extrinsecum*), lè sa-a nan chanjman sa-a, li pa deplase men li kontinye imobil, tankou yo pa di 'kote'-a ap deplase lè yon moun ap deplase lokalman, - se sa-k fè twazyèm liv *Fizik*-yo¹⁷¹ di : « kote-a se stasyon (*terminus*) ki kenbe antan li imobil » -, poutèt nan mouvman lokal-la, yo pa di gen yon seri 'kote' nan yon 'lokalizasyon', men yo di pi plis anpil 'lokalizasyon' nan yon sèl 'kote'. Men pou fòm ki rete anndan-yo, sa yo di ki chanje nan chanjman sijè-a, gen de fason yo kapab chanje; anefè yo di fòm jenerik-yo chanje yon jan epi fòm spesifik-yo yon lòt jan : fòm spesifik-la, apre chanjman-an li pa rete menm-nan ni dapre akt egzistans-la ni dapre rezon-an, tankou blanchè-a pa rete nan okenn fason lè gen yon alterasyon ki fèt; men fòm jenerik-la apre chanjman-an fin fèt, li rete menm jan-an dapre rezon-an, pa dapre akt egzistans-la, tankou lè yo chanje blan an nwa, koulè-a rete dapre nosyon komen (*communem rationem*) koulè-a, men pa nan menm espès koulè-a.

¹⁷⁰ Cf. *Liber sex principiorum*, I (ed. Minio-Paluello, p. 35).

¹⁷¹ Se ta pito *Fizik*, IV, c. 14 (212 a 20)

Men nou te di pi ro-a¹⁷² yo rele kichòy verite apati premye verite-a prèske tankou yon mezi sou deyò, men osijè verite ki rete anndan-an (*inhaerente*) prèske tankou yon mezi sou anndan (*intrinseca*) : se sa-k fè kreati-yo varye nan patisipasyon nan premye verite-a, men premye verite-a li menm pa chanje nan okenn fason, se dapre-li yo di sa ki vre, se sa Ogusten di nan liv *Osijè libète chwazi-a*¹⁷³ « Lespri nou-yo gen de lè yo wè plis, gen de lè yo wè mwens osijè verite-a li menm, men li menm li rete nan pròp tèt pa-l (*in se manens*) li pa ni profite (*proficit*) ni regrese (*deficit*) »; donk si nou pran verite ki rete anndan realite-yo, lè sa-a yo di verite-a chanje nan mezi kèk bagay chanje dapre verite-a.

Se sa-k fè, jan nou te di anvan-an¹⁷⁴, yo jwenn verite-a nan kreati-yo nan de [fason], nan realite-yo menm epi nan entèlijans-la, - anefè verite aksyon-yo vin antre nan verite realite-a epi verite enonse-a vin antre anba [[24]] verite entèlijans-la li vle di-a (*significat*)¹⁷⁵ -, men yo di realite-a vre an konparezon ni ak entèlijans Bondye-a ni ak entèlijans moun. Donk si yo pran verite realite-a dapre oryantasyon-li parapò a entèlijans Bondye-a, lè sa-a menm verite realite ki kapab chanje-a va chanje nan yon lòt verite men pa an fòste : anefè verite-a se fòm jeneral ki nan pi ro degre-a paske verite-a ak egzistan-an youn ka chanje plas ak lòt; se sa ki fè tankou lè nenpòt ki chanjman fèt realite-a toujou yon egzistan menm si li vin yon lòt [egzistan] diferan dapre lòt fòm-nan ki ba li akt egziste-a, konsa li toujou rete verite men yon lòt verite, paske kèlkeswa fòm oubyen privasyon li vin genyen nan chanjman-an, li toujou konfòm dapre sa ak entèlijans Bondye-a ki konnen-l konsa jan-l ye-a dapre nenpòt ki dispozisyon. Men si nou konsidere verite realite-a parapò a entèlijans moun-nan oubyen visvèsa, lè sa-a gen de lè chanjman-an fèt sot nan verite al nan manti, gen de lè menm sot nan yon verite al nan yon lòt.

Anefè kòm « verite-a se adekwasyon realite-a ak entèlijans-la », men si yo retire¹⁷⁶ sa-yo ki egal-la sot nan [realite] ki egal-yo, yo toujou rete egal, menm si se pa ak menm egalite-a, fòk menm jan-an lè entèlijans-la ak realite-a chanje ta rete kèk lòt verite, tankou si lè Sokrat chita yo konprann li chita epi si apre li pa ta chita yo ta kon-

¹⁷² Atik 5.

¹⁷³ Ogusten, *De libero arbitrio*, II, c. 12 (PL 32, 1259).

¹⁷⁴ Atik 2.

¹⁷⁵ Cf. Ansèlm, *De veritate*, c. 2 epi 5 (PL 158, 469 epi 472).

¹⁷⁶ Cf. Euklid, *Elementa geometriae*, I, dapre tradiksyon Adelardus de Bath, Versio II (ed. Veniz 1482, f. 2v).

prann li pa chita. Men, paske si yo ta retire kichòy nan youn nan sa ki egal yo epi [yo pa retire] anyen nan lòt-la, oubyen si yo ta retire nan toulède [sa-yo ki pa egal-yo], nesèsèman se yon inegalite k-ap vin sot la, ki trouve-l parapò a foste-a menm jan egalite-a parapò a verite-a, se sa-k fè si gen yon entèlijans ki nan verite epi realite-a ta chanje san entèlijans-la pa chanje oubyen visvèsa, oubyen ankò toulède chanje men se pa menm jan-an, se yon foste k-ap soti la epi konsa verite-a va chanje an foste : tankou¹⁷⁷ si Sokrat egziste antan li blan epi yo ta konprann li blan, entèlijans-la se vre; men si apre yo konprann li nwa alòske Sokrat rete blan, oubyen visvèsa, Sokrat ta chanje vin nwa alòske yo konprann li blan, oubyen li ta chanje vin pal epi yo ta konprann se rouj li vin ye, ta gen foste nan entèlijans-la. Epi konsa sa parèt ki kalite verite ki kapab chanje epi ki kalite verite ki pa chanje.

1. Pou premye-a, antan n-ap di : la-a Ansèlm t-ap pale osijè premye verite-a poutèt dapre li yo di tout bagay se vre prèske dapre yon mezi sou deyò (*extrinseca*).

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di : paske entèlijans-la reflechi sou pròp tèt pa-l epi li konprann pròp tèt pa-l tankou lòt realite-yo tou jan yo di nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*¹⁷⁸, se pou sa sa ki konsène (*pertinent*) entèlijans-la, nan sa-k gen pou wè ak nosyon (*ratio*) verite-a, yo kapab konsidere-yo nan de fason : yon premye fason dapre yo se yon realite kèlkonk, epi lè sa-a se nan menm fason-an yo di verite-a osijè li tankou osijè lòt realite-yo, tankou paregzanp, yo di realite-a se vre paske li ranpli sa li resevwa nan lespri Bondye-a antan li kenbe pròp nati li, sa ki te distribiye (*dispensata*) ba li-a nan lespri Bondye-a, sa yo pa kapab retire sot nan li-a tout tan enonse sa-a rete la; lòt fason-an se dapre yo konpare-l ak realite-yo konprann yo, epi konsa yo di enonse-a se vre lè li koresponn ak realite-a, epi verite sa-a chanje jan yo di-a.

3. Pou twazyèm-nan, antan n-ap di : verite ki rete lè realite ki vre-yo detwi-a, se premye verite-a, ki pa chanje menm lè realite-yo chanje.

4. Pou katriyèm-nan, antan n-ap di : si realite-a rete, pa gen chanjman ki kapab fèt osijè li parapò a sa-yo ki esansyèl pou li-a (*sunt sibi essentialia*), tankou li esansyèl pou enonse-a vle di sa yo te mete-l pou-l vle di-a : se sa ki fè konklizyon-an se pa [di] verite realite-a pa kapab chanje nan okenn ka, men li pa kapab chanje dapre sa ki esansyèl nan realite-a lè realite-a rete la, - men nan-yo, chanjman

¹⁷⁷ Egzanp sa-a soti nan Aristòt, *Metafizik*, V, c. 9 (1017 a 34).

¹⁷⁸ Aristòt, *De anima*, III, c. 9 (430 a 2).

rive lè realite-a defèt -. Men dapre chanjman aksidantèl-yo, sa kapab rive menm lè [[25]] realite-a rete la : epi konsa dapre sa ki aksidantèl-yo, kapab vin gen chanjman nan verite realite-a.

5. Pou senkyèm-nan, antan n-ap di : lè tout chanjman fèt, verite-a rete men se pa menm nan, jan sa nou sot di-a montre-a (*patet*).

6. Pou sizyèm-nan, antan n-ap di : idantite verite-a pa depann tèmman de idantite realite-a men de idantite entèlijans-la, tankou idantite efè-a depann de idantite ajan-an ak sa k-ap sibi-a; donk menm si twa propozisyon sa-yo vle di menm realite-a, konpreansyon-yo pa menm paske nan konpozisyon entèlijans-la yo ajoute tan-an¹⁷⁹; se sa-k fè dapre varyasyon tan-an yo diferan nan konpreansyon-an (*sunt diversi intellectus*).

Setyèm atik

Setyèmman y-ap mande èske nan sa ki konsène Bondye, yo ta di verite-a dapre esans-la oubyen dapre pèrsòn-yo?¹⁸⁰ Epi yo wè se dapre pèrsòn-yo yo ta di-l : anefè, nan nenpòt sa ki konsène Bondye ki enplike relasyon ak prensip-la se dapre pèrsòn-yo yo di-l; men verite-a se konsa li ye, jan sa parèt nan liv Ogusten *Osiyè vrè relijyon-an*¹⁸¹ kote li di verite Bondye-a se « pi ro degre resanblans ak prensip-la san okenn disanblans menm kote foste ta kapab soti »; donk nan sa ki konsène Bondye, se dapre pèrsòn-yo yo di verite-a.

2. An plis, menm jan anyen pa sanble ak pròp tèt pa-l, konsa tou anyen pa egal a pròp tèt pa-l; men resanblans-la nan sa ki konsène Bondye, enplike distenksyon pèrsòn-yo, dapre Ilèr (Hilaire)¹⁸², poutèt anyen pa sanble ak pròp tèt pa-l, donk se menm rezònman-an pou egalite-a tou; men verite-a se yon sèten egalite; donk li pote ak li distenksyon pèrsònèl-la nan sa ki konsène Bondye.

3. An plis, nan sa ki konsène Bondye, tout sa ki enplike emanasyon se dapre pèrsòn-yo yo di-l; men verite-a enplike yon sèten emanasyon paske li vle di sa ki fòme nan entèlijans-la tankou paròl-la tou; donk menm jan yo di paròl-la dapre pèrsòn-nan konsa tou pou verite-a.

¹⁷⁹ Cf. Aristòt, *De anima*, III, c. 11 (430 a 31).

¹⁸⁰ Sen Toma trete kesyon sa-a nan *Summa theologiae*, I, k. 39, a. 8.

¹⁸¹ Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 152).

¹⁸² Ilèr, *De Trinitate*, III, c. 23 (PL 10, 92 B).

Men okontrè, se yon sèl verite pou twa pèrsòn-yo, jan Ogusten di nan uityèm liv *Osiyè Trinite-a*¹⁸³, donk li dapre esans-la, pa dapre pèrsòn-yo.

Repons. Antan n-ap di : yo kapab konsidere (*accipi*) verite-a nan sa ki konsène Bondye, nan de fason : yon fason osans pròp (*proprie*), yon lòt fason osans prèske metaforik. Donk si yo pran verite-a osans pròp, lè sa-a li enplike egalite entèlijans Bondye-a ak realite-a; epi poutèt entèlijans Bondye-a konprann an premye realite ki se pròp esans li-a epi se nan li li konprann tout lòt bagay-yo. Se pou sa tou, verite-a nan Bondye enplike toudabò (*principaliter*) egalite entèlijans Bondye-a ak realite-a ki se esans li-a, epi apre sa, an konsekans, rapò entèlijans Bondye-a ak realite kreati-yo. Men entèlijans Bondye ak esans Bondye pa koresponn (*adaequatur*) youn ak lòt tankou sa k-ap mezire-a ak sa yo mezire-a paske youn pa kòz lòt-la, men yo se menm bagay-la nèt; se sa-k fè verite ki se rezilta egalite sa-a pa enplike okenn nosyon prensip (*principii rationem*), swa si yo ta pran-l sou bò esans-la, swa yo ta pran-l sou bò entèlijans-la, ki se yon sèl epi menm-nan la-a : menm jan-an tou la-a entèlijans-la ak realite yo konprann-nan se menm bagay, konsa tou la-a verite realite-a se menm-nan ak verite entèlijans-la san okenn 'referans' a yon prensip (*connotatione principii*). Men si yo ta pran verite entèlijans Bondye-a dapre li koresponn (*adaequatur*) ak kreati-yo, menm lè sa-a li t-ap rete menm verite-a paske se gras a menm-nan Bondye konprann ni li menm ni lòt-yo, men poutan yo ajoute nan konpreansyon verite-a nosyon (*ratio*) prensip parapò a kreati-yo, yo konpare entèlijans Bondye ak yo tankou mezi ak kòz. Tout non ki pa enplike (*importans*) nosyon (*ratio*) prensip-la oubyen sa ki rapòte a prensip-la nan sa ki konsène Bondye, oubyen menm-si yo enplike nosyon prensip parapò a kreati-yo, se dapre esans-la yo di-l. Se sa ki fè nan sa ki konsène Bondye, si yo pran verite-a osans pròp, se dapre esans-la yo di-l : poutan yo deklare-l an pròp pou pèrsòn Pitit-la tankou art-la ak tout lòt bagay ki an rapò ak entèlijans-la.

Nan sa ki konsène Bondye, yo pran verite-a osans metaforik oubyen dapre yon resanblans lè nou pran-l la-a dapre nosyon sa-a yo jwenn nan [[26]] kreati-yo, kote yo di verite-a dapre realite kreye-a imite prensip li, sa vle di entèlijans Bondye-a : se sa-k fè menm jan-an nan fason sa-a verite-a nan sa ki konsène Bondye, vle di imitasyon prensip suprèm-nan ki koresponn ak Pitit-la; epi dapre aksepsyon

¹⁸³ Ogusten, *De Trinitate*, VIII, c. 1 (PL 42, 948).

verite sa-a, verite-a koresponn (*convenit*) an pròp pou Pitit-la epi yo di-l dapre pèrsòn-nan, epi se konsa Ogusten pale nan liv *Osiyè vrè relijyon-an*.

1. Se konsa repons-la parèt pou premye-a.

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di : nan sa ki konsène Bondye, gen de lè egalite-a enplike (*importat*) relasyon ki fè referans a distenksyon pèrsònèl-la, tankou lè nou di Papa-a ak Pitit-la egal, epi dapre non 'egal' sa-a yo konprann yon distenksyon reyèl; gen de lè menm yo pa konprann yon distenksyon reyèl nan non 'egalite'-a men sèlman dapre rezon-an, tankou lè nou di sajès ak bonte Bondye egal, se sa-k fè li pa bezwen enplike yon distenksyon dapre pèrsòn-yo; epi se konsa egalite ki enplike nan non verite-a ye paske li se egalite entèlijans-la ak esans-la.

3. Pou twazyèm-nan, antan n-ap di : menm si se gras a entèlijans-la verite-a vin fèt (*sit concepta*), non verite-a menm pa eksprime nosyon konsepsyon-an tankou non 'paròl'-la, se sa-k fè se pa menm jan-an.

Uityèm atik

Uityèmman y-ap mande èske tout verite diferan de premye verite-a?¹⁸⁴ Epi yo wè se pa konsa : ananfè, se vre sa-a ap fònikè; men sa, se pa apati premye verite-a; donk se pa tout verite ki apati premye verite-a.

2. Men li t-ap di : verite sign-nan oubyen entèlijans-la, sa dapre li yo di 'sa-a se vre', li sot nan Bondye, se pa dapre sa ki fè referans a realite-a. - Men okontrè, an plis premye verite-a non sèlman gen verite sign-nan oubyen entèlijans-la, men tou verite realite-a : donk si verite sa-a pa ta sot nan Bondye dapre li fè referans a realite-a, verite realite sa-a pa ta sot nan Bondye, epi konsa yo ta propoze se pa tout lòt verite ki sot nan Bondye.

3. An plis, [rezòndan] sa-a suiv 'sa-a fònikè, donk fonikè sa-a se verite', pou yo ka desann sot nan verite propozisyon-an rive nan verite sa yo di-a ki eksprime verite realite-a; donk verite nou sot di-a kanpe (*consistit*) paske akt sa-a konpoze sijè sa-a, men verite sa yo di-a se pa apati konpozisyon akt sa-a ak sijè-a sof si yo ta konprann konpozisyon akt-la anba defòmasyon sa ki egziste-a; donk verite realite-a se pa sèlman parapò a pròp esans akt-la men tou parapò a defòma-

¹⁸⁴ Lòt kote kesyon sa-a parèt nan Sen Toma: *Super Sententiarum*, I, d. 19, k. 5, a. 2; *ibid.*, II, d. 37, k. 1, a. 2, ad 1.

syon-an; men yon akt yo konsidere dapre defòmasyon pa kapab soti nan Bondye nan okenn fason; donk se pa nan Bondye verite tout realite soti.

4. An plis, Ansèlm di¹⁸⁵ : yo di yon realite se vre poutèt li jan li dwe ye-a, epi nan pami fason yo kapab di realite-a ta dwe ye, li mete youn kote dapre-l yo di realite-a dwe ye paske li rive poutèt Bondye pèmèt; men pèmision Bondye rive jous nan defòmasyon akt-la; donk verite realite-a rive touche menm defòmasyon-l; men nan okenn fason defòmasyon sa-a pa sot nan Bondye; donk se pa tout verite ki sot nan Bondye.

5. Men li t-ap di, menm jan defòmasyon oubyen privasyon pa egzistan osans pròp (*simpliciter*) men dapre yon sèten rapò (*secundum quid*), se konsa yo pa di li gen verite tou osans pròp (*simpliciter*) men dapre yon sèten rapò, epi verite dapre yon sèten rapò sa-a pa sot nan Bondye. - Men okontrè, verite-a ajoute sou egzistan-an oryantasyon pou entelijans-la; men defòmasyon-an oubyen privasyon-an, menm si nan li menm li pa yon egzistan osans pròp (*simpliciter*), poutan entelijans-la kapte-l osans pròp (*simpliciter*); donk, menm si li pa gen yon egzistans osans pròp, poutan li gen verite osans pròp. An plis, tout sa ki dapre yon sèten rapò vin redui a sa ki osans pròp, tankou lè yo di [[27]] etyopyen-an¹⁸⁶ blan dapre dan li, sa redui osans pròp nan dan etyopyen-an ki blan : donk si kèk verite dapre yon sèten rapò pa sot nan Bondye, se pa tout verite osans pròp ki ta sot nan Bondye, epi sa-a pa gen sans (*absurdum*).

6. An plis, sa ki pa koz ki sot nan koz, li pa koz yon efè, tankou Bondye pa kòz defòmasyon peche-a paske li pa kòz defòmasyon libète chwazi-a (*libero arbitrio*) kote defòmasyon peche-a rive-a; men, tankou akt egziste-a se koz verite propozisyon afirmatif-yo, konsa pa-egziste-a [se koz] negatif-yo; donk kòm Bondye pa koz sa ki se 'pa-egziste'-a jan Ogusten di nan *Katrentwa kesyon-yo*¹⁸⁷, sa ki rete sèke Bondye pa koz propozisyon negatif-yo, epi konsa se pa tout verite ki sot nan Bondye.

7. An plis, Ogusten di nan liv *Solilòk-yo*¹⁸⁸, « sa ki vre-a se sa ki jan yo wè-l la »; men kèk mal se jan yo wè-l la li ye; donk gen kèk mal ki se verite; men pa gen okenn mal ki sot nan Bondye; donk se pa tout verite ki sot nan Bondye.

¹⁸⁵ Ansèlm, *De veritate*, c. 8 (PL 158, 475 D-476 A).

¹⁸⁶ Egzanp Aristòt bay nan *De sophisticis elenchis*, c. 5 (167 a 8 epi 11).

¹⁸⁷ Ogusten, *LXXXIII Quaestionum*, k. 21 (PL 40, 16).

¹⁸⁸ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 888).

8. Men li t-ap di : yo pa wè mal-la dapre espès mal-la men dapre espès byen-an. - Men okontrè, espès byen-an pa janm fè anyen dèt parèt pase byen-an : donk si yo pa wè mal-la sof nan espès byen-an, mal-la pa ta janm parèt men se byen-an sèlman, poutan sa-a fo.

Okontrè, osijè sa *Premye lèt pou Korentyen-yo XII,3* di «Pè-sonn pa kapab di [‘Granmèt Jezu’ si se pa nan Espri Sen] », Anbwaz di « Tou sa ki vre, kèlkeswa moun ki di-l, sa sot nan Espri Sen-an ».

2. An plis, tout bonte yo kreye soti nan premye bonte an deyò kreasyon-an (*bonitate increata*) ki se Bondye : donk pou menm rezon-an tout lòt verite egziste apati premye verite-a ki se Bondye.

3. An plis, nosyon (*ratio*) verite-a vin konplè nan entèlijans-la; men tout entèlijans egziste apati Bondye; donk tout verite egziste apati Bondye.

4. An plis, Ogusten di nan liv *Solilòk-yo*¹⁸⁹ « sa ki vre-a se sa ki egziste-a »; men tout egzistans se apati Bondye; donk tout verite tou.

5. An plis, menm jan-an verite-a kapab chanje plas ak egzistans-an epi tou ak inite-a, epi visvèsa¹⁹⁰; men tout inite se apati premye inite-a jan Ogusten di nan liv *Osijè vrè relijyon-an*¹⁹¹; donk tout verite tou egziste apati premye verite-a.

Repons. Antan n-ap di : nan realite kreye-yo yo jwenn verite-a nan realite-yo ak nan entèlijans-la jan sa parèt apati sa nou di-a, nan entèlijans-la menm dapre li koresponn (*adaequatur*) ak realite li gen nosyon yo-a (*notionem*), nan realite-yo menm dapre inite entèlijans Bondye-a ki se mezi-yo menm jan art-la se mezi tout èv atis-yo (*artificiatorum*) epi yon lòt fason dapre yo fèt natirèlman pou fè entèlijans moun-nan kapte-yo jan yo ye-a, se realite-a ki mezi [entèlijans-la] jan yo di nan dizyèm liv *Metafizik-la*¹⁹². Realite-a menm ki egziste an deyò nanm-nan ak fòm li, li imite art entèlijans Bondye-a epi gras a fòm-nan li fèt natirèlman pou entèlijans moun-nan kapte-l an verite, paske se gras a fòm-nan nenpòt realite gen egzistans-la; se sak fè verite realite ki egziste-yo ranmase (*includit*) nan nosyon li egzistans realite-yo epi li ajoute an plis dispozisyon adekwasyon-an parapò a entèlijans moun-nan oubyen Bondye; men negasyon-yo oubyen privasyon-yo ki egziste an deyò nanm-nan, pa gen kèk fòm ki ta fè swa yo imite modèl art Bondye-a swa yo vin pote nosyon li (*notio-*

¹⁸⁹ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 889).

¹⁹⁰ Cf. Aristòt, *Metafizik*, IV, c. 2 (1003 b 22); *ibid.*, X, c. 3 (1054 a 12).

¹⁹¹ Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 151).

¹⁹² Aristòt, *Metafizik*, X, c. 2 (1053 a 31).

nem) nan entèlijans moun-nan, men sa yo fè koresponn ak entèlijans-la se apati entèlijans-la ki kapte nosyon yo (*ratione*). Konsa donk sa parèt, lè yo di ròch-la se vre oubyen avègleman-an se vre, se pa menm fason-an verite-a ye nan yo de-a : anfefè, verite yo di osijè [[28]] ròch-la kenbe (*claudit*) nan nosyon li egzistans ròch-la epi li ajoute sou li dispozisyon (*habitudinem*) parapò a entèlijans-la, se apati realite-a menm li vin fèt paske li gen kichòy ki pèmèt fè referans a li; men verite yo di osijè avègleman-an li pa kenbe (*includit*) privasyon-an menm nan li, ki se avègleman-an, men sèlman dispozisyon (*habitudinem*) avègleman-an parapò a entèlijans-la, epi li pa gen kichòy apati avègleman-an menm kote li ta soutni (*sustentetur*) paske avègleman-an pa koresponn a entèlijans-la poutèt kichòy li ta genyen nan li. Donk sa parèt klè verite yo jwenn nan realite kreye-yo pa kapab pran avèk li (*comprehendere*) anyen dòt pase egzistans realite-a epi adekwasyon realite-a ak entèlijans-la oubyen korespondans (*aequationem*) entèlijans-la ak realite-a oubyen ak privasyon realite-yo, ki soti toutantye apati Bondye paske ni fòm realite-a menm ki fè-l koresponn-nan se apati Bondye li egziste, ni verite-a [tou] tankou byen entèlijans-la jan yo di nan sizyèm liv *Etik-yo*¹⁹³, - paske byen nenpòt ki realite se pèfeksyon operasyon realite-a menm, operasyon entèlijans-la menm pa parfè si se pa dapre li konnen verite-a, se sa-k fè se nan sa byen li ye dapre fason sa-a -; se sa-k fè, kòm tout byen egziste apati Bondye epi tout fòm, fòk yo di san restriksyon (*absolute*) tout verite egziste apati Bondye.

1. Pou premye-a donk antan n-ap di : lè yo rezone konsa ‘tout sa ki vre se apati Bondye, se vre sa-a ap fònike, donk’ etc., yo tonbe nan erè paraksidan-an¹⁹⁴ : poutèt apati sa yo deja di-a yo kapab montre lè nou di ‘se vre sa-a ap fònike’ nou pa di sa prèske kòm si defo-a menm ki enplike (*implicatur*) nan akt fònikasyon-an ta vin antre (*includatur*) nan nosyon (*ratione*) verite-a, men verite-a sèlman deklare (*praedicat*) adekwasyon li ak entèlijans-la; se sa-k fè yo pa dwe bay kòm konklizyon ‘sa-a fònike se apati Bondye’ men pito ‘verite li-a egziste apati Bondye’.

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di : defòmasyon ak lòt defo-yo pa gen verite tankou lòt realite-yo jan sa parèt apati sa nou sot di-a : epi konsa, menm si verite defo-yo egziste apati Bondye, sa pa vle di apati sa yo kapab rive nan konklizyon di defòmasyon-an egziste apati Bondye.

¹⁹³ Aristòt, *Ethica Nicomachea*, VI, c. 2 (1139 a 27).

¹⁹⁴ « Fallacia accidentis », cf. Aristòt, *De sophisticis elenchis*, c. 4 (166 b 21).

3. Pou twazyèm-nan, antan n-ap di : dapre Filozòf-la nan si-zyèm liv *Metafizik*-la¹⁹⁵, verite-a pa egziste nan konpozisyon ki nan realite-yo men nan konpozisyon nanm-nan fè-a : epi konsa verite-a se pa paske akt sa-a ak defòmasyon li vin rete nan sijè-a, - annefè, sa-a gen pou wè ak nosyon byen oubyen mal -, men paske akt-la ki rete konsa nan sijè-a vin koresponn ak sa nanm-nan kapte-a.

4. Pou katriyèm-nan, antan n-ap di : byen-an, dwe fèt-la, dwat-la ak tout lòt konsa-yo, gen yon dispozisyon parapò a pèmision Bondye-a epi yon lòt fason parapò a lòt sign volonte-a. Annefè, nan lòt-yo li an rapò (*refertur*) swa ak sa ki tonbe anba akt volonte-a, swa avèk akt volonte-a li menm : tankou lè Bondye bay lòd pou onore paran-yo¹⁹⁶, onè paran-yo nan li menm se yon sèten byen ni lòd-la li menm se yon byen. Men nan pèmision-an yo fè referans sèlman a akt sa ki pèmèt-la, yo pa fè referans a sa ki tonbe anba pèmision-an; se sa-k fè li kòrèk pou Bondye pèmèt defòmasyon vin rive; sa pa vle di pou otan defòmasyon-an nan li menm ta kòrèk yon fason.

5. Pou senkyèm-nan, antan n-ap di : verite-a, dapre sa kote negasyon-yo ak defo-yo antre-a, li redui a verite osans pròp-la (*simplificiter*) ki nan entèlijans-la ki egziste apati Bondye-a epi sa fè verite defo-yo egziste apati Bondye menm si defo-yo yo menm se pa apati Bondye yo egziste.

6. Pou sizyèm-nan, antan n-ap di : pa-egziste-a se pa koz verite propozisyon negatif-yo kòm si li ta prèske fè yo [egziste] nan entèlijans-la, men se nanm-nan menm ki fè sa antan li konfòme pa-egzistan ki an deyò nanm-nan avèk li : se sa-k fè pa-egzistan ki egziste an deyò nanm-nan se pa koz efisyan verite-a nan nanm-nan men [[29]] prèske tankou modèl; objeksyon-an menm te fèt apati koz efisyan-an.

7. Pou setyèm-nan, antan n-ap di : menm si mal-la pa egziste apati Bondye, poutan pou yo ka wè mal-la jan li ye, se apati Bondye, se sa-k fè verite ki di se vre mal la egziste, se apati Bondye.

8. Pou uityèm-nan, antan n-ap di : menm si mal-la pa aji nan nanm-nan si se pa gras a espès byen-an, men paske se yon byen ki manke [kichòy], nanm-nan dedui nan li menm nosyon (*ratio*) defo-a epi nan sa li konsevwa nosyon (*ratio*) mal-la, epi se konsa yo wè mal-la se mal.

¹⁹⁵ Aristòt, *Metafizik*, VI, c. 4 (1027 b 29).

¹⁹⁶ Cf. *Egzòd*, 20,12; *Matye*, 15,4; 19,19.

Nevyèm atik

Nevyèmman y-ap mande èske verite-a egziste nan [senk] sans-yo?¹⁹⁷ Epi yo wè se pa sa : anefè, Ansèlm di¹⁹⁸ « verite-a se yon dwati yo kapte sèlman ak lespri-a »; men [senk] sans-yo pa nan nati lespri-a; donk verite-a pa nan [senk] sans-yo.

2. An plis, Ogusten prouve nan liv *Katrentwa kesyon-yo*¹⁹⁹ sans kòporèl-yo pa konnen verite-a, epi rezon li-yo nou mete-yo pi ro-a²⁰⁰; donk verite-a pa nan [senk] sans-yo.

Men okontrè, Ogusten di nan liv *Osijè vrè relijyon-an*²⁰¹ « verite-a se sa ki pèmèt montre sa ki egziste-a »; men sa ki egziste-a yo montre-l non sèlman ak entèlijans-la men tou ak [senk] sans-yo; donk verite-a non sèlman nan entèlijans-la men tou nan [senk] sans-yo.

Repons. Antan n-ap di : verite-a egziste ni nan entèlijans-la ni nan [senk] sans-yo, men se pa menm fason-an. Anefè li egziste nan entèlijans-la tankou konsekans akt entèlijans-la epi tankou sa entèlijans-la konnen : epi anefè li se konsekans operasyon entèlijans-la dapre jijman entèlijans-la osijè realite-a jan li ye-a; entèlijans-la konnen [realite-a] paske entèlijans-la reflechi sou akt li, pa sèlman paske li konnen akt li-a, men paske li konnen relasyon li (*proportionem*) ak realite-a, sa li pa kapab konnen sof si li konnen nati akt li-a menm, sa li pa kapab konnen sof si li konnen nati prensip aktif-la, ki se entèlijans-la li menm ki gen nan nati li pou li konfòme-l ak realite-yo : se sa-k fè entèlijans-la konnen verite-a dapre li reflechi sou pròp tèt pa-l. Men verite-a nan [senk] sans-yo tankou konsekans akt li, sa vle di lè jijman [senk] sans-yo fèt osijè realite-a poutèt li egziste, poutan li pa nan sans-la tankou si sans-la ta konnen-l : menm si sans-la jije an verite osijè realite-yo, poutan li pa konnen verite ki pèmèt jije sa ki vre-a; menm si sans-la konnen li santi, poutan li pa konnen pròp nati li epi an konsekans li pa [konnen] ni nati pròp akt li, ni relasyon li (*proportionem*) ak realite-a, epi konsa ni verite li non plis.

Rezon ki fè sa sèke egzistan ki pi parfè-yo, tankou substans entelektyèl-yo, yo retounen sou esans-yo ak retou konplè : anefè antan yo konnen kichòy ki poze an deyò-yo, yo soti an deyò tèt pa yo nan yon sèten fason; men antan yo pran konsyans yo konnen, yo deja

¹⁹⁷ Sen Toma trete kesyon-an nan *Summa theologiae*, I, k. 16, a. 2; *ibid.*, k. 17, a. 2.

¹⁹⁸ Ansèlm, *De veritate*, c. 11 (PL 158, 480 A).

¹⁹⁹ Ogusten, *LXXXIII Quaestionum*, k. 9 (PL 40, 13).

²⁰⁰ Atik 4, ag. 6 epi 7.

²⁰¹ Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 151).

kòmanse retounen sou pròp tèt yo paske akt konesans-la li entèmedyè ant sa ki konnen-an epi sa yo konnen-an; men retou sa-a konplè lè yo konnen pròp esans-yo, se sa-k fè yo di nan liv *Osijè koz-yo*²⁰² « tou sa ki konnen pròp sa-li-ye-a sèke li tounen sou pròp sa-li-ye-a ak yon retou konplè ». Sans-la menm, ki pi pre substans entelektyèl-yo parapò a lòt, li kòmanse retounen sou pròp sa-li-ye-a paske non sèlman li konnen [realite] sansib-la, men tou li konnen li santi; poutan retou li-a pa konplete paske sans-la pa konnen pròp sa-li-ye-a : Avisèn²⁰³ mete kòm rezon pou sa [[30]] se paske sans-la pa konnen anyen sof gras a ògàn kòporèl-la, li pa posib pou ògàn kòporèl-la sèvi entèmedyè ant puisans sansib-la ak pròp tèt pa-l. Men puisans ki pa menm sansib-yo nan okenn fason yo pa ka retounen sou pròp tèt pa-yo paske yo pa konnen y-ap aji, tankou dife-a pa konnen l-ap chofo [kichòy].

Epi apati sa-a solisyon pou objeksyon-yo parèt.

Dizyèm atik

Dizyèmman y-ap mande èske kèk realite ta fo?²⁰⁴ Epi yo wè se pa sa : annefè, Ogusten di nan liv *Solilòk-yo*²⁰⁵ « Sa ki vre se sa ki egziste »; donk ‘fo’ se sa ki pa egziste; men sa ki pa egziste pa okenn realite; donk okenn realite pa fo.

2. Men li t-ap di : sa ki vre-a se diferans egzistan-an : epi lè sa-a, menm jan sa ki vre-a se sa ki egziste-a, sa ki fo-a [tou]. - Men okontrè, okenn diferans ki fè divizyon-an²⁰⁶ pa kapab chanje plas ak sa li se diferans li-a; men verite-a kapab chanje plas ak egzistan-an jan nou te di pi ro-a²⁰⁷; donk verite-a se pa yon diferans ki [met] divizyon nan egzistan-an pou yo ta kapab di yon realite kèlkonk fo.

3. An plis, « verite-a se adekwasyon realite-a ak entèlijans-la »; men tout realite koresponn ak entèlijans Bondye-a paske anyen pa kapab egziste pou tèt pa-l otreman pase jan entèlijans Bondye-a konnen-l; donk tout realite ‘vre’; donk okenn realite pa fo.

4. An plis tout realite gen verite apati pròp fòm li : annefè yo di moun-nan ‘vre’ paske li gen vrè fòm moun; men pa gen okenn

²⁰² *Liber De causis*, prop. 15 (14).

²⁰³ Avisèn, *De anima*, V, c. 2 (f. 23va).

²⁰⁴ Sen Toma trete kesyon sa-a nan: *Summa theologiae*, I, k. 17, a. 1; *Super Metaph.* V, lect. 2; *ibid.*, VI, lect. 4; *Super Perihermeneias*, I, lect. 3.

²⁰⁵ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 5 (PL 32, 889).

²⁰⁶ Cf. Pòrfir, *Isagoge*, dapre tradiksyon Boès-la (ed. Minio-Paluello, p. 16).

²⁰⁷ Cf. atik 1.

realite ki pa gen yon fòm kèlkonk, paske tout akt egziste se apati fòmnan²⁰⁸; donk nenpòt ki realite 'vre', donk okenn realite pa fo.

5. An plis, menm jan byen-an ak mal-la ye se konsa vre ak fo-a ye; men kòm yo jwenn mal-la nan realite-yo, mal-la pa kapab vin tounen substans (*substantificatur*) sot nan byen-an jan Deni²⁰⁹ ak Ogusten di-a; donk si yo jwenn foste nan realite-yo, foste-a pa kapab vin gen substans sof nan verite-a : men yo pa wè sa kapab posib paske konsa vre-a ak fo-a se ta menm, - sa enposib -, tankou moun-nan ak blan-an se menm poutèt blan-an gen substans nan moun-nan.

6. An plis, Ogusten nan liv *Solilòk-yo*²¹⁰ bay objeksyon sa-a : si yo rele kèk realite 'fo' sa fèt swa apati sa-l sanble ak li, swa apati sa li pa sanble ak li : « si se apati sa-k pa sanble-a pa gen anyen yo ta kapab di ki fo : anefè pa gen anyen ki pa disanblab ak kichòy; si se apati sa ki sanble, tout bagay reklame sa ki vre nan sa-k sanblab-yo ». Donk nan okenn fason yo pa kapab jwenn foste nan realite-yo.

Men okontrè, Ogusten defini sa ki fo-a konsa²¹¹ : « Fo se sa yo ranje dapre resanblans kichòy », epi li pa fin dapre (*non pertingit*) sa li pote resanblans li-a; men tout kreati pote resanblans Bondye; donk, kòm okenn kreati pa rive fin dapre Bondye li menm yon fason idantik, yo wè tout kreati fo.

2. An plis, Ogusten [di] nan liv *Osijè vre relijyon-an*²¹² : « Tout kò se yon vrè kò epi yon fo inite »; men yo di sa poutèt li imite inite-a epoutan li pa yon inite; donk kòm nenpòt kreati dapre nenpòt ki pèfeksyon li imite pèfeksyon Bondye-a epi malgre tou li gen distans enfini parapò a li, yo wè nenpòt ki kreati fo. [[31]]

3. An plis, tankou verite-a kapab pran plas egziste-a, konsa tou byen-an; men poutèt byen-an kapab pran plas egzistan-an sa pa anpeche pou yo jwenn kèk realite ki mal; donk menm-si verite-a kapab chanje plas ak egzistan-an, sa pa anpeche yo jwenn kèk realite ki fo.

4. An plis, Ansèlm di nan liv *Osijè verite-a*²¹³, verite propozisyon-an doub : youn « paske li signifye sa li genyen pou-l signifye-a », tankou propozisyon sa-a 'Sokrat chita' sa vle di Sokrat chita swa si Sokrat ta chita swa si-l pa ta chita; dezyèm-nan se lè li signifye sa

²⁰⁸ Cf. Boès, *De Trinitate*, c. 2 (PL 64, 1250 B).

²⁰⁹ Deni, *De divinis nominibus*, c. 4,20 (PG 3, 721 A; Dion. 259); *Enchiridion*, c. 14 (PL 40, 238); cf. Sen Toma, *Summa theologiae*, I, k. 48, a. 3, s. c. epi I-II, k. 85, a. 2, s. c.

²¹⁰ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 8 (PL 32, 891).

²¹¹ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 15 (PL 32, 898).

²¹² Ogusten, *De vera religione*, c. 34 (PL 34, 150).

²¹³ Ansèlm, *De veritate*, c. 2 (PL 158, 470 C).

« li fèt pou li-a », - anefè li fèt pou sa, pou li signifye egziste-a lè li egziste -, epi dapre sa, yo di enonse-a se vre osans pròp. Donk pou menm rezon-an, yo va di nenpòt realite 'vre' lè li ranpli sa li fèt pou li-a, epi li fo lè li pa ranpli-l, men tout realite ki manke nan aboutisman li pa ranpli sa ki rezondèt li; donk kòm gen anpil realite ki konsa, yo wè tou anpil fo.

Repons. Antan n-ap di : menm jan verite-a se (*consistit*) nan adekwasyon realite-a ak entèlijans-la, konsa tou foste-a se nan inadekwasyon yo : paske yo konpare realite-a ak entèlijans Bondye-a epi moun-nan, jan yo di pi ro-a²¹⁴. Yon premye fason li konpare ak entèlijans Bondye-a tankou sa yo mezire ak mezi-a, dapre sa yo di oubyen yo jwenn ki pozitif nan realite-yo, paske tou sa ki konsa vin soti nan art entèlijans Bondye-a; yon lòt fason tankou sa yo konnen-an parapò a sa ki konnen-an, epi konsa, menm negasyon-yo ak defo-yo koresponn a entèlijans Bondye-a paske Bondye konnen tout bagay konsa, menm-si li pa koze-yo, donk sa montre nenpòt kijan realite-a ye, sou nenpòt ki fòm li egziste swa privasyon swa defo, li koresponn (*adaequatur*) ak entèlijans Bondye-a, epi konsa sa montre nenpòt ki realite se verite an konparezon ak entèlijans Bondye-a : se sa-k fè Ogusten di nan liv *Osijè verite-a*²¹⁵ « donk verite-a egziste nan esans tout sa ki egziste, paske yo se sa yo ye-a nan verite suprèm-nan ». Se sa-k fè an konparezon ak entèlijans Bondye-a yo pa kapab di okenn realite fo.

Men dapre konparezon ak entèlijans moun-nan, pafwa yo jwenn inegalite ant realite-a ak entèlijans-la ki vin koze yon sèten fason apati realite-a li menm. Anfefè realite-a mete nosyon li nan nanm-nan gras a sa ki parèt de li sou deyò, paske konesans nou pran kòmansman-li nan sans-la²¹⁶ ki gen pou pròp objè-li kalite sansib-yo : se sa-k fè nan premye liv *Osijè nanm-nan*²¹⁷ yo di « aksidan-yo pote pi gran pati nan fè konnen-an plis pase esans-la »; epi se pou sa, lè kalite sansib ki parèt nan yon realite endike yon nati ki pa egziste nan yo (*eis non subest*), yo di realite sa-a fo : se sa-k fè Filozòf-la di nan katriyèm liv *Metafizik-la*²¹⁸ sa yo di ki fo-yo se « sa ki fèt pou yo wè yo swa jan yo pa ye-a swa sa yo pa ye-a », tankou lè yo di fo-lò poutèt sou deyò koulè lò-a parèt epi kèk lòt aksidan menm jan-an,

²¹⁴ Cf. atik 2.

²¹⁵ Ansèlm, *De veritate*, c. 7 (PL 158, 475 B)

²¹⁶ Cf. Aristòt, *Analytica Posteriora*, II, c. 20 (100 a 10); *Metafizik*, I, c. 1 (981 a 2); cf. Sen Toma, *De veritate*, k. 10, a. 6 epi a. 13; *Summa theologiae*, I, k. 84, a. 6, s. c. 1.

²¹⁷ Cf. Avisèn, *De anima*, II, c. 2 (f. 7ra B); Averoès, *Fizik*, VII, comm. 12 (IV, 317 D).

²¹⁸ Se pito, *Metafizik*, V, c. 29 (1024 b 21).

alòske sou anndan li pa gen (*non subsit*) nati lò-a. Men realite-a pa koze foste nan fason sa-a nan nanm-nan paske nesesèman li koze foste, poutèt verite ak foste-a se sitou nan jijman nanm-nan yo egziste, nanm-nan menm, lè l-ap jije osijè realite-yo li pa 'sibi' anba realite-yo, men nan yon sèten fason li plis an aksyon : se sa-k fè yo pa di realite-a fo paske li toujou koz yon pèsèpsyon ki fo, men paske li fèt pou-l aji apati sa ki parèt de li yo.

Men poutèt jan nou sot di-a²¹⁹, konparezon realite-a ak entelijans Bondye-a egziste nan li dapre esans-la epi dapre-li yo di li vre nan li menm (*per se*), men konparezon ak entelijans moun-nan li aksidantèl pou li, dapre sa yo pa di li vre san restriksyon (*absolute*) men prèske dapre yon rapò epi an puisans, se pou sa si n-ap pale osans pròp (*simpliciter*) tout realite 'vre' epi okenn realite pa fo, men dapre yon sèten rapò (*secundum quid*), sa vle di [[32]] rapò ak entelijans nou-an, yo di kèk realite fo. Epi konsa fòk nou bay repons pou rezon toulède pati-yo.

1. Pou premye-a, antan n-ap di : definisyon sa-a 'sa ki vre-a se sa ki egziste-a' pa eksprime parfètman nosyon verite-a men prèske materyèlman sèlman, sof si [vèb] 'esse'-a (*li esse*) signifye afirmasyon propozisyon-an, sa vle di pou-l ta di 'egzistans' sa ki vre-a yo di oubyen yo konprann ki egziste konsa jan li ye nan realite-yo; epi konsa yo kapab di fo-a se sa ki pa egziste-a, sa vle di sa ki pa jan yo di-l la oubyen konprann li-an : epi sa-a yo pa kapab jwenn li nan realite-yo, sa vle di sa ki pa jan yo di-l oubyen konprann li-a : epi sa-a yo pa kapab jwenn li nan realite-yo.

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di : verite-a osans pròp, li pa kapab yon diferans egzistan-an : anefè egzistan-an pa gen okenn diferans jan yo prouve nan twazyèm liv *Metafizik*-la²²⁰; men nan yon sèten fason, verite-a dispoze parapò a egzistan-an nan fason yon diferans tankou byen-an ; sa vle di yo eksprime kichòy osijè egzistan-an non egzistan-an li menm pa eksprime : epi dapre sa konsèp egzistan-an vize-a (*intentio entis*) pa detèmine parapò a sa konsèp verite-a vize-a, epi konsa nan yon sèten fason, yo konpare entansyon [konsèp] verite-a ak entansyon [konsèp] egzistan-an, tankou diferans-la ak kategori-prensipal-la (*genus*).

3. Pou twazyèm-nan, antan n-ap di : nou dakò ak rezònman sa-a : anefè li soti nan realite-a pou-l ale dapre lòd entelijans Bondye-a.

²¹⁹ Cf. atik 4.

²²⁰ Aristòt, *Metafizik*, III, c. 8 (998 b 22).

4. Pou katriyèm-nan, antan n-ap di : menm si nenpòt realite gen kèk fòm, poutan se pa tout realite ki gen fòm sa-a tras sou deyò-yo montre apati kalite sansib-yo : epi dapre sa yo di li fo paske li fèt ak posibilite pou li fè yo fè yon move estimasyon sou li.

5. Pou senkyèm-nan, antan n-ap di : yo di kichòy ki egziste an deyò nanm-nan fo, jan sa parèt apati sa nou sot di-a, nan mezi natirèlman li fè yo fè estimasyon ki fo osijè li; sa-a menm ki pa anyen pa gen nati pou-l fè yo fè okenn estimasyon osijè li paske li pa mete pui-sans konesans-la an mouvman (*non movet virtutem cognitivam*); se sa-k fè fòk sa yo di ki fo-a se yon egzistan kèlkonk li ye; se sa-k fè kòm tout egzistan dapre se sa li ye, li vre, fòk foste ki egziste nan realite-yo fonde sou kèk verite : se sa-k fè Ogusten di nan liv *Solilòk-yo*²²¹ « trajedi-a ki reprezante pèsonaj etranje nan teat-la li pa yon fo Ektòr sof si se pa yon vrè trajedi; menm jan-an tou penti yon cheval se pa yon fo cheval sof si li pa ta yon vrè penti ». Sa pa vle di an konsekans sa ki kontradiktwa-yo se vre, paske afirmasyon ak negasyon ki fè yo di vre ak fo li pa rapòte a menm-nan.

6. Pou sizyèm-nan, antan n-ap di : yo di yon realite fo dapre natirèlman li tronpe; men lè mwen di tronpe, mwen signifye yon aksyon kèlkonk ki mennen nan yon defo; pa gen anyen ki fèt pou-l ajì [natirèlman] sof dapre li egzistan, men tout defo se pa-egzistan; chak bagay menm, dapre li se yon egzistan li gen resanblans verite-a, dapre yo pa kapab retire resanblans-la nan li; epi se pou sa mwen di tronpe, paske parapò a sa ki regade orijin aksyon-an li genyen-l apati resanblans-la, men kanta sa ki regade defo-a, kote nosyon (*ratio*) foste-a ye fòmèlman-an, se apati disanblans-la li parèt : epi se pou sa Ogusten di nan liv *Osijè vrè relijyon-an*²²² se apati disanblans-la foste-a soti.

1. Pou premye sa yo te mete kòm objeksyon-an, antan n-ap di : se pa apati nenpòt ki resanblans nanm-nan fèt pou-l tronpe-l (*decepi*) men apati gran resanblans kote yo pa kapab jwenn disanblans fasilman : epi se pou sa apati yon resanblans pi gran oubyen pi piti nanm-nan kapab vin tronpe (*decipitur*) dapre li rive jwenn disanblans-la ak plis ou mwens pèspikasite; ni non plis yo pa dwe deklare osans pròp kèk realite fo paske youn ou lòt kondui nan erè, men poutèt li tronpe plizyè moun oubyen saj. Kreati-yo menm, menm si yo pote kèk resanblans Bondye nan yo menm, poutan gen gran degre disanblans [[33]] ki fèt sot apati gran mank sajès (*insipientia*), sa rive pou resanblans sa-a ta tronpe (*decipiatur*) lespri-a. Se sa-k fè apati resan-

²²¹ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 10 (PL 32, 893).

²²² Ogusten, *De vera religione*, c. 36 (PL 34, 152).

blans ak disanblans kreati-yo parapò a Bondye yo pa kapab rive nan konklizyon yo dwe di tout kreati fo.

2. Pou dezyèm-nan, antan n-ap di gen sa ki te panse Bondye se yon kò²²³, epi kòm Bondye se inite ki fè tout bagay youn-nan, yo te panse an konsekans kò-a se te inite-a menm poutèt pròp resanblans li ak inite-a : dapre sa donk yo di kò-a se yon fo inite antan li te endui oubyen li te kapab endui kèk moun an erè pou kwè li se yon inite.

3. Pou twazyèm-nan, antan n-ap di pèfeksyon-an doub²²⁴, swa premye swa dezyèm : premye pèfeksyon-an se fòm chak bagay ki fè li gen akt egziste-a, se sa-k fè toutan yon realite rete la li pa janm pèdi-l; dezyèm pèfeksyon-an se operasyon-an, ki se aboutisman realite-a oubyen sa ki fè-l rive nan bout-la, epi pafwa realite-a kapab pèdi pèfeksyon sa-a. Apati premye pèfeksyon-an menm nou rive jwenn nosyon verite-a nan realite-yo : anefè, paske realite-a gen fòm, li imite art entelijans Bondye-a epi li jenere pròp nosyon li nan nanm-nan; men apati dezyèm pèfeksyon-an, sa ki suiv se nosyon byen-an ki vin parèt nan li apati aboutisman-an. Epi se pou sa yo jwenn mal-la osans pròp (*simpliciter*) nan realite-yo, men pa fo-a.

4. Pou katyèm-nan, antan n-ap di dapre Filozòf-la nan sizyèm liv *Etik*-yo²²⁵, verite-a li menm se byen entelijans-la : paske operasyon entelijans-la parfè lè konsepsyon li se vre, epi, poutèt enonse-a se sign entelijans-la, se pou sa verite li se pròp aboutisman-l. Poutan se pa konsa sa ye nan lòt realite-yo, epi poutèt sa se pa menm jan-an.

Onzyèm atik

Onzyèmman y-ap mande èske foste-a egziste nan [senk] sans-yo?²²⁶ Epi yo wè se pa konsa : ‘annefè, entelijans-la toujou dwat’, jan yo di nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*²²⁷; men entelijans-la se pati siperyè nan moun-nan; donk lòt pati-yo suiv dwati li, tankou sou tè-a sa ki pi gran-yo dispoze sa ki pi piti-yo dapre mouvman sa ki siperyè-a; donk ni sans-yo tou, ki se pati enferyè nan nanm-nan, li toujou dwat; donk pa gen foste nan li.

²²³ Sa-yo se Manicheyen-yo, se yo menm Ogusten ap konbat nan *De vera religione*, c. 34 (PL 34, 150).

²²⁴ Cf. Aristòt, *De anima*, II, c. 1 (412 a 10 epi 22), jan Sen Toma di nan *Super Sententiarum*, II, d. 15, k. 3. a. 1; *Contra gentiles*, III, c. 64; *Summa theologiae*, I-II, k. 31, a. 1, ad 1.

²²⁵ Aristòt, *Ethica Nicomachea*, VI, c. 2 (1139 a 27).

²²⁶ Sen Toma trete kesyon sa-a nan: *Summa theologiae*, I, k. 17, a. 2; *ibid.*, k. 85, a. 6; *Super De anima*, III, lect. 6; *Super Metaph.*, IV, lect. 12.

²²⁷ Aristòt, *De anima*, III, c. 10 (433 a 26).

2. An plis, Ogusten di nan liv *Osijè vrè relijyon-an*²²⁸ « Je-yo menm pa tronpe nou; yo pa kapab kominike anyen dèt bay nanm-nan pase sa ki afekte-yo; epi si tout sans kò-a se konsa yo kominike sa ki afekte-yo, mwen pa konnen kisa nou ta dwe egzije plis de yo ». Donk pa gen foste nan sans-yo.

3. An plis, Ansèlm di nan liv *Osijè verite-a* « Mwen pa wè dapre mwen verite-a oubyen foste-a nan sans-yo, men nan opinyon-an »; epi konsa nou gen sa yo propoze-a.

Men okontrè, gen sa Ansèlm di-a²²⁹ « Gen kèk verite nan sans nou-yo, men pa toutan : anefè yo tronpe nou kèk fwa ».

2. An plis, dapre Ogusten nan liv *Solilòk-yo*²³⁰ « yo abitye di ‘fo’ pou sa ki rete lwen resanblans verite-a, men poutan li gen kèk imitasyon verite-a »; men sans-yo pafwa gen resanblans kèk realite ki pa egziste konsa nan nati realite-yo, jan sa ye pafwa lè se youn epi yo wè de²³¹, tankou lè yo peze je-yo; donk gen foste nan sans-yo. [[34]]

3. Men li t-ap di sans-yo pa tronpe (*decipitur*) nan sansib pròp-yo men osijè [sansib] an komen-an²³². - Men okontrè, pafwa yo kapte kichòy osijè yon bagay lòt jan pase jan-l ye-a, pèsesyon-an fo; men, lè yo wè yon kò blan atravè yon vit vèt²³³, sans-la kapte-l otreman pase jan-l ye-a, paske li kapte-l kòm vèt, epi konsa li jije, sof si ta vin gen yon jijman siperyè ki ta detekte foste-a; donk sans-yo tronpe menm nan pròp sansib-yo.

Repons. Antan n-ap di : konesans nou ki kòmanse apati realite-yo, li progresse dapre lòd sa-a : dabò li kòmanse nan sans-la epi li pèfeksyone nan entèlijans-la, yon fason ki fè yo jwenn sans-la nan yon sèten fason tankou entèmedyè (*medium inter*) ant entèlijans-la ak realite-a : anefè, yo konpare-l a realite-yo kòm si li ta entèlijans-la, epi yo konpare-l ak entèlijans-la kòm si li ta yon realite. Epi se pou sa yo di gen verite ak foste nan sans-la nan de fason : yon fason dapre oryantasyon (*ordinem*) sans-la nan direksyon entèlijans-la, epi konsa yo di sans-la fo oubyen vre tankou realite-a, poutèt yo fè yon estimasyon ki vre oubyen fo fèt nan entèlijans-la; lòt fason-an se dapre oryantasyon sans-la parapò a realite-a, epi lè sa-a yo di gen verite ak

²²⁸ Ogusten, *De vera religione*, c. 33 (PL 34, 149).

²²⁹ Ansèlm, *De veritate*, c. 6 (PL 158, 473 C).

²³⁰ Ogusten, *Soliloquiorum*, II, c. 15 (PL 32, 898).

²³¹ Cf. Aristòt, *De insomnia*, c. 3 (461 b 31).

²³² Cf. Aristòt, *De anima*, III, c. 4 (427 b 11-12) epi *ibid.*, c. 6 (428 b 18). Cf. *De anima*, c. II, 13 (418 a 7 ss).

²³³ Cf. Ansèlm, *De veritate*, c. 6 (PL 158, 473 C).

foste nan sans-la tankou nan entèlijans-la, poutèt li jije sa ki egziste egziste oubyen pa egziste.

Donk si n-ap pale osijè sans-la dapre premye fason-an, lè sa-a dapre yon sèten fason nan sans-la gen foste epi dapre yon sèten fason pa gen foste : anefè sans-la alafwa yon realite nan li menm epi li endike yon lòt realite. Si kounye-a yo konpare-l ak entèlijans-la dapre li se yon realite, konsa nan okenn fason pa gen foste nan sans-la ki konpare ak entèlijans-la, paske dapre jan sans-la dispoze se konsa li demontre dispozisyon-l bay entèlijans-la : se sa-k fè Ogusten di nan pasaj (*auctoritate*) nou te site-a « Yo pa kapab kominike bay nanmnan lòt bagay pase sa ki afekte-yo ». Men si yo konpare-l ak entèlijans-la dapre li reprezante yon lòt realite, poutèt gen de lè li reprezante-l yon lòt jan pase jan-l ye-a, dapre sa yo di sans-la fo paske li kapab fè yon fo estimasyon fèt nan entèlijans-la, menm si se pa nesesèman li ta fè sa, tankou yo di osijè realite-yo²³⁴, paske entèlijans-la jije tankou si realite-yo se konsa epi apati sa sans-yo pote devan-l. Donk konsa lè yo konpare sans-la ak entèlijans-la li toujou fè yon estimasyon ki vre fèt nan entèlijans-la osijè pròp dispozisyon-l, men pa toujou osijè dispozisyon realite-yo.

Men si yo konsidere sans-la dapre yo konpare-l ak realite-a, lè sa-a nan sans-la gen foste ak verite nan fason li ye nan entèlijans-la; nan entèlijans-la menm an premye epi toudabò yo jwenn verite ak foste nan jijman k-ap konpoze epi divize, men nan fòmasyon 'kisa-li-ye-a' (*quiditas*) se sèlman poutèt oryantasyon nan direksyon jijman ki suiv fòmasyon nou sot di-a; se sa-k fè nan sans-la osans pròp (*proprie*) yo di verite ak foste paske li jije osijè sansib-yo, men dapre li kapte sansib-la pa gen verite ak foste la-a osans pròp, men sèlman dapre oryantasyon nan direksyon jijman, poutèt apati tèt pèsèpsyon-an li fèt pou-l suiv tèt oubyen tèt jijman. Konsa jijman sans-yo natirèl osijè kèk bagay, tankou osijè sansib pròp yo, osijè kèk lòt menm prèske gras a yon sèten lyen li etabli (*collationem*), - fòs pou konnen-an fè sa nan moun-nan, paske li se puisans pati sansib-la, nan plas kote estimasyon natirèl-la ye nan lòt anime-yo, - epi konsa fòs sansib la jije osijè sansib komen-yo epi sansib paraksidan-yo; men aksyon natirèl yon realite kèlkonk se toujou yon sèl fason, sof si paraksidan li anpeche oubyen poutèt yon defo entrensèk (sou anndan) oubyen yon anpèchman ekstrensèk (sou deyò); se pou sa jijman sans-la toujou vre osijè sansib pròp-yo, sof si gen yon anpèchman nan ògàn-nan oubyen [[35]] nan mwayen-an (*in medio*), men osijè sansib komen-yo oubyen

²³⁴ Cf. atik 10.

paraksidan, tanzantan jijman sans-la defayi. Epi konsa sa parèt kijan nan jijman sans-la kapab gen foste. Men osijè pèsepsyon sans-la nou dwe konnen li se pafwa yon fòs k-ap kapte (*vis apprehensiva*) ki kapte espès sansib realite sansib ki prezan-an, tankou sans pròp-yo, pafwa menm li kapte li lè realite-a pa la, tankou imajinasyon-an; epi konsa sans-la toujou kapte realite-a dapre li egziste, sof si gen anpèchman nan ògàn-nan oubyen nan mwayen-an, men imajinasyon-an nan laplipa ka-yo (*ut plurimum*) kapte realite-a dapre li pa egziste, paske li kapte-l kòm prezan lè li absan : epi se pou sa Filozòf-la di nan katriyèm liv *Metafizik-la*²³⁵ se pa sans-la ki deklare sa ki fo, men se fantezi-a (imajinasyon-an).

1. Pou premye-a donk antan n-ap di nan mond ki pi gran-an sa ki siperyè-yo pa resevwa anyen sot nan sa ki anba men se lekòtrè; men nan entèlijans moun-nan, ki siperyè, li resevwa kichòy sot nan sans-la, epi konsa se pa menm jan-an.

Pou lòt-yo solisyon-an parèt byen fasil apati sa nou sot di-yo.

Douzyèm atik

Douzyèmman y-ap mande èske gen foste nan entèlijans-la?²³⁶ Epi yo wè se pa konsa paske entèlijans-la gen 2 operasyon, sèta-di youn ki fòme esans-yo (*quiditates*) kote pa gen sa ki fo, jan Filozòf-la di nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*²³⁷; epi yon lòt k-ap konpoze epi divize, epi nan sa-a tou pa gen foste jan Ogusten montre nan liv *Osijè vrè relijyon-an*²³⁸ ki di konsa « Epi pèsonn pa kapab konprann youn jan ki fo »; donk foste-a se pa nan entèlijans-la.

2. An plis, Ogusten [di] nan liv *Katreventwa kesyon-yo*²³⁹, kesyon 32 « Tout moun ki tronpe, sa li tronpe ladan-l nan li pa konprann li »; donk nan entèlijans-la pa kapab gen foste.

3. Menm jan-an, Algazèl di²⁴⁰ ‘Oubyen nou konprann kichòy jan li ye-a oubyen nou pa konprann ditou’; men nenpòt ki moun ki konprann realite-a jan-l ye li konprann dapre verite; donk entèlijans-la toujou vre; donk pa gen foste nan li.

²³⁵ Aristòt, *Metafizik*, IV, c. 14 (1010 b 2)

²³⁶ Sen Toma abòde kesyon-an nan : *Summa theologiae*, I, k. 17, a. 3; *Super Sententiarum*, I, d. 19, k. 5, a. 1, ad 7; *Super Perihermeneias*, I, lect. 3; *Super De anima*, III, lect. 11; *Super Metaph.*, VI, lect. 4.

²³⁷ Aristòt, *De anima*, III, c. 11 (430 a 26).

²³⁸ Ogusten, *De vera religione*, c. 34 (PL 34, 150).

²³⁹ Ogusten, *LXXXIII Quaestionum*, k. 32 (PL 40,22).

²⁴⁰ Algazèl, *Metafizik*, p. I, tr. 3, sent. 11 (ed. Muckle, p. 83).

Men okontrè, Filozòf-la di nan twazyèm liv *Osiyè nanm-nan*²⁴¹ « kote gen konpozisyon entèlijans-la, se la vre ak fo-a deja ye »; donk yo jwenn foste nan entèlijans-la.

Repons. Antan n-ap di : yo pran non ‘entèlijans’-la apati konnen li konnen entimite realite-a : annefè, ‘intelligere’ (konprann) se prèske tankou ‘intus legere’ (‘lir’ anndan). Annefè, sans-yo ak imajinasyon-an konnen sèlman aksidan eksteryè-yo; se sèlman entèlijans-la ki rive atenn jous nan enteryè epi esans realite-a. Men apre sa apati pèsepsyon esans realite-yo li travay nan divès fason antan l-ap rezone epi l-ap chèche. Donk yo kapab pran non entèlijans-la nan de fason : yon fason dapre li rete sèlman nan sa kote yo te ba-l non-an anvan-an, epi konsa nou di ‘entèlijans’ (*intelligere*) osans pròp lè nou kapte esans (*quiditatibus*) realite-yo, oubyen lè nou konprann sa-yo entèlijans-la konnen tousuit lè li konnen esans realite-yo (*rerum quiditatibus*), tankou premye prensip-yo²⁴², sa nou konnen depi nou konnen tèrm-yo, se sa-k fè yo di tou entèlijans-la se dispozisyon parapò a prensip-yo (*habitus principiorum*)²⁴³. Men esans realite-a se pròp objè entèlijans-la : se sa-k fè menm jan sans-la toujou vre pou pròp sansib li-yo, konsa tou entèlijans-la nan konnen sa realite-a ye-a (*quod quid est*), [[36]] jan yo di nan twazyèm liv *Osiyè nanm-nan*²⁴⁴. Men poutan, paraksidan foste ka rive la tou, sètadi lè entèlijans-la konpoze oubyen divize yon jan ki fo, sa kapab rive nan de fason, swa lè li deklare definisyon youn pou yon lòt, tankou si li ta konsevwa ‘animal rasyonèl mòtèl’ kòm definisyon pou bourik, oubyen lè li mete ansanm (*conjugit*) kèk pati definisyon ki pa kapab ale ansanm youn ak lòt, tankou si li ta konsevwa kòm si se ta definisyon bourik : ‘animal irasyonèl imòtèl’ : annefè, sa-a fo [pou yo ta di] ‘gen kèk animal irasyonèl ki imòtèl’. Epi konsa sa parèt definisyon-an pa kapab fo sof si li enplike (*implicat*) yon afirmasyon ki fo : de mòd foste sa-yo yo konsidere-yo nan senkyèm liv *Metafizik*-la²⁴⁵. Menm jan-an tou entèlijans-la pa kapab tronpe-l menm nan premye prensip-yo. Se sa ki montre si yo konprann entèlijans-la dapre aksyon ki fè yo ba li non ‘entèlijans’-la, pa gen foste nan entèlijans-la. Yon lòt fason yo kapab konprann entèlijans-la kouramman (*communter*) se dapre li elaji sou

²⁴¹ Aristòt, *De anima*, III, c. 6 (430 a 27).

²⁴² Cf. Aristòt, *Analytica Posteriora*, I, c. 7 (72 b 23).

²⁴³ Cf. Aristòt, *Ethica Nicomachea*, VI, c. 5 (1141 a 7).

²⁴⁴ Aristòt, *De anima*, III, c. 11 (430 b 27).

²⁴⁵ Aristòt, *Metafizik*, V, c. 22 (1024 b 26).

tout operasyon-l yo, epi lè sa-a li gen ladan-l opinyon epi rezònman; epi konsa nan entelijans-la gen foste, men pa janm genyen si yo fè rezolasyon kòrèk rive nan premye prensip yo.

Epi gras a sa solisyon-an parèt pou objeksyon-yo.

* * * * *

DIZNEVYÈM KESYON

Osijè konesans nanm-nan apre lanmò-a

Premye atik

Kesyon-an se osijè konesans nanm-nan apre lanmò-a.²⁴⁶ Epi **an premye yo mande èske nanm-nan kapab konprann apre lanmò-a?** Epi yo wè se pa sa : anefè, pa gen okenn operasyon ki an komen pou nanm-nan ak kò-a ki kapab rete nan nanm-nan apre lanmò-a; men konprann se yon operasyon ki komen pou nanm-nan ak kò-a : anefè, Filozòf-la di nan premye liv *Osijè nanm-nan*²⁴⁷ « lè nou di nanm-nan konprann se menm jan ak lè yo di tise oubyen bati »; donk apre lanmò-a nanm-nan pa kapab konprann.

2. Men li t-ap di : Filozòf-la t-ap pale osijè akt konpreansyon-an (*intelligendi*) ki koresponn a (*competit*) nanm-nan dapre fas enferyè li, men se pa osijè sa ki koresponn a (*competit*) li dapre fas siperyè-a. - Men okontrè, se dapre fas siperyè nanm-nan li vire nan direksyon sa ki konsène Bondye; men moun-nan menm lè li konprann kichòy apati revelasyon Bondye-a, ‘konprann’ li-an depann de kò-a, paske fòk konpreansyon sa-a li menm tou fèt gras a vire gade imaj-yo ki nan ògàn kòporèl-la; anefè jan Deni di nan premye chapit *Yerarchi selèst-yo (Caelestis hierarchiae)*²⁴⁸ « Li enposib pou reyon [limyè] Bondye-a briye nan nou lòt fason pase antan-l vlope ak diferan vwal sakre », epi li rele ‘vwal’, fòm kòporèl-yo menm kote realite spirityèl-yo revele nan yo; donk konprann ki koresponn a (*competit*) nanm-nan dapre fas siperyè li depann de kò-a, epi konsa pa gen okenn fason pou nanm-nan konprann apre lanmò-a.

3. An plis, *Eklezyas IX,5* di « Vivan-yo konnen yo pral mouri, mò-yo menm pa konnen anyen pi plis » : esplikasyon (*glosa*) « paske yo pa ‘profite’ pi plis »; donk yo wè se swa nanm-nan pa konnen an-

²⁴⁶ Sen Toma trete kesyon sa-a nan: *Super Sententiarum*, IV, d. 50, k. 1, a. 1; *Summa theologiae*, I, k. 89, a. 1; *De anima*, a. 15; *Quodlibet*, III, k. 9, a. 1.

²⁴⁷ Aristòt, *De anima*, I, 10 (408 b 11).

²⁴⁸ Deni, *Caelestis hierarchiae*, c. 1,2 (PG 3, 121 B).

yen apre lanmò-a si yo pran 'pi plis'-la nan sans tan-an, swa omwen li pa kapab konprann sa-yo li pa-t konprann anvan-an, annefè konsa li ta kapab profite, men sa-a kontrè ak esplikasyon-an (*glosam*).

4. An plis, dapre Filozòf-la nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*²⁴⁹, tankou sans-la ye pou sansib-yo, se konsa nanm entelektif-la ye parapò a imaj-yo; men sans-la pa kapab santi anyen sof si yo prezante sansib-yo ba li, donk nanm moun-nan pa kapab konprann ki-chòy si imaj-yo pa prezante ba li; men imaj-yo pa prezante ba li apre lanmò-a, paske yo pa prezante si se pa nan kèk ògàn kòporèl; donk nanm-nan pa kapab konprann apre lanmò-a.

5. Men li t-ap di : Filozòf-la t-ap pale osijè nanm-nan dapre eta li genyen nan kò-a. [[562]] - Men okontrè, objè-a detèmine puisans-la dapre nati puisans-la menm; men nati nanm entelektif-la se menm anvan epi apre lanmò-a; donk si nanm entelektif-la te oryante nan direksyon imaj yo tankou objè li anvan lanmò-a, yo wè apre lanmò-a tou se menm jan-an, epi konsa menm jan ak anvan.

6. An plis, nanm-nan pa kapab konprann si yo retire puisans entelektif-la sot nan li; men apre lanmò-a puisans entelektif-yo, sèta-di entèlèkt ajan-an ak [entèlèkt] posib-la, pa rete nan nanm-nan; annefè, mòd puisans sa-yo koresponn a li (*competunt*) dapre inyon ak kò-a : annefè si li pa-t fè youn ak kò-a li pa ta gen mòd puisans sa-yo, tankou anj-yo pa genyen-yo; donk apre lanmò-a nanm-nan pa kapab konprann.

7. An plis, Filozòf-la di nan premye liv *Osijè nanm-nan*²⁵⁰ « konprann-nan defèt (*corrumpitur*) lè sa ki anndan-an defèt (*corrupto*) »; 'anndan' sa-a Filozòf-la ap pale-a li defèt nan lanmò-a; donk apre lanmò-a pa gen konprann non plis.

8. An plis, si nanm-nan konprann apre lanmò-a fòk li konprann gras a kèk puisans paske tou sa k-ap ajì li ajì gras a yon puisans aktif, epi sa ki sibi, li sibi poutèt yon puisans pasif. Donk swa gras a menm puisans li te genyen nan lavi tè-a (*in via*) swa gras a yon lòt : si se gras a yon lòt, lè sa-a yo wè lè li separe ak kò-a gen nouvo puisans ki vin fèt nan li, men sa-a yo pa wè li probab; men si se gras a menm-nan, ni sa-a tou yo pa wè-l, paske puisans li gen kounye-a yo anndan li an rezon inyon ak kò-a, epi inyon sa-a sispann ak lanmò-a; donk apre lanmò-a nanm-nan pa kapab konprann.

9. An plis, si puisans entelektif-la rete nan li, swa li rete sèlman dapre li fonde nan substans nanm-nan swa dapre yo konpare-l

²⁴⁹ Aristòt, *De anima*, III, c. 12 (431 a 14).

²⁵⁰ Aristòt, *De anima*, I, c. 4 (408 b 24).

avèk akt-la; men se pa dapre li ta fonde nan substans nanm-nan paske si se sèlman konsa li ta rete, li pa ta kapab konprann lòt bagay pase pròp tèt li; ni non plis dapre yo konpare-l avèk akt-la paske dapre yo konpare-l avèk akt-la li vin akonpli (*perficitur*) gras a dispozisyon (*habitus*) li te posede nan kò-a, epi dispozisyon sa-a (*habitus*) depann de kò-a; donk yo wè puisans entèlektif-la pa rete apre lanmò-a, epi konsa apre lanmò-a nanm-nan pa ta konprann.

10. An plis, tou sa yo konprann swa yo konprann li gras a esans sa k-ap konprann-nan, swa gras a esans realite yo konprann-nan, swa gras a resanblans realite yo konprann-nan ki egziste nan sa k-ap konprann-nan; men yo pa kapab di nanm-nan konprann realite-a sèlman gras a esans pròp realite yo konprann-nan paske konsa se pròp tèt li sèlman li ta konprann epi dispozisyon (*habitus*) ak lòt bagay ki prezan dapre esans li nan li menm. Menm jan-an tou yo pa kapab di li ta konprann sèlman gras a pròp esans sa k-ap konprann-nan paske lè sa-a, si pou li ta konprann sa ki diferan de li, fòk esans li ta modèl (*exemplar*) tout realite-yo, se pou rezon sa-a antan Bondye konprann pròp esans li, li konprann tout lòt bagay, men yo pa kapab di sa osijè nanm-nan. Menm jan-an tou se pa gras a resanblans realite yo konprann-yo ki egziste nan nanm-nan, paske, pi plis ankò, yo ta wè li konprann gras a espès li te vin posede nan kò-a. Ni yo pa kapab di se gras a yo menm sèlman li ta konprann, paske konsa nanm timoun-yo ki pa-t resevwa anyen apati sans-yo pa ta konprann anyen apre lanmò-a; donk yo wè nan okenn fason nanm-nan pa kapab konprann apre lanmò-a.

11. An plis, si yo ta di li konnen apati espès li te deja kreye avèk yo-a, se ta kontrè-a paske tout sa ki kreye ansanm ak nanm-nan koresponn a li (*competit*) menm jan-an antan li egziste nan kò-a oubyen antan li separe de kò-a ; donk si espès ki pèmèt nanm-nan konnen-an yo kreye ansanm ak li, rive konnen gras a mòd espès sa-yo ta koresponn a li pa sèlman lè li ta separe de kò-a, men tou pandan li nan kò-a; [[563]] epi lè sa-a yo ta wè espès li resevwa sot nan realite-yo ta an tròp (*superfluunt*).

12. Men si yo ta di lè li konjwen ak kò-a, kò-a anpeche-l pou-l ta kapab sèvi ak yo, se ta kontrè-a : si kò-a anpeche sèvi ak espès sa-yo swa se ta an rezon yo gen nati kòporèl, swa an rezon defèt yo defèt-la (*ratione corruptionis*); men se pa an rezon nati kòporèl-la paske li pa genyen anyen ki ta kontraryete pou entèlijans-la, pa gen anyen²⁵¹ ki kapab anpeche yon bagay si se pa kontrè li; ni non plis an

²⁵¹ Cf. Aristòt, *De generatione et corruptione*, I, c. 7 (324 a 2); cf. Sen Toma, *Super Sententiarum*, IV, d. 44, k. 2, a. 1, qc. 1, ag. 3.

rezon defèt-la paske konsa nan eta inosans-la lè pa-t gen mòd defèt sa-a, moun-nan ta kapab sèvi ak mòd espès sa-yo li fèt ak yo-a (*innatis*) epi konsa li pa ta bezwen sans-yo paske se gras a yo nanm-nan resevwa espès-yo sot nan realite-yo : yo wè sa-a fo; donk yo wè nanm separe-a pa konprann gras a espès li ta fèt ak yo-a (*innatas*).

13. Men si yo ta di li konprann gras a espès yo vide nan li (*infusas*), se ta kontrè-a : mòd espès sa-yo swa se Bondye ki vide-yo nan li, swa yon anj; men se pa sot nan yon anj paske konsa fòk anj-la ta kreye mòd espès sa-yo nan nanm-nan; menm jan-an tou se pa sot nan Bondye paske yo pa kapab prouve Bondye ta vide don li-yo nan sa-yo ki egziste nan lanfè, se sa-k fè yo ta rive nan konklizyon nanm-nan pa ta konprann lè-l nan lanfè; epi konsa yo pa wè se gras a espès yo vide-yo (*infusas*) nanm separe-a konprann.

14. An plis, nan senkyèm chapit dizyèm liv *Osijè Trinite-a*²⁵², antan Ogusten ap montre fason nanm-nan konnen, li di konsa poutèt nanm-nan « pa kapab pote kò-a anndan-l kòm si pou-l ta pote nati kòporèl-yo anndan rejyon nati enkòporèl-yo, li vlope (*convolvit*) imaj-yo epi li fè yo prizonye anndan li menm apati li menm; anefè, li ba yo kichòy nan substans li antan-l fòm yo, li konsève donk kichòy ki fè-l jije libreman osijè espès imaj sa-yo, epi sa-a se sitou lespri-a (*mens*), sa vle di entèlijans rasyonèl-la, ki konsève epi jije, anefè pati nanm-nan resanblans kò-yo enfòm-a nou panse (*sentimus*) nou genyen-yo an komen ak bèt-yo tou ». Dapre paròl sa-yo li eksprime jijman nanm rasyonèl-la se osijè imaj-yo ki enfòm puisans sansib-la. Men mòd imaj sa-yo pa rete apre lanmò-a paske se nan yon ògàn kòporèl yo resevwa-yo; donk ni non plis jijman nanm rasyonèl-la ki se konpreansyon-li, li pa rete nan nanm-nan apre lanmò-a.

Men okontrè, dapre [Jan] Damasèn²⁵³, okenn substans pa pèdi pròp operasyon li; men pròp operasyon nanm rasyonèl-la se konprann; donk apre lanmò-a nanm-nan konprann.

2. An plis, menm jan²⁵⁴ kichòy vin tounen pasif apati inyon li ak kò materyèl-la, konsa tou gras a separasyon sot [nan kò-a] li vin tounen aktif; anefè sa-k cho-a aji epi li sibi poutèt inyon chalè-a ak matyè-a; men si chalè-a ta san matyè, li ta aji men li pa ta sibi; donk nanm-nan tou gras a separasyon ak kò-a li vin tounen aktif nèt. Men sa puisans nanm-yo pa kapab konnen gras a yo menm menm san objè eksteryè-yo, sa koresponn a yo dèske yo pasif, jan Filozòf-la di osijè

²⁵² Ogusten, *De Trinitate*, c. 5 (PL 42, 977).

²⁵³ Jan Damasèn, *De fide*, II, c. 23 (PG 94, 949 B).

²⁵⁴ Cf. Aristòt, *De generatione et corruptione*, I, c. 7 (324 b 4 ss).

sans-la nan dezyèm liv *Osijè nanm-nan*²⁵⁵; donk nanm-nan ta kapab konprann gras a li menm menm apre li fin separe ak kò-a antan li pa resevwa [anyen] apati kèk objè.

3. An plis, Ogusten di nan nevyèm liv *Osijè Trinite-a*²⁵⁶, « lespri-a li menm menm tankou li ranmase ansanm (*alligit*) enfòmasyon (*notiones*) realite kòporèl-yo gras a sans kò-a, konsa tou pou realite enkòporèl-yo gras a pròp tèt pa-l »; men li menm li toujou prezan pou pròp tèt pa-l; donk li ta kapab konprann omwen realite enkòporèl-yo.

4. An plis, jan sa parèt nan pasaj (*auctoritate*) Ogusten nou site-a, nanm-nan konnen realite kòporèl-yo dapre li vlope epi li kapte imaj-yo nan li menm menm; men li kapab fè sa-a ak plis libète [[564]] apre li fin separe sot nan kò-a, pi plis toujou paske Ogusten ta di li fè sa osijè pròp tèt pa-l nan pasaj nou site-a; donk lè li separe ak kò-a li kapab konprann pi byen.

5. An plis, nan liv *Osijè lespri-a ak nanm-nan*²⁵⁷ yo di lè nanm-nan separe ak kò-a li trennen puisans li-yo avèk li; men poutèt rezon-an, yo di puisans li-yo kapab konnen (*cognoscitiva*); donk apre lanmò-a li kapab konnen.

Repons. Antan n-ap di : jan Filozòf-la di nan premye liv *Osijè nanm-nan*²⁵⁸, si pa ta gen okenn nan operasyon nanm-nan ki ta pou li an pròp, sètadi pou li ta genyen-l san kò-a, li ta enposib pou nanm-nan li menm ta separe ak kò-a : anefè, operasyon nenpòt realite se tankou aboutisman li paske li pi bon nèt nan li²⁵⁹; se sa-k fè menm jan nou kenbe (*sustinemus*) avèk fèmte dapre lafwa katolik-la²⁶⁰ nanm-nan rete apre lanmò-a, separe ak kò-a, konsa tou li nesèsè pou nou kenbe (*sustinemus*) lè li egziste san kò-a li kapab konprann. Men, fason li konprann-nan difisil pou konsidere, poutèt li nesèsè pou mete li gen yon lòt fason pou-l konprann ki diferan de sa li genyen kounye-a, paske kounye-a sa parèt klè li pa kapab konprann sof si li vire nan direksyon imaj-yo, ki pa rete ditou apre lanmò-a.

Gen kèk [moun] menm ki di menm jan kounye-a li resevwa espès realite sansib-yo gras a sans-yo, konsa tou lè sa-a li ta kapab

²⁵⁵ Aristòt, *De anima*, II, c. 10 (417 a 2 ss); Sen Toma, *Super Sententiarum*, III, d. 3, k. 2, a. 1, ag. 5.

²⁵⁶ Ogusten, *De Trinitate*, c. 3 (PL 42, 963).

²⁵⁷ Ogusten, *De spiritu et anima*, c. 15 (PL 40, 791).

²⁵⁸ Aristòt, *De anima*, I, c. 2 (403 a 10).

²⁵⁹ Aristòt, *De caelo*, II, c. 4 (286 a 8).

²⁶⁰ Fo-Ogusten, *De eccl. Dogm.*, c. 16 (PL 58, 984 C-D); cf. Sen Toma, *Contra gentiles*, II, c. 70.

resevwa-yo san entèvansyon okenn sans. Men yo wè sa-a enposib, paske sot nan yon ekstrèm al nan yon lòt pa gen travèse si se pa gras a yon entèmedyè; espès-la menm gen yon egzistans ki materyèl nèt (*maxime materiale*) nan realite sansib-la li menm, nan entèlijans-la menm [yon egzistans] ki spirityèl nan pi ro degre (*summe spirituale*), se sa-k fè fòk li travèse nan sa-k spirityèl-la gras a kèk degre, yon jan ki fè li gen yon egzistans ki pi spirityèl nan sans-la pase sa li genyen nan realite sansib-la, epi pi spirityèl ankò nan imajinasyon-an pase nan sans-la, epi konsa konsa antan l-ap monte.

Se sa-k fè gen kèk lòt²⁶¹ ki di apre lanmò-a li konprann gras a espès realite-yo li te resevwa apati sans-yo lè li te nan kò-a epi li konsève nan nanm-nan. Men opinyon sa-a nenpòt ki moun ki ta suiv li, opinyon Avisèn-nan prouve li fo (*improbatur*)²⁶². Paske kòm nanm entèlektif-la pa sèvi ak yon ògàn kòporèl²⁶³ an rezon (*in ratione*) li se entèlijans-la, pa gen kichòy ki kapab nan pati entèlektif nanm-nan sof an rezon (*in ratione*) li entèlijib. Men nan fakilte (*in virtutibus*) ki sèvi ak ògàn kòporèl-yo kichòy kapab konsève pa an rezon sa ki kone-sab-la men tankou kèk sijè kòporèl, pou rezon sa-a sa rive gen kèk puisans sansib ki pa toujou kapte an akt espès ak entansyon vize ki konsève nan yo-a, jan sa parèt pou imajinasyon-an ak memwa-a : epi konsa yo wè anyen pa konsève nan pati entèlektif-la sof sa yo kapte an akt, epi konsa apre lanmò-a nanm-nan pa gen okenn fason pou-l konprann apati espès li te resevwa anvan-yo. Men yo wè sa-a se pa vre, paske tou sa yo resevwa nan yon lòt yo resevwa-l nan li dapre fason sa k-ap resevwa-a. Epi kòm substans imateryèl-la gen yon egzistans ki pi fiks epi stab pase substans kòporèl-la, nan pati entèlektif-la yo resevwa espès-yo yon jan pi fèm epi ak mwens chanjman pase nan nenpòt ki realite materyèl; epi menm si yo ta resevwa-yo nan li dapre yo entèlijib (*secundum rationem intelligibilis*), sa pa vle di poutan fòk yo toujou konprann-yo an akt, paske yo pa toujou nan li nan yon akt parfè ni nan yon puisans pur men nan yon akt enkonplè ki entèmedyè ant puisans-la avèk akt-la, sa se lè kichòy egziste abityèlman (*habitualmente*) nan entèlijans-la, se sa-k fè menm Filozòf-la vle pou nanm entèlektif-la se plas kote (*locus*) espès-yo ye nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*²⁶⁴, poutèt li kenbe-yo epi li konsève-yo nan li. Men poutan mòd espès sa-yo yo resevwa anvan-an epi yo konsève-yo pa sifi pou

²⁶¹ Sanble se ta Bonavantur, cf. *Super Sententiarum*, IV, d. 50, p. 11, a. 1, k. 1 (p. 1046).

²⁶² Avisèn, *De anima*, V, c. 6 (f. 25vb ss).

²⁶³ Cf. Aristòt, *De anima*, III, c. 7 (429 a 26).

²⁶⁴ Aristòt, *De anima*, III, c. 4 (429 a 27).

konesans yo dwe mete nesèsman nan nanm separe-a, swa poutèt nanm timoun-yo swa tou poutèt gen anpil bagay nanm separe-a pral konnen [[565]] nou menm nou pa konnen kounye-a, tankou soufrans lanfè-a ak lòt bagay menm jan-an.

Epi se pou sa gen lòt ki di menm-si nanm separe-a pa resevwa apati realite-yo, men li ta genyen pouvwa pou-l konfòme pròp tèt li ak realite l-ap konnen-yo, lè li an prezans realite-yo, tankou nou wè imajinasyon-an konpoze kèk fòm apati pròp tèt li, sa li pa-t janm resevwa gras a sans-yo. Men sa-a tou pa kapab kanpe paske li enposib pou kichòy ta menm-nan k-ap kondui tèt li sot nan puisans al nan akt; nanm-nou an puisans parapò a resanblans (*similitudinem*) realite-yo ki fè-l konnen-an, se sa-k fè fòk yo pa vin an akt (*efficientur in actu*) gras a nanm-nan li menm, men gras a kichòy ki gen resanblans sa-yo an akt swa gras a realite-yo menm, swa gras a Bondye kote tout fòm-yo an akt. Se sa-k fè ni imajinasyon-an ni entèlijans-la pa konpoze okenn fòm tou nèf sof apati kèk ki te deja egziste tankou li konpoze fòm yon mòn annò apati resanblans lò ak mòn ki deja egziste.

Epi se konsa gen lòt ki di²⁶⁵ fòm-yo ki pèmèt nanm separe-a konprann-nan se Bondye ki enprime-yo nan li depi nan kreyasyon li, gen kèk ki kwè se gras a yo tou nou konnen kounye-a, yon jan ki fè gras a sans-yo nanm-nan pa vin posede (*acquiruntur*) nouvo espès men sèlman yo eksite nanm-nan pou-l wè (*intuendas*) espès-yo li gen nan li, dapre sa disip Platon-yo te di, yo ki te vle pou aprann se pa ta anyen dèt pase sonje. Men eksperyans-la kontredi opinyon sa-a; anefè²⁶⁶ nou wè moun ki manke yon sans li manke yon syans, kifè sa ki pa gen vizyon-an li pa kapab gen syans osijè koulè-yo, sa pa ta kapab fèt si nanm-nan pa-t bezwen resevwa apati sans-yo espès-yo ki fè-l konnen-yo. Dapre kèk lòt menm, nanm-nan ki ini ak kò-a pa konprann anyen gras a espès sa-yo li kreye ak yo-a, poutèt anpèchman kò-a; li vin konprann gras a yo lè li vin separe de kò-a. Men sa-a tou yo wè-l difisil (*durum*), pou kò-a ta jennen totalman espès ki nan nanm-nan natirèlman alòske inyon (*conjunctio*) kò-a ak nanm-nan pa aksidantèl pou nanm-nan men li natirèl; anefè nou pa jwenn de ki natirèlman se yon sèl realite pou youn ta anpeche lòt-la totalman, joutan pou lòt-la ta san rezilta (*frustra*), pozisyon sa-a tou pa dakò ak opinyon Filozòf-la nan twazyèm liv *Osijè nanm-nan*²⁶⁷ ki konpare entèlijans nanm moun-nan ak yon tablo kote anyen pa ekri.

²⁶⁵ Disip Platon-yo.

²⁶⁶ Cf. Aristòt, *Analytica Posteriora*, I, c. 30 (81 a 38).

²⁶⁷ Aristòt, *De anima*, III, c. 4 (429 b 31).

Epi se pou sa fòk nou di otreman chak bagay resevwa enfliyans apati sa ki siperyè anlè li dapre fason pròp egzistans li. Nan rasyonèl-la menm resevwa egzistans li yon fason entèmedyè ant fòm separe-yo ak fòm materyèl-yo. Fòm separe-yo, sa vle di anj-yo, resevwa egzistans-yo apati Bondye san yo pa depann de kèk matyè ni nan kèk matyè; men fòm materyèl-yo resevwa egzistans apati Bondye antan yo egziste nan matyè-a epi yo depann de matyè-a, paske san matyè-a yo pa kapab konsève; men nanm rasyonèl-la vin gen akt egzistans li sot nan Bondye antan li egziste nan matyè-a poutèt li se fòm kò-a, epi poutèt sa li fè youn ak kò-a dapre egzistans-la, men li pa depann de kò-a paske akt egzistans nanm-nan kapab konsève san kò-a. Epi se pou sa nanm rasyonèl-la resevwa enfliyans apati Bondye yon fason entèmedyè ant anj-yo ak substans materyèl-yo. Annefè li resevwa limyè entelektyèl-la yon fason pou konesans entelektyèl-li gen oryantasyon nan direksyon kò-a poutèt li resevwa imaj-yo apati puisans kò-a epi li dwe vire gade-yo antan li konsidere-yo an akt; nan sa yo jwenn li pi ba (enferyè) anj-yo. Epoutan limyè sa-a pa mare (*obligatum*) ak kò-a kòm si pou se yon ògàn kòporèl ki ta akonpli operasyon-l; nan sa-a yo jwenn li anlè (siperyè) tout fòm materyèl, ki pa opere si se pa nan yon operasyon kote li kominye ak matyè-a. Men lè nanm-nan separe ak kò-a, yon fason pou li gen pròp egzistans li ki pa ni [[566]] depann de kò-a ni egziste nan kò-a, lè sa-a tou li resevwa enfliyans konesans entelektyèl-la pou li pa mare (*obligata*) ni ak kò-a prèske kòm si se ta gras a kò-a li aji (*exerceatur*) ni li pa gen okenn oryantasyon nan direksyon kò-a. Epi konsa lè yo vide (*infunditur*) nanm-nan ki kreye anvan kò-a, yo pa ba li kichòy osijè konesans entelektyèl-la sof atravè puisans kòporèl-yo, sètadi pou gras a entelekt ajan-an li kapab fè sa-yo ki entèlijib an puisans apati imaj-yo tounen entèlijib an akt, epi gras a entèlèkt posib-la pou-l resevwa espès entèlijib-yo yo fin detache konsa (*sic abstractas*). Epi tou se sa-k fè tout tan li egziste an inyon ak kò-a nan eta vwayajè-a (*in statu huius viae*) li pa konnen ditou sa espès-yo konsève nan li-yo si se pa nan gade anndan imaj-yo. Epi poutèt sa tou okenn revelasyon Bondye pa fèt pou li si se pa anba espès imaj-yo, ni non plis li pa kapab konprann substans separe-yo, poutèt yo pa kapab konnen-yo ase gras a espès sansib-yo. Men lè li va genyen egzistans ki separe ak kò-a (*a corpore absolutum*), lè sa-a li va resevwa enfliyans konesans entelektyèl-la nan fason sa-a tankou kote anj-yo resevwa-yo san okenn oryantasyon parapò a kò-a, sètadi li va resevwa espès realite-yo apati Bondye li menm; ni non plis li pap bezwen tounen al nan okenn imaj pou konprann an akt gras a espès sa-yo [Bondye ba li-yo] oubyen sa-yo li te

rive genyen anvan-an; antouka li kapab wè substans separe-yo tou, sètadi anj-yo oubyen demon-yo, ak konesans natirèl menm si li pap [wè] Bondye paske yo pa pèmèt okenn kreati sa san gras-la.

Apati tou sa-yo nou kapab rezime (*colligi*)²⁶⁸ nanm-nan apre lanmò-a konprann dapre twa fason : yon fason gras a espès li te resevwa sot nan realite-yo lè-l te nan kò-a; yon lòt fason gras a espès Bondye vide nan li-yo lè l-ap separe ak kò-a; twazyèm fason-an antan li wè substans separe-yo epi espès realite-yo nan yo. Men dènye sa-a pa anba pouvwa desizyon-l, men pi plis anba desizyon substans separe-yo ki ouvri entèlijans-yo antan yo pale (*loquendo*) epi fèmen-l antan yo pe, nan yon lòt kote nou te di kijan pale sa-a ye (*locutio*)²⁶⁹.

1. Pou premye-a donk n-ap di operasyon entèlijans-la ki an komen pou nanm-nan ak kò-a se operasyon ki koresponn a fason nanm entèlektif-la an rapò ak puisans kòporèl-yo, swa yo konsidere-yo dapre pati siperyè nanm-nan swa dapre enferyè-a. Men apre lanmò-a nanm-nan ki separe ak kò-a gen operasyon li pa fè gras a yon ògàn kòporèl ni tou ki pa gen oryantasyon pou kò-a.

2. Epi konsa solisyon-an parèt pou dezyèm-nan.

3. Pou twazyèm-nan, antan n-ap di sitasyon sa-a (*auctoritas*) pale osijè merit ki gen pou vini-yo, sa parèt apati yon lòt esplikasyon (*glosa*) ki di menm kote-a : « Genyen ki deklare merit-yo grandi oubyen diminye apre lanmò-a » pou yo kapab konprann yo pa progrese nan anyen pi plis parapò a konesans-la, sètadi pou merit-yo ak rekonsans-yo ta pi gran, oubyen yo ta dwe gen konesans ki pi klè osijè yo, men pa yon fason pou sa yo pa-t konnen anvan apre yo ta vin konnen-l. Li konstate pèn lanfè-yo yo pa konnen kounye-a lè sa-a y-ap konnen-yo.

4. Pou katriyèm-nan, antan n-ap di nan twazyèm liv *Osiyè nanm-nan* Filozòf-la ap pale sèlman osijè entèlijans-la lè li ini ak kò-a, anefè otreman konsiderasyon osijè entèlijans-la parapò a sa-k nan nati-a pa ta kenbe la-a.

5. Pou senkyèm-nan, antan n-ap di menm-si se menm nati-a nanm-nan genyen anvan lanmò-a ak apre lanmò-a kanta mezi espès-la, poutan se pa menm fason li egziste, epi an konsekans li pa gen menm mòd operasyon.

